O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M ORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MAMLEKETLIK UNIVERSITETI

*Qol jazba huqı’qı’nda*
*UDK: 002.703:494.3*

**Temirbaeva Madina Jumabaevna**

# «Gazeta redakciyasi’ jumi’slari’n jobalasti’ri’w ha’m woni’n’ a’hmiyeti («Erkin Qaraqalpaqstan», «Vesti Karakalpakstana» gazetalari’ materiallari’ mi’sali’nda)»

**Magistratura bo’limi**
**5A220101 – Jurnalistika (xi’zmet tu’rleri) qa’nigeligi**
**Magistrlik akademiyali’q da’rejesin ali’w ushi’n jazi’lg’an dissertaciya**

**MAK da jaqlawg’a ruxsat berildi**

**Magistratura bo’limi basli’g’i’: doc. A.Gulimov**

**Kafedra basli’g’i’: doc. Z.Worazi’mbetova**

**Ilimiy basshi’: doc. Q.Qalekeev**

**No’kis-2015**

MAZMUNI’

**KIIRISIW**

1. BAP. GAZETA JUMI’SLARI’N JOBALASTI’RI’WDI’N’ A’HMIYETI........**3**

**1.1. Redakciya islerin sho’lkemlestiriwde sekretariatti’n’ tutqan worni’.........9**

**1.2. Gazeta jumi’slari’n jobalasti’ri’w tu’rleri ha’m redakciya rejesinin’ a’hmiyeti.......................................................................................17**

2. BAP. GAZETANI’N’ JAN’A SANI’ USHI’N TEMATIKA, RUBRIKA TAN’LAW HA’M REDAKCIYAG’A KELGEN XATLARDI’ JOBALASTI’RI’W........................................................................**32**

**2.1. Globallasi’w da’wiri gazeta materiallari’n tematikali’q jaqtan rejelestiriwde milliy qa’diriyatlarg’a mu’na’sebet ma’selesi................32**

**2.2. Ja’miyetlik-siyasiy gazetalardag’a rubrika tan’law wo’zgesheligi...........39**

**2.3. Redakciya islerin rejelestiriwde gazetag’a kelgen xatlardi’n’ a’hmiyeti..47**

3.BAP. REDAKCIYA XI’ZMETINDE BIZNES-REJENI JOBALASTI’RI’W...**57**

**3.1. Redakciyani’n’ biznes is rejesi. Biznes rejelestiriwdin’ maqseti ha’m tu’rleri..........................................................................................57**

**3.2. Redakciya jumi’slari’n jobalasti’ri’wda mediabiznes tiykarlari’.........65**

JUWMAQ..........................................................................................**75**

PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR DIZIMI.............................................**79**

## KIRISIW

**Temani'n' aktualli'g'i'.** Bu'gingi globallasi'w da'wirinde informacon texnologiyalardi'n' tez pa't penen rawajlani'wi' xabar ag'i'mi'ni'n' ja'ne de u'lken tezlikte ha'reketleniwine, ma'limleme bazasi'ni'n' ku'sheyip bari'wi'na tiykar jaratti'. Bunday sharayatta g'alaba xabar qurallari' ken' ja'miyetshilikti tuwri', haqi'yqi'y ha'm obektiv mag'li'wmat penen ta'miyinlewi menen birge, wo'z imiji ha'm auditoriyasi'na iye boli'wi' talap yetiledi. Sebebi bu'gingi informaciya almasi'w wog'ada globallasqan sha'rayatta adamlar turmi'si'n informaciya ha'm g'alaba xabar qurallari'si'z ko'z aldi'mi'zg'a keltiriw mu'mkin yemes. A'sirese, ma'mleketimizdin' demokratiyali'q huqi'qi'y ma'mleket ha'm ashi'q puqarali'q ja'miyet quri'w joli'nan barati'rg'an ha'zirgi basqi'shta baspaso'z ha'm g'alaba xabar qurallari'ni'n' worni' ayri'qsha.

O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Prezidenti I.A.Karimov Oliy Ma'jilistin' Ni'zamshi'li'q palatasi' ha'm Senati'ni'n' qospa ma'jilisinde shi'g'i'p so'ylegen so'zinde g'alaba xabar qurallari' xi'zmetkerlerine u'lken itibar qaratqan halda: «Bu'gin biz demokratiyali'q processlerdi teren'lestiriw, xali'qti'n' siyasiy belsendiligin artti'ri'w, puqaralardi'n' ma'mleketimiz siyasiy ha'm ja'miyetlik turmi'si'ndag'i' a'meliy qatnasi' haqqi'nda so'z yeter yekenbiz, a'lbette, ma'limleme yerkinligin ta'miynlemesten g'alaba xabar qurallari'n adamlar wo'z pikir ideyalari'n, boli'p ati'rg'an waqi'yalarg'a wo'z mu'na'sibeti ha'm poziciyasi'n yerkin bildire alatug'i'n minberge aylandi'rmay turi'p, bul maqsetlerge yerisip bolmasli'g'i'n wo'zimiz jaqsi' bilemiz»[1] - dep ayri'qsha atap ko'rsetti.

Hu'rmetli Prezidentimiz I.A.Karimov atap wo'tkenindey g'alaba xabar qurallari'n ken' ja'miyetshiliktin' jan'ali'q, waqi'ya ha'm ha'diyselerge wo'z mu'na'sibeti ha'm poziciyasi'n yerkin bildire alatug'i'n minberge aylandi'ri'wda ha'm gazeta woqi'wshi'lari'n haqi'yqi'y ha'm obektiv mag'li'wmatlar penen ta'miyinlewde redakciya islerin jobalasti'ri'w ma'seleleride u'lken a'hmiyetke iye.

---

[1] O'zbekiston Respublikasi Prezidenti IIslom Karimovning O'zbekiston Respublikasi Oliy Majlisi Qonunchilik palatasi va Senatining 2010 yil 12 noyabrdagi qo'shma majlisidagi "Mamlakatimizda demokratik isloh'otlarni yanada chuqurlashtirish va fuqarolik jamiyatini rivojlantirish koncepciyasi" mavzusidagi maruzasini o'rganish bo'yicha / O'quv-uslubiy majmua. – Toshkent: 2010.

Bu’gingi ilim ha’m informacion texnologiyalardi’n’ rawajlani’wi’ jetilisken g’alaba xabar qurallari’ xi’zmetinin’ jan’asha strukturali’q du’ziliske iye boli’wdi’ talap yetedi. Sonli’qtan da, zamanago’y gazeta redakciyalari’ jumi’slari’n jobalasti’ri’wdi’n’ a’hmiyetin Qaraqalpaqstan baspaso’zi materiallari’ tiykari’nda analiz yetiw bu’gingi jurnalistika tarawi’ndag’i’ aktual ma’selelerden biri boli’p yesaplanadi’.

**Izertlew obekti ha’m predmeti.** Magistrlik dissertaciya jumi’si’mi’zdi’n’ obekti tiykari’nan g’a’rezsizlik da’wiri Qaraqalpaqstan baspaso’zi, atap aytqanda, «Erkin Qaraqalpaqstan» ha’m «Vesti Karakalpakstana» gazetalari’ boli’p yesaplanadi’.

Izertlewdin’ predmeti si’pati’nda respublikami’zdi’n’ jetekshi basi’li’mlari’ bolg’an «Erkin Qaraqalpaqstan» ha’m «Vesti Karakalpakstana» gazetalari’ redakciyalari’ni’n’ gazeta jumi’slari’n sho’lkemlestiriw rejeleri, gazetani’n’ jan’a sani’ ushi’n tematika, rubrika tan’law ha’m redakciyag’a kelgen xatlardi’ jobalasti’ri’w ma’seleleri u’yrenildi.

**Jumi’sti’n’ maqseti ha’m wazi’ypalari’.** «Erkin Qaraqalpaqstan» ha’m «Vesti Karakalpakstana» gazetalari’ redakciyalari’ni’n’ gazeta jumi’slari’n jobalasti’ri’w wo’zgesheligin u’yreniw ha’m woni’n’ wo’zine ta’n qa’siyetlerin ani’q mi’sallar tiykari’nda analiz yetiw arqali’ ilimiy juwmaqqa keliw izertlewdin’ tiykarg’i’ maqseti boli’p yesaplanadi’.

Bul maqsetke yerisiw ushi’n to’mendegishe ani’q wazi’ypalardi’ a’melge asi’ri’w lazi’m:

- gazeta jumi’slari’n jobalasti’ri’wdi’n’ a’hmiyetin uyreniw;
- redakciya islerin sho’lkemlestiriwde sekretariatti’n’ tutqan worni’ belgilew;
- gazeta jumi’slari’n jobalasti’ri’w tu’rleri ha’m redakciya rejesin ko’rsetip beriw;
- gazetani’n’ jan’a sani’ ushi’n tematika, rubrika tan’law ha’m redakciyag’a kelgen xatlardi’ jobalasti’ri’w ma’selelerin analiz yetiw;

- redakciyani'n' biznes is rejesi ha'm media-biznesti rejelestiriwdin' maqseti ha'm tu'rlerin u'yreniw;

- redakciya jumi'slari'n jobalasti'ri'wda mediabiznes tiykarlari'n belgilew.

**Izertlewdin' tiykarg'i' ma'seleleri ha'm boljawlari'.** Izertlewde tiykari'nan zamanago'y gazeta basi'li'mlari'ni'n' redakciya jumi'slari'n jobalasti'ri'w usi'llari' ha'm woni'n' a'hmiyeti ma'seleleri u'yrenildi. Xabar texnologiyalari'ni'n' rawajlani'wi' menen redakciya jumi'slari'n rejelestiriw, gazetani'n' jan'a sani'ni'n' maketin tayarlaw ha'm wog'an rubrika, tematika tan'law bari'si'nda jan'asha jantasi'wlar ju'zege kelmekte. Usi' ko'z-qarastan redakciya jumi'slari'n jobalasti'ri'w tu'rleri ha'm formalari'nda na'tiyjelilikke yerisiw usi'llari'ni'n' rawajlani'wi' ku'tilmekte.

**Tema boyi'nsha a'debiyatlardi'n' qi'sqasha analizi.** Magistrlik dissertaciyami'z ushi'n tan'lag'an tema boyi'nsha bu'gingi ku'nge shekem arnawli' izertlew jumi'slari' ali'p bari'lmag'an. Biraq rus ali'mi' S.A.Samoletovti'n' «Kak delaetsya gazeta?»[1] dep atalg'an woqi'w metodikali'q qollanbasi' ha'm D.Bekbawlievti'n' «Men redakciyadan»[2], «Gazeta qalay shi'g'adi'?»[3] atamasi'ndag'i' woqi'w qollanbalari' gazeta shi'g'ari'w processlerin, redakciya islerin rejelestiriw ma'selelerin toli'q qamti'p alg'an. Bunnan ti'sqari' S.M.Gurevich, F.A.Muminov, SH.Usnatdinov, N.Qosimova, N.Toshpolatova, N.Shofayzieva, N.Muratova, A.Ermatovlardi'n' woqi'w ha'm a'meliy qollanbalari'ni'n'[4] ma'lim bir bo'limleri gazeta jumi'slari'n jobalasti'ri'w ha'm redakciyada biznes-rejelestiriw ma'selelerine bag'i'shlang'an. Biz izertlewimizde bul miynetlerden pari'qli' tu'rde gazeta redakciya jumi'slari'n jobalasti'ri'wda rubrikali'q, tematikali'q jaqtan materiallardi' rejelestiriw, redekciyag'a kelgen

[1] Samoletov S. Kak delaetsya gazeta? – Sant-Peterburg: SPbGU. 1999. – 44 str.
[2] Bekbawliev D. Men redakciyadan – N No'kis: Qaraqalpaqstan. 1993. – 33 bet.
[3] Bekbawliev D. Gazeta qalay shi'g'adi'?! – No'kis: Bilim. 2011. – 92 bet.
[4] Gurevich S.M. Gazeta: Vchera, segodnya, zavtra. Uchebnoe posobie dlya vuzov / S.M.Gurevich. – M.: Aspekt Press, 2004. – 288 str.; Muminov F.A. Texnika sredstv massovoy informacii i propagandi'. – T.: TashGU. 1986; Usnatdinov Sh. Jurnalistikag'a kirisiw. – – No'kis: Qaraqalpaqstan. 2009. – 184 bet; Muminov F.A. Qosimova N., Toshpolatova N., Shofayzieva N., Muratova N., Ermatov A. Bosma ommaviy axborot vositalari tah'ririyatlari uchun qo'llanma. – T.: 2008. – 146 bet

xatlardi' jobalasti'ri'w, mediabiznesti rejelestiriwdin' maqseti ha'm tu'rleri haqqi'nda bir qatar ani'qlamalardi' ilgeri su'rdik.

Ilimiy jumi'sti'n' teoriyali'q da'rejesin bekkemlewde ha'm materiallar analizi tiykari'nda ju'zege kegen pikirlerimizdi da'lillewde baspaso'z ha'm g'alaba xabar qurallari' redakciyalari', jurnalistika teoriyasi' ha'm praktikasi' boyi'nsha jazi'lg'an fundamental miynetlerden paydalandi'q.

**Izertlewde qollani'lg'an metodlari'.** Temani' izertlewde sali'sti'rmali' analiz metodi' qollani'ldi'.

**Izertlewdin' teoriyali'q ha'm a'meliy a'hmiyeti.** Magistrlik dissertaciya jumi'si'mi'zda redakciya jumi'slari'n jobalasti'ri'w bari'si'nda rubrikali'q, tematikali'q jaqtan materiallardi' rejelestiriw, redekciyag'a kelgen xatlardi' jobalasti'ri'w, mediabiznesti rejelestiriwdin' maqseti ha'm tu'rleri boyi'nsha teoriyali'q pikirler ilgeri su'rildi. Sonli'qtan da, gazetani'n' jan'a sani'n shi'g'ari'w ha'm redakciya islerin jobalasti'ri'wdi'n' ani'qlamasi'n u'yreniwde teoriyali'q a'hmiyetke iye.

Magistrlik dissertaciyami'zdi'n' juwmaqlari'nan ha'm ilimiy izertlew bari'si'nda ali'ng'an analiz na'tiyjelerinen Qaraqalpaqstan baspaso'zi ha'm gazeta shi'g'ari'w menen qi'zi'g'i'wshi'lar, izertlewshiler, jurnalistika qa'nigeliginin' studentleri, magistrler paydalani'wi' mumkin. Sonday-aq, jurnalistika qa'nigeliginin' baralavr bag'dari'nda wo'tiletug'i'n «Gazeta shi'g'ari'w», «Baspaso'z a'meliyati'» pa'nlerinen lekciya tekstlerin qayta islewde, tarqatpa materiallar, ko'rgizbe qurallar ha'm woqi'w qollanbalar tayarlawda a'meliy a'hmiyetke iye.

**Izertlewdin' ilimiy jan'ali'g'i'.** Magistrlik dissertaciyami'zdi'n' ilimiy jan'ali'g'i' gazeta redakciya jumi'slari'n jobalasti'ri'wda rubrikali'q, tematikali'q jaqtan materiallardi' rejelestiriw, redekciyag'a kelgen xatlardi' jobalasti'ri'w, mediabiznesti rejelestiriwdin' maqseti ha'm tu'rleri, rawajlani'w basqi'shlari', beriliw wo'zgesheligi ha'm woni'n' wo'zine ta'n qa'siyetleri «Erkin Qaraqalpaqstan» ha'm «Vesti Karakalpakstana» gazeta redakciyalari' tiykari'nda

birinshi ma'rtebe u'yrenilip, gazeta redakciyalari' jumi'slari'n jobalasti'ri'wdi'n' a'hmiyetine uli'wmali'q si'patlama berilip ati'rg'anli'g'i' menen belgilenedi.

Sonday-aq, izertlewde globallasi'w da'wiri gazeta materiallari'n tematikali'q jaqtan rejelestiriwde milliy qa'diriyatlarg'a mu'na'sebet ma'seleside ani'q mi'sallar tiykari'nda analiz yetilip tiyisli juwmaqlar shi'g'ari'ldi'.

Redakciya xi'zmetinde biznes-rejeni jobalasti'ri'w bari'si'nda mediabiznestin' maqseti, tu'rleri ha'm woni'n' teoriyali'q tiykarlari' «Erkin Qaraqalpaqstan» ha'm «Vesti Karakalpakstana» redakciyalari' tiykari'nda u'yrenilip tiyisli qag'i'ydasi'ni'n' isleniwide izertlewimizdin' ilimiy jan'ali'g'i'n belgileydi.

**Magistrlik dissertaciya jumi'si'ni'n' metodologiyali'q tiykari'.** Magistrlik dissertaciyami'zdi'n' metodologiyali'q tiykari' yetip biz yen' aldi' menen O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan respublikalari'ni'n' Konstituciyalari'na[1], O'zbekistan Respublikasi'ni'n' g'alaba xabar qurallari', baspa ha'm poligrafiyali'q xi'zmetin ta'rtipke sali'wshi' ni'zam ha'm qararlarg'a[2] ha'mde O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Prezidenti I.A.Karimovti'n' miynetlerinde[3] ilgeri su'rilgen pikirlerge su'yendik.

**Izertlew na'tiyjelerinin' ja'riyalani'wi'.** Izertlew na'tiyjeleri ha'm juwmaqlari'ni'n' mazmuni' Berdaq ati'ndag'i' Qaraqalpaq ma'mleketlik universiteti Qaraqalpaq filologiyasi' fakulteti jurnalistika qa'nigeligi studentlerine pedogogikali'q a'meliyat wo'tiw bari'si'nda woqi'ti'lg'an lekciyalarda, sonday-aq, avtordi'n' respublikali'q ilimiy-teoriyali'q konferenciya materiallari'nda ha'm

[1] O'zbekiston Respublikasining Konstituciyasi. – T.: O'zbekiston. 2001 – 115 b; Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'. – N.: Qaraqalpaqstan. 1993/ – 112 b.

[2] Twrtinchi h'okimiyat: O'zbekiston Respublikasining qonunlari, qarorlari va boshqa h'ujjatlari to'plami. – T.: Meh'nat. 2003.–186 b.

[3] Karimov I.A. Ozod va obod vatan, erkin va farovon h'ayot – pirovard maqsadimiz. T.8. – Toshkent: O'zbekiston, 2000; Karimov I.A. Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. – T.: Manaviyat. 2002; Karimov I.A. Milliy istiqlol mafkurasi – xali'q etiqodi va kelajakka ishonichidir. – Toshkent: O'zbekiston. 1998. Karimov I.A. Bizning bosh maqsadimiz-jamiatni demokratiyalashtirish va yangilash, mamlakatni modernizaciya va isloh' etishdir.- T.:O'zbekiston. 2005; Karimov I.A. Havfsizlik va barqaror taraqqiet yo'lida.T.6.-T.: O'zbekiston. 1998; Karimov I.A. Eng asosiy mezon – h'ayot h'aqiqatini aks ettirish. – Toshkent: O'zbekiston, 2009; Karimov I.A. Elimizdi modernizaciyalaw h'a'm ku'shli puh'arali'q ja'miyet quri'w – en' a'h'miyetli maqsetimiz // «Erkin Qaraqalpaqstan». 30-yanvar. 2010-ji'l; O'zbekiston Respublikasi Prezidenti Islom Karimovning O'zbekiston Respublikasi Oliy Majlisi Qonunchilik palatasi va Senatining 2010 yil 12 noyabrdagi qo'shma majlisidagi "Mamlakatimizda demokratik isloh'otlarni yanada chuqurlashtirish va fuqarolik jamiyatini rivojlantirish koncepciyasi" mavzusidagi maruzasini o'rganish bo'yicha / O'quv-uslubiy majmua. – Toshkent: 2010.

ilimiy maqalalar toplamlari'nda ja'riyalang'an maqalalari'nda wo'z sa'wleleniwin tapqan. Atap aytqanda, O'zbekistan ma'mleketlik ja'ha'n tilleri universitetide «Waqi't, informaciya, internet: jan'alani'w tendenciyalari' ha'm rawajlani'w basqi'shlari'» atamasi'nda wo'tkerilgen respublikali'q konferenciya materiallari' toplami'nda, «Jurnalistikani'n' a'hmiyetli ma'seleleri» atamasi'nda Tom Milliy universitetide shi'g'ari'lg'an Jas ilimpazlardi'n' miynetleri toplami'nda ha'm Berdaq ati'ndag'i' Qaraqalpaq ma'mleketlik universiteti magistratura bo'limi ta'repinen sho'lkemlestirilgen Magistrantlardi'n' ilimiy miynetleri toplami'nda ja'riyalang'an.

**Dissertaciyani'n' du'zilisi h'a'm sıpatlaması.** Magistrlik dissertaciyami'zdi'n' du'zilisi Kirisiw, jeti bo'limdi wo'z ishine alg'an u'sh tiykarg'i' bap, juwmaqlaw ha'm paydalani'lg'an a'debiyatlar diziminen ibarat.

Kirisiw bo'liminde temani'n' aktualli'g'i', izertlew obekti ha'm predmeti, jumi'sti'n' maqseti ha'm wazi'ypalari' ha'm t.b. ashi'p berilgen.

Birinshi bap «Gazeta jumi'slari'n jobalasti'ri'wdi'n' a'h'miyeti» dep atalg'an boli'p, ol «Redaktsiya islerin sho'lkemlestiriwde sekretariatti'n' tutqan orni'» h'a'm «Gazeta jumi'slari'n jobalasti'ri'w tu'rleri h'a'm redaktsiya rejesinin' a'h'miyeti» degen eki bo'limdi o'z ishine aladi'.

Ekinshi bap «Gazetani'n' jan'a sani' ushi'n tematika, rubrika tan'law h'a'm redaktsiyag'a kelgen xatlardi' jobalasti'ri'w» dep atalg'an. Ol u'sh bo'limnen ibarat.

U'shinshi bap «Redaktsiya xi'zmetinde biznes-rejeni jobalasti'ri'w» dep atali'p, «Redaktsiyani'n' biznes is rejesi. Biznes rejelestiriwdin' maqseti h'a'm tu'rleri» h'a'm «Redaktsiya jumi'slari'n jobalasti'ri'wda mediabiznes tiykarlari'» degen eki bo'limdi o'z ishine aladi'.

Dissertatsiyani'n' juwmaqlaw bo'liminde temani' u'yreniw da'wirinde ju'zege kelgen uli'wmali'q pikirler, ilimiy juwmaqlar, izertlew na'tiyjeleri ori'n alg'an.

# 1. BAP. GAZETA JUMI'SLARI'N JOBALASTI'RI'WDI'N' A'HMIYETI

## 1.1. Redakciya islerin sho'lkemlestiriwde sekretariatti'n' tutqan worni'

Bu'gingi globallasi'w da'wirinde turmi'si'mi'zdi' informaciya ha'm g'alaba xabar qurallari'si'z ko'z aldi'mi'zg'a keltiriw mu'mkin yemes. Milliy baspaso'z ha'm g'alaba xabar qurallari'ni'n' rawajlani'wi'n bunnan won-onbes ji'l buri'ng'i' da'wir menen sali'sti'ri'p bolmaydi'. A'sirese, keyingi won ji'l ishinde du'nya arenesi'nda xabar almasi'w boyi'nsha ku'shli ba'sekege iye bolg'an informaciya bazalari' tan' qalarli'q da'rejede ko'beydi. Ha'zirgi waqi'tlarda wolardi'n' xi'zmetinen barli'q g'alaba xabar qurallari' ten'dey paydalani'p ati'r.

O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Prezidenti I.A.Karimov bul haqqi'nda «Elimizdi modernizaciyalaw ha'm ku'shli puha'rali'q ja'miyet quri'w – yen' a'hmiyetli maqsetimiz» atli' bayanati'nda bi'lay deydi: «Bu'gin turmi'si'mi'zdi'n' wo'zi aldi'mi'zg'a puharali'q ja'miyeti institutlari' sistemasi'nda g'alaba xabar qurallari'ni'n' worni' ha'm rolin tag'i' da bekkemlew wazi'ypasi'n qatan' tu'rde qoymaqta. G'alaba xabar qurallari'n bunnan bi'layda yerkinlestiriw, ma'mleketlik yemes baspaso'z basi'li'mlari', radio, televidenienin' jumi'si'n janlandi'ri'w, wolardi'n' Internet global tarmag'i'na kiriw imkaniyatlari'n keneytiw ali'p bari'li'p ati'rgan reformalar siyasati'ni'n' ashi'q aydi'nli'g'i'n ha'm ja'riyali'li'g'i'n ta'miynlewge, ku'shli puha'rali'q ja'miyetinin' izbe-iz qa'liplesiwine ma'det beriwi da'rkar»[1]

Bu'gingi globallasi'w a'sirinde informaciyag'a bolg'an talap ku'sheyip ati'rg'ani'n yesapqa ali'w kerek. Solay yeken, qali's ha'm haqi'yqi'y mag'li'wmatlardi' tarqati'w, xali'qti'n' bul wo'nimge bolg'an talabi'n qanaatlandi'ri'w bu'gingi ku'nde a'hmiyetli yesaplanadi'.[2]

Gazeta basi'li'mlari'ni'n' auditoriyag'a sapali', tarti'mli' ha'm i'qsham hali'nda jetip bari'wi'nda redakciya jumi'slari'n jobalasti'ri'w u'lken a'hmiyetke

---

[1] Karimov I.A. Elimizdi modernizaciyalaw h'a'm ku'shli puh'arali'q ja'miyet quri'w – en' a'h'miyetli maqsetimiz // «Erkin Qaraqalpaqstan». 30-yanvar. 2010-ji'l

[2] O'zbekiston Respublikasi Prezidenti Islom Karimovning O'zbekiston Respublikasi Oliy Majlisi Qonunchilik palatasi va Senatining 2010 yil 12 noyabrdagi qo'shma majlisidagi "Mamlakatimizda demokratik isloh'otlarni yanada chuqurlashtirish va fuqarolik jamiyatini rivojlantirish koncepciyasi" mavzusidagi maruzasini o'rganish bo'yicha / O'QUV-USLUBIY MAJMUA. – Toshkent: 2010

iye. Redakciya jumi'slari'n rejelestiriwde Bas redaktordan baslap, ba'rshe xi'zmetkerlerge u'lken juwapkershilik ju'kleydi. A'sirese, redakciya jumi'lari'n jobalasti'ri'wda ha'm sho'lkemlestiriwde sekretariatti'n' atqaratug'i'n xi'zmeti ayri'qsha. Sebebi, gazetani' shi'g'ari'w procesi tikkeley sekretariatti'n' xi'zmeti menen baylani'sli' a'melge asi'ri'ladi'. Sonli'qtanda, sekretariatti' gazeta redakciyasi'ni'n' «ju'regi», wondag'i' jumi's processlerin iske tu'siriwshi «matori'» dep ati'wi'mi'z mu'mkin. Bul haqqi'nda Sank-Peterburg universiteti jurnalistika fakultetinin' ali'mi' Sergey Samoletov wo'zinin' «Gazeta qalay shi'g'adi'?» atamasi'ndag'i' miynetinde: «Sekretariat gazeta redakciyasi'ni'n' «shtabi'», «basli' bo'limi» - dep ataydi', – gazetani'n' jan'a sani'n shi'g'ari'wg'a tayarlawda u'lken rol woynaydi'. Sekretariatti'n' qa'lipleskenine wonsha ko'p bolmag'an bolsada (20-30-ji'llarda), bu'gingi ku'nde bul bo'limnin' xi'zmetisiz gazetani' baspadan shi'g'ari'w mu'mkin yemes. Soni'n' ushi'nda sekretariatti'n' wori'nlaytug'i'n xi'zmeti specifikali'q jaqtan ju'da' a'hmiyetli.»[1] -dep ko'rsetedi.

Redakciya sekretariati' haqqi'nda Qaraqalpaqstan Respublikasi'na xi'zmet ko'rsetken jurnalist Sh.Usnatdinov bolsa: «Redakciya sekretariyati' – redakciyani'n' bas shtabi' yamasa «ju'regi» dep ataladi'. Sekretariat – redakciyali'q ma'kemenin' ku'ndelikli jumi's ha'm jazi'w-si'zi'wlari'n ali'p baratug'i'n, gazetani'n' belgilengen waqi'tta u'zliksiz shi'g'i'wi'n ta'miyinleytug'i'n worgan»[2] -dep ko'rsetedi wo'zinin' woqi'w qollanbasi'nda.

Redakciya sekretariyati' atqaratug'i'n xi'zmettin' funkciyasi'n yeki tiykarg'i' bag'darg'a bo'liw mu'mkin:

1. Gazetani'n' jan'a sani'n shi'g'ari'wda texnikali'q-sho'lkemlestiriw isleri.

2. Redakciya rejesin qayta islew ha'm tasti'yqlati'w.

Redakciyani'n' bo'limlerinde tayarlani'p, bo'lim basli'g'i', wori'nbasi'ri', yamasa bas redaktor ta'repinen redaktorlani'p, gazetag'a jariyalawg'a tayar bolg'an materiallar sekretariatqa kelip tu'sedi. Sekretariata ha'r bir material menen

---

[1] Samoletov S. Kak delaetsya gazeta? – Sant-Peterburg: SPbGU. 1999. – S. 14
[2] Usnatdinov Sh. Jurnalistikag'a kirisiw. – No'kis: Qaraqalpaqstan. 2009. – B. 117.

tani'si'p shi'g'i'ladi' ha'm woni' gazetani'n' qaysi' sani'na, qaysi' betine, qanday dizayn menen beriw kerekligi jobalasti'ri'ladi'. Usi' materiallar tiykari'nda kelesi gazeta betleri maketlestiriledi ha'm gazetani'n' jan'a sani' jobalasti'ri'ladi'.

«Gazetada jumi's islewshi jurnalistlerdi yeki toparg'a bo'lip qarawg'a boladi', - dep ko'rsetedi ilimpaz, tariyx ilimlerinin' kandidati' D.Bekbawliev wo'zinin' «Gazeta qalay shi'g'adi'?!» atamasi'ndag'i' woqi'w metodikali'q qollabasi'nda. – Birinshi toparg'a kiriwshi jurnalistler ja'ma'a'tte ko'pshilikti qurap, bul toparg'a informaciyalardi', haqi'yqi'y jurnalistlik materiallar negizinde maqalalar jazatug'i'n xi'zmetkerler kiredi. Bug'an xabarshi'lar, gazetani'n' wo'z xabarshi'lari', arnawli' xabarshi'lar, shtattan ti's xabarshi'lar ha'm tag'i' basqalar kirse, yekinshi toparg'a – bezewshiler (oformitel), dizayn ha'm de texnikali'q xi'zmetkerler boli'p, wolardi'n' wazi'ypalari' ha'r qi'yli' tematikadag'i' materiallardi' mazmuni'na, a'hmiyetlilik da'rejesine qarap gazeta palasalari'na ja'mlestiriw, ji'ynaw, buni'n' kompoziciyali'q ha'm ma'nilik birlikke a'hmiyet qarati'w, zamanago'y redakciyali'q-poligrafiyali'q texnologiyalardan paydalani'w arqali' gazetani'n' dizayni, grafikasi', bezeliwi, su'wretli materiallardi'n' wori'nli' worni'na qoyi'li'wi'na itibar qaratadi'. Bul toparg'a kiriwshi xi'zmetkerlerdi biriktiriwshi bo'lim sekretariat dep ataladi'. Al sekretariati' bolsa gazetani'n' juwapli' xatkeri basqaradi'».[1]

Sekretariatti'n' strukturasi' ha'm woni'n' qurami' ha'r gazeta redakciyasi'nda ha'r tu'rli du'ziliske iye boli'wi' mu'mkin. Bunday du'ziliske iye boli'wi'ni'n' tiykarg'i' sebepleri yen' da'slep, gazetani'n' yekonmikali'q bazasi'na, shi'g'i'w jiyligine, tiraji'na baylani'sli' boladi'. Eger «Erkin Qaraqalpaqstan» ha'm «Vesti Karakalpakstana» gazetalari' masali'nda ali'p qaraytug'i'n bolsaq, bul gazeta redakciyasi'nda sekretariatqa u'lken juwapkershilik ju'kletilgen. «Erkin Qaraqalpaqstan» ha'm «Vesti Karakalpakstana» gazetalari' sekretariati'ni'n' qurami'na, juwapli' xatker, woni'n' wori'nbasarlari', kompyuter woperatorlari', dizayner, korrektorlar, gazeta shi'g'ari'wshi' (vi'puskashiy), rayonlar boyi'nsha u'sh wo'z xabarshi'lar atap aytqanda, Shomanay, Qanli'ko'l,

[1] Bekbawliev D. Gazeta qalay shi'g'adi'?! – No'kis: Bilim. 2011. – B. 35.

Moynaq, Qon'i'rat rayonlari' boyi'nsha wo'z xabarshi'si' (Wo'.Wo'tewliev), Ellikqala, Beruniy, To'rtkil rayonlari' boyi'nsha wo'z xabarshi'si' (Q.Reymov), A'miwda'rya, Xojeli, Taxiyatash rayonlari' boyi'nsha wo'z xabarshi'si' (2015-ji'ldi'n' fevral ayi'na shekem A'.Worazov), sonday-aq, fotoxabarshi' ha'm xojali'q xi'zmetkerleri kiredi. Demek, sekretariat gazetani'n' auditoriyasi'ni'n' ko'leminen, nusqa sani'ni'n' tiraji'nan, yen' a'hmiyetlisi gazetani'n' ekonomikali'q halati'nan kelip shi'g'adi'. Respublikami'zdi'n' jetekshi gazetasi' sekretariati'nda da wo'z xabarshi'lardi' rayonlarg'a bo'listiriwde jetispewshilik ko'zge taslanadi'. Ma'selen, A'miwda'rya, Xojeli, Taxiyatash rayonlari' boyi'nsha wo'z xabarshi'si'ni'n' bolmawi'n gazetani'n' ekonomikali'q jag'dayi'nan kelip shi'qqan dep tu'siniw mu'mkin.

Gazeta materiallari'n jaylasti'ri'wda sekretariat, yag'ni'y juwapli' xatkerlin' sheberligi u'lken rol woynaydi'. «Gazetani'n' shi'rayli' ha'm de mazmunli' boli'p shi'g'i'wi' sekretariattag'i' jumi'slardi'n' sapasi'na, iskerligine, sheberligine baylani'sli'. Bo'limlerde tayarlang'an materiallar yen' aldi' menen sekretariatqa kelip tu'sedi ha'm de usi' bo'limlerdin' usi'ni'si' menen gazetani'n' jan'a sani'ni'n' maketi du'ziledi. Sekretariat redakciyali'q ken'este qaralg'an maqalalarg'a ayti'lg'an si'n pikirlerdin' wori'nlani'wi'n qadag'alap woti'radi'. Keshiktiriwge bolmaytug'i'n materiallar bolsa, maketke wo'zgeris kirgizedi.

Sekretariat woriginaldi'n' teriliwge waqti'nda beriliwin, materiallardi'n' qanday ha'riplerde, ha'tte zagolovkalardi'n', rubrikalardi'n' qanday formada jazi'li'wi'n, lineykalardi'n' u'lken yaki kishiligin, su'wretlerdin' jaylasi'w ta'rtibin ani'q makette ko'rsetip beredi. Sonli'qtan da, sekretariat xi'zmetkerlerinen gazeta basi'p shi'g'ari'wdi'n' texnikasi'n, shi'g'i'w procesin jaqsi' biliwdi qatan' talap yetedi. Gazeta ha'm jurnallardi'n' basi'p shi'g'ari'wdi'n' texnikasi'n toli'q men'gergen halda materiallardi' worni'-worni'na qoyi'w, ha'riplerdi, bas temalardi' ha'r qi'yli' bezew yamasa zamanago'y dizayn ma'selesine itibar qarati'w u'lken a'hmiyetke iye. Gazeta betlerinin' suli'w, ko'rkem, tarti'mli'

boli’p shi’g’i’wi’ sekretariat xi’zmetkerlerinin’ do’retiwshilik izleniwshiliklerinin’ na’tiyjesi boli’p tabi’ladi’.»[1]

Sekretariat ra’smiy xabar ha’m materiallardi’ xabar agentliklerinen aladi’. Materialar qansha ko’p bolsa sekretariat ushi’n tan’law imkaniyati’ sonshellik artadi’. Na’tiyjede gazetani’n’ sapasi’ artadi’ ha’m qi’zi’qli’ boli’p shi’g’i’wi’n ta’miyinleydi.

A’lbette, gezeta si’pati’ tek g’ana materiallardi’n’ ko’pligi menen belgilenbeydi. Gazetada ja’riyalang’an maqalalarda grammatikali’q, stilistikali’q ha’m texnikali’q qa’te-kemshilikler bolmawi’ kerek. «Sekretariat gazeta betlerinde ha’rip qa’teleri (grammatikali’q) ketip qalmawdi’ qadag’alaydi’. So’zlerdin’ naduri’s teriliwi, familiyalardi’n’ qa’te jazi’li’wi’, ayi’ri’m so’zlerdin’ tu’sip qali’wi’, illyustraciyali’q materiallardi’n’ ani’qli’qti’n’ jetispewi qa’legen gazetani’n’ abroyi’n tu’siredi. Mine, usi’nday qa’te kemshiliklerdi jibermew, jumi’s procesin qatal ta’rizde sho’lkemlestiriw ha’m basshi’li’q yetiw juwapli’ xatkerge baylani’sli’. Sonli’qtan da, u’lken gazetalarda juwapli’ xatker - ba’rinen buri’n ja’ma’a’t basshi’si’ ha’m «Ideya menen ta’miyinlewshi» ku’sh si’pati’nda ta’n ali’nadi’. Juwapli’ xatker jurnalistlerdin’ tili menen aytqanda gazetani’n’ «Bas injeneri» wazi’ypasi’nda atqaradi’. Wol reti kelgende redakciyali’q ken’eske qoyi’latug’i’n ma’selelerdi de tayarlaydi’. Bunday jag’dayda za’ru’r bolg’an texnikali’q jumi’slardi’ (materiallardi’ tayarlaw, polosa maketin islew, verstkalaw) menen woni’n’ wori’nbasari’ shug’i’llanadi’. Juwapli’ xatker barli’q jumi’s procesin qadag’alap woti’radi’ ha’m juwmaqlawshi’ formasi’n tan’laydi’. Soni’n’ menen birge juwapli’ xatker jobalasti’ri’w jumi’slari’ menen de tikkeley shug’i’llani’p ayi’ri’m bo’limlerdin’ jumi’slari’n qadag’alap bari’wi’ mu’mkin. Ko’birek bunday jag’dayda juwapli’ xatker «Xatlar ha’m informaciya» bo’limleri menen islesedi. Jurnalistlerdin’ qa’lem haqi’lari’n belgilep beredi.»[2]

«Erkin Qaraqalpaqstan» ha’m «Vesti Karakalpakstana» gazetalari’ sekretariati’nda juwapli’ xatker wori’nbasari’ menen birgelikte gazetani’n’ jan’a

---

[1] Bekbawliev D. Gazeta qalay shi’g’adi’?! – No’kis: Bilim. 2011. – B. 36.
[2] Bekbawliev D. Gazeta qalay shi’g’adi’?! – No’kis: Bilim. 2011. – B. 36-37

sani'n maketlestirew, jumi's procesin qadag'alap bari'w si'yaqli' islerdi wo'zi wori'nlaydi'.

Juwapli' xatkerdin' wori'nbasari' gazetani'n' jan'a sani'n shi'g'ari'wg'a tayarlaw bari'si'nda barli'q texnikali'q jumi'slardi' a'melge asi'radi'. Tekstlerdi, illyustraciya materiallari'n tan'lawg'a ha'm redaktorlawg'a, maketlerdi du'ziwge, palosalardi'n' verstkalani'w basqi'shlari'n qadag'alawg'a, ha'tte wolardi'n' korrekturasi'n woqi'w procesine de basshi'li'q yetedi. Soni'n' menen qatar wori'nbasar, juwapli' xatker, na'wbechi redakciyali'q ken'es ag'zasi' ha'm bo'lim basli'qlari' menen ti'g'i'z baylani'sta jumi's ali'p baradi'.

Gazetani'n' jan'a sani'n shi'g'ari'wdi' ha'm woni'n' islerin jobalasti'ri'wda gazeta shi'g'ari'wshi' (vi'puskayushiy)ni'n' xi'zmeti u'lken a'hmiyetke iye. Rus ali'mi' S.Samoletov gazeta shi'g'ari'wshi'ni'n' islerin joqari' bahalap, woni'n' wazi'ypalari'n to'mendegishe belgilep ko'rsetedi:

«– gazetani'n' jan'a sani'n islew boyi'nsha du'zilgen makettin' verstka procesinin' duri's a'melge asi'ri'li'wi'n qadag'alaw;

– gazetani'n' grafikte ko'rsetilgen waqti'nda shi'g'i'wi'n ta'miyinlewdi qadag'alap bari'w;

– redaktorlaw ha'm de redaktorlaw procesinde ko'rsetilgen qa'telerdi worni' worni'na qoyi'w procesine qatnasi'w, yeger avtor ha'm de sekretariat xi'zmetkerleri menen baylani'si'w mu'mkinshiligi bolmay qalg'an jag'dayda materiallarg'a tiyisli wo'zgeris kirgiziw;

– woqi'li'p, qa'teleri du'zetilgen materiallardi' tiyisli wori'nlarg'a (korrektorg'a, sekretariatqa, bo'limlerge, redaktorg'a h.t.b.) waqti'nda jetkerip beriw;

– gazetani'n' belgilewshi sani'na (signalni'y yekzemplyar) «baspag'a ruxsat yetiledi» dep qol qoyadi'.»[1]

Juwapli' xatkerge tikkeley bag'i'ni'shli' bo'limlerdin' biri «illyustraciya» bo'limi boli'p, bul bo'limge bildredaktor, fotoxabarshi' ha'm xudojnikler kiredi.

[1] Samoletov S. Kak delaetsya gazeta? – Sant-Peterburg: SPbGU. 1999. – S. 17

Bu’gingi ku’nde gazeta-jurnallarda fotosu’wretler menen berilgen materiallar yamasa xabarlar auditoriyani’n’ itibari’na tez tu’sedi. Ani’g’i’raq aytqanda, fotojurnalistikani’ jurnalistikani’n’ basqa tarawlari’nan wo’zgesheligin xarakterleytug’i’n yen’ tiykarg’i’ qa’siyeti bul – fotosu’wretti qabi’llaw tezligi boli’p tabi’ladi’. Bul wo’zgeshelik informacion processte u’lken rol woynaydi’. Auditoriyani’n’ qabi’llaw tezligin u’nemleydi ha’m wo’zgeshe yeffekt beredi. Subektlik – wobektlik qatnasi’qlarda jurnalistika do’retpesinin’ belgili ni’zamlarg’a i’layi’qlari’ tabi’ladi’. Jurnalistikada su’wretlengen dunyani’n’ xarakteri tuwrali’ ko’binese texnikani’n’ rolin ko’beytip aytami’z ha’m usi’dan juwmaq shi’g’ari’li’di’. Jurnalistikada du’nyani’ (shi’nli’qti’) ko’rsetiw mexanikali’q akt yemes. Fotomateriallar gazeta ha’m jurnallarda wo’zine tek realli’qti’ ja’mleydi. Sonday-aq, fotosu’wretler avtordi’n’ subektlik pikirlerin de sa’wlelendiredi. Sebebi, fotokamera fotoxabarshi’ni’n’ vidioiskatel arqali’ ko’rip ati’rg’an dunyani’n’ g’ana ko’redi. Bul fotojurnalisttin’ wobekt tanlaw sheberligi menen baylani’sli’ boli’p tabi’ladi’. «Illyustraciyali’q materiallardi’ tan’law – gazetani’n’ jan’a nomerin tayarlawdi’n’ yen’ a’hmiyetli basqi’shlari’nan yesaplanadi’. Jaqsi’ tan’lang’an illyustraciya gazeta betlerin tek bezep g’ana qoymastan, woqi’wshi’ ushi’n tarti’mli’ da yetedi. Fotosu’wret – bul anaw yaki mi’naw waqi’ya yamasa insan wo’mirine baylani’sli’ waqi’ya yaki jan’ali’qti’ belgili da’rejede ta’sirli yetip jetkerip beriwshi informaciya boli’p tabi’ladi’.»[1]

Fotojurnalistikada emperikali’q da’reje bul – predmetlik da’reje, woni’n’ ishinde faktler tuwrali’ ayti’ladi’, ko’rsetiledi. Ja’miyetlik turmi’sta boli’p ati’rg’an bul emperikali’q da’reje janrli’q jaqtan informacion xarakterdegi fotomateriallar arqali’ ko’rsetiledi. Bul tiptegi fotomateriallarda avtor woy-pikirin qalay sa’wlelendirgenligine qarati’ladi’. Fotosu’wret wo’zinde sezgirlik worientlerdi saqlag’anli’qtan woni’ emperikali’q da’rejede woqi’w mu’mkin.

Juwapli’ xatkerdin’ yaki woni’n’ wori’nbasari’ni’n’ talapnamasi’ tiykari’nda bo’limde gazetani’n’ jan’a sani’ ushi’n ha’m keyingi yeki sani’ ushi’n illyustraciyali’q materiallar tan’lanadi’. Tiykari’nan gazetada

[1] Samoletov S. Kak delaetsya gazeta? – Sant-Peterburg: SPbGU. 1999. – S. 18.

fotokorrespondentlerdin’ yen’ jan’a su’wretleri ja’riyalanadi’. Soni’n’ menen birge barli’q u’lken gazetalarda fotokorrespondentlerdin’ miynetleri saqlanatug’i’n fotoarxivler boladi’. Mi’sali’: «Erkin Qaraqalpaqstan» ha’m de «Vesti Karakalpakstana» gazetalari’ belgili fotojurnalist R.Saydov, A.Muratov, K.Worazov, B.Allashevti’n’ tu’sirgen fotosu’wretlerin berip barmaqta. Wolar «Tariyxqa aylang’an su’wretler» atamasi’nda beriledi.

Bu’gingi ku’ndegi texnikali’q ha’m texnologiyali’q jetiskenlik gazeta - jurnallardi’n’ fotografiyali’q-illyustaciyali’q dizayninin’ rawajlani’wi’na ha’m si’patli’ shi’g’i’wi’na imkaniyat jarati’p berdi.

Illyustraciyali’q materiallardi’ tan’law ha’m tayarlaw jumi’slari’na bildredaktor juwap beredi. Wol gazetani’n’ illyustraciyali’q sapali’ bezeliwine tikkeley juwap beretug’i’n adam. Bildredaktor illyustraciyali’q materiallardi’ tan’lap ali’p, woni’ ha’r bir polosag’a, ha’r bir sani’na jaylasi’wi’n ta’miyinleydi h.t.b. Tan’lap ali’ng’an su’wretlerdi juwapli’ xatkerge yaki woni’n’ wori’nbasari’na usi’ni’s yetedi. Bul jerde bildredaktordi’n’ xi’zmetin illyustraciya bo’limi basli’g’i’ xi’zmeti menen almasti’ri’p almaw kerek. Bo’lim basli’q bul – administrator, bildredaktor – woni’n’ qarawi’ndag’i’ do’retiwshi xi’zmetker. Bildredaktor ha’r su’wretli materialg’a do’retiwshilik penen qatnas jasaydi’. Ha’zirgi waqi’tta bildredaktor ha’m bo’lim basli’q wazi’ypasi’n ko’pshilik redakciyalarda bir adam atqaradi’.

Redakciya xi’zmetkerleri ta’repinen tayarlang’an illyustraciyali’q materiallar menen bir qatarda ha’r qi’yli’ agentlikler ta’repinen tarlang’an fotosu’wretlerde gazeta betlerinde ja’riyalani’p bari’ladi’. A’dette, agentlikler redakciyalar menen informaciya almasi’w ha’m jetkerip turi’w haqqi’nda sha’rtnamalar tiykari’nda jumi’s ali’p baradi’. Buri’n agentliklerdin’ fotomateriallari’ arnawli’ paketlerde pochta arqali’ jetkeriletug’i’n yedi. Ha’zir bolsa, kompyuter setlerinde grafikali’q fayllar tiykari’nda gazetada paydalani’w ushi’n jetkerip beriledi. Bunday usi’l su’wretli ko’rinislerdi qabi’l yetiw ushi’n ha’r ta’repleme qolayli’ ha’m informaciyani’n’ tez woperativ qabi’l yetiliwine mu’mkinshilik beredi.

Solay yetip, gazeta sani'ni'n' si'patli' ha'm qi'zi'g'i'rli', ko'rkem ha'm shi'rayli' boli'p shi'g'i'wi'nda, redakciya jumi'slari'n jobalasti'ri'wda sekretariati'ni'n' xi'zmeti wog'ada u'lken yekenligin ko'remiz.

## 1.2. Gazeta jumi'slari'n jobalasti'ri'w tu'rleri ha'm redakciya rejesinin' a'hmiyeti

Bu'gingi ku'nde xabar texnologiyalari'ni'n' rawajlani'wi' barli'q tarawlardi'n' jumi's processlerinde u'lken jan'alani'wlardi' ju'zege keltirmekte. «Du'nyada payda boli'p ati'rg'an jan'a ekonomikali'q ha'm siyasiy processler, jan'asha informacion texnologiyalardi'n' ju'zege keliwi barg'an sayi'n jetilistiriliwi na'tiyjesinde payda bolg'an wo'zgerisler adamlardi'n' socialli'q ha'm professional xi'zmetine baylani'sli' barli'q tarawlar qatari'nda zamanago'y jurnalistikag'a da sezilerli da'rejede ta'sir ko'rsetpekte. Ilim ha'm texnikani'n' tez pa't penen rawajlani'wi', xi'zmettin' barli'q salalari'nda xabar sistemalari'ni'n' yengiziliwi ha'm wolardi'n' ken' tu'rde qollani'li'wi' adamlardi'n' ku'ndelikli, da'stu'riy turmi's ta'rizine, wo'ndiris a'meliyati'na ta'sir yetip, woni'n' jan'a formalari'n jaratpaqta. Al bul, wo'z gezeginde, jan'a a'sirdin' ayqi'n sa'wlelengen wo'zgesheligine aylandi'.»[1]

Informacion texnologiyalari'ni'n' tez pa't penen rawajlani'p barati'rg'an bu'gingi ku'nde gazeta redakciyalari' jumi'slari'n aldi'nnan rejelestirip qoyi'w, jobasi'n du'zip shi'g'i'w gazeta sani'n shi'g'ari'wg'a tayar turi'wg'a xi'zmet yetedi. Redakciya jumi'slari'n jobalasti'ri'wdi'n' tiykari'nda tezlik penen bu'gingi ku'nnin' talabi'na beyimlesiw, aldi'nnan pikirlew, tu'siniw, principialli'li'q ha'm redakciya islerin ta'rtiplestiriw jatadi'.

Redakciya jumi'slari'n jobalasti'ri'w – bul tiykari'nan belgilengen wo'ndirislik ta'rtip, gazetani'n' aldi'na qoyg'an perspektivali' jumi'sti', isleniwi kerek bolg'an ilajlardi', jaqi'n keleshekke mo'lsherlengen bag'darlamalardi' izbe-

[1] Rashidova D. Muratova N. Internet jurnalistika.-T.: 2007. 4-b.

izlikte, basqi'shpa-basqi'sh wori'nlap bari'wdi'n' joybari'. Wonda isleniwi ku'tilip turg'an jumi'slardi'n' rejesi, woni'n' waqti', wori'nlani'w mu'ddeti, maqseti ha'm basqada ko'rsekishler wori'n ali'wi' mu'mkin.

Redakciya jumi'slari'n jobalasti'ri'w haqqi'nda ali'm D.Bekbawliev wo'zinin' miynetinde: «Redakciya jumi'slari'n jobalasti'ri'w – bul materiallardi' wori'n-worni'na wornalasti'ri'wdi'n' maketi yemes, al baspaso'z worgani'ni'n' belgili bir waqi'tta isleytug'i'n jumi'slari'ni'n' programmasi'. Turmi'sta boli'p ati'rg'an waqi'yalar menen jan'ali'qlardi' aldi'n-ala boljap biliw qi'yi'n. Aytayi'q, ilimde u'lken ashi'li'wlardi'n' yamasa uli'wma xali'qli'q a'hmiyetke iye bolg'an wo'zgerislerdin' boli'wi', ma'mleketlik jan'a pa'rmanlardi'n' shi'g'i'wi'. Bunday jag'dayda gazeta bul waqi'yalar jobada qarasti'ri'lg'an joq, – dep qol-qawsi'ri'p woti'ra almaydi'. Redakciyali'q jobag'a qosi'msha talaplar, wo'zgerisler kirgiziledi. Gazeta jan'ali'qlardi', jetiskenliklerdi, ashi'li'wlardi' wo'z woqi'wshi'lari'na jetkeriw menen birge aldi'n'g'i' ta'jiriybelerdi ken' ja'ma'a'tshiliktin' iygiligine aylandi'radi'. Solay yetip, redakciya jumi'slari'n jobalasti'ri'w degenimiz – aldag'i' bolatug'i'n waqi'yalardi' boljaw problemali'q temalardi' bag'darlaw boli'p tabi'ladi'.»[1] - dep duri's bahalaydi'.

Redakciya jumi'slari'n jobalasti'ri'w gazetani'n' jan'a sani'n shi'g'ari'wdi' jen'illestiredi ha'm redakciyada ta'rtipli jumi's processin payda yetedi.

Ha'r bir redakciyani'n' is rejesi wo'zinin' specifikasi'na qaray wo'zgeshelenedi. Ma'selen, ja'miyetlik-siyasiy gazetalarda - ko'birek siyasatqa, awi'l xojali'q islerine, a'debiy gazetalarda - a'debiyatqa, balalar basi'li'mlari'nda – jas wo'spirimlerge, sport gazetalari'nda bolsa sportqa beyimlestirip jobalasti'radi'. Sonday-aq, jobalasti'ri'w gazetani'n' ko'lemine, woni'n' shi'g'i'w jiyiligine (ha'ptede, ayda neshe ret shi'g'adi'), redakciyani'n' du'zilisine ha'm gazetani'n' mazmuni'na baylani'sli' da a'melge asi'ri'ladi'.

Redakciyali'q joba basi'li'mni'n' Uli'wmali'q rejesinen, woni'n' Ustavi'nan kelip shi'g'adi'. Ma'selen, «Erkin Qaraqalpaqstan» ha'm «Vesti Karakalpakstana»

[1] Bekbawliev D. Gazeta qalay shi'g'adi'?! – No'kis: Bilim. 2011. – B. 42.

gazetalari'ni'n' 2011-ji'li' tasti'yqlang'an Ustavi' ha'm Ha'reket bag'darlamasi'ni'n' uli'wmali'q rejesi to'mendegishe:

1.1. «Erkin Qaraqalpaqstan»-«Vesti Karakalpakstana»- Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi ha'm Ministrler Ken'esinin' ja'miyetlik-siyasiy gazetasi'.

Gazetalardi'n' sho'lkemlestiriwshileri-Karaqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi, Ministrler Ken'esi ha'm redakciyani'n' jurnalistler ja'ma'a'ti boli'p tabi'ladi'.

Gazetalardi' basi'p shi'g'ari'wshi'-Respublikasi'ni'n' Baspaso'z ha'm xabar agentligi.

1.2. «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi' qaraqalpaq tilinde ha'ptesine u'sh ret-shiyshembi, piyshembi, shembi, al, «Vesti Karakalpakstana» rus tilinde ha'ptesine yeki ret-shiyshembi ha'm shembi ku'nleri 2 sha'rtli baspa tabaq, A-2 formati'nda basi'p shi'g'ari'ladi'.

1.3. Redakciya wo'z xi'zmetin O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstitutciyasi'na, O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' ni'zamlari', O'zbekistan respublikasi' Prezidentinin' pa'rmanlari', hu'kimet qararlari', «G'alaba xabar qurallari' haqqi'nda» g'i' Ni'zami', O'zbekistan Respublikasi' Ministrler Kabinetinin' 2006-ji'l 16-oktyabrdegi 215-sanli' qarari' menen tasti'yqlang'an «Ma'mleketlik karxanalar haqqi'nda» g'i' reje ha'm Ustav tiykari'nda a'melge asi'ri'ladi'.

1.4. Usi' Ustav bunnan bi'lay «redakciya» dep atalatug'i'n-«Erkin Qaraqalpaqstan»-«Vesti Karakalpakstana» gazetalari' redakciyalari' jumi'si'ni'n' sho'lkemlestiriwshilik ekonomikali'q, huqi'qli'q ha'm socialli'q tiykarlari'n belgilep beredi.

1.5. Redakciyada siyasiy ma'plerdi go'zleytug'i'n partiyalardi'n' ha'm ja'miyetlik birlespelerdin' ha'r qi'yli' sho'lkemlerin du'ziwge jol qoyi'lmaydi'.

1.6. Gazetalardi' sho'lkemlestiriwshiler redakciya ha'm gazetani' basti'ri'p shi'g'ari'wshi' arasi'ndag'i' wo'ndirislik, mu'liklik ha'm finansli'q qatnasi'qlar usi' Ustav penen, O'zbekistan ja'ne Qaraqalpaqstan Respublikalari'ni'n' hareket yetip turg'an ni'zamlari' menen belgilenedi.

1.7. Sho'lkemlestiriwshiler basi'li'mni'n' formati'n ha'm shi'g'i'w jiyiligin belgileydi, gazetani' shi'g'ari'wg'a ha'm redakciyani' saqlawg'a qarji' ajratadi', woni' jay, avtotransport, jumi's ju'rgiziw texnikasi' menen ta'minleydi, redakciya xi'zmetkerlerinin' miynet, socialli'q turmi's jag'dayi'n jaqsi'lawg'a ja'rdem ko'rsetedi.

1.8. Redakciya Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine ha'm Ministrler Ken'esine yesap beredi, O'zinin' jumi'si'n tikkeley solardi'n' basshi'li'g'i' asti'nda a'melge asi'radi'.

1.9. Redakciya g'alaba xabar qurallari' haqqi'nda ha'm basqada ni'zamlar tiykari'nda ha'reket yetetug'i'n yuridikali'q ta'rep boli'p tabi'ladi', wo'zinin' atamasi'na, wo'z aldi'na balansi'na, bankte yesaplaw ha'm basqada schetlari'na iye boladi', wo'z aldi'na ayri'm mu'lkke iye boladi'.

Redakciya do'ngelek mo'rge, mu'yeshli shtampasi'na, ni'shani'na, basi'li'mli'q ha'm tavarli'q belgilerine iye boladi'.

Redakciya woni'n' Ustavi' ha'm Ha'reket bag'darlamasi' Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Baspaso'z ham xabar agentliginde dizimge ali'ng'an waqi'ttan baslap yuridikali'q ta'rep huqi'qi'n aladi'.

1.10. Ha'reket bag'darlamasi' ha'm Ustav redakciya miynet ja'ma'a'tinin' uli'wma ji'ynali'si'nda qabi'l yetiledi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Basli'g'i' ha'm Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i' ta'repinen tasti'yqlanadi'.

1.11. Ha'reket bag'darlamasi' ha'm Ustavti'n' sha'rtlerin redakciya Ustavta belgilengen ta'rtipte a'melge asi'radi'.

1.12. Redakciyani'n' ma'kan jayi': 230100, Qaraqalpaqstan Respublikasi', No'kis qalasi', Qaraqalpaq ko'shesi, 9 jay.

II. Redakciyani' basqari'w

2.1. Redakciyag'a bas redaktor basshi'li'g'i'ndag'i' redakciyali'q kollegiya basshi'li'q yetedi. Redakciyali'q kollegiya qurami'na lawazi'mi' boyi'nsha bas redaktor, bas redaktordi'n' wori'nbasari', juwapli' xatker, tarawli'q redakciyani'n' (bo'limlerdin') redaktorlari' kiredi. Sho'lkemlestiriwshilerdin' usi'ni'si' boyi'nsha redkollegiyani'n' qurami'na redakciyani'n' basqa da xi'zmetkerleri, ja'miyetshiliktin' wa'killeri kiriwi mu'mkin. Redkollegiyani'n' qurami' bas redaktordi'n' usi'ni'si' boyi'nsha sho'lkemlestiriwshiler ta'repinen tasti'yqlanadi'.

Bas redaktordi' ja'ne woni'n' wori'nbasarlari'n lawazi'mg'a tayi'nlaw ha'm bosati'w Ministrler Ken'esi menen kelisilgen halda Qaraqalpaqstan Respublikasi' joqarg'i' Ken'esi Basli'g'i'ni'n' biyligi menen a'melge asi'ri'ladi'.

Redakciyani'n' shtatli' xi'zmetkerleri redkollegiyani'n' sheshimi boyi'nsha bas redaktor menen miynet sha'rtnamalari'n du'zedi.

2.2. Bas redaktor:

-Ja'riyalanatug'i'n materiallardi'n' tematikasi'n, ko'lemin, formasi'n ha'm ja'riyalaw mu'ddetlerin belgileydi;

-ha'reket bag'darlamasi'ni'n' ag'i'mdag'i' redakciyali'q jobalardi'n', redkollegiya sheshimlerinin' wori'nlani'wi'n ta'miynleydi;

-redakciyani'n' ati'nan sha'rtnamalar, kelisimler du'zedi, wolardi'n' wori'nlani'wi'n ta'miyinleydi;

-redakciyani'n' strukturasi'n, woni'n' shtatli'q kestesi, da'ramatlar ha'm shi'g'i'nlardi'n' smetasi'n sho'lkemlestiriwshileri menen birge belgileydi;

-redakciya menen birlikte ha'reket yetip turg'an ni'zamlarg'a muwapi'q miynet ja'ma'a'ti ag'zalari'ni'n' miynet haqi'si', jumi's islew ta'rtibi, wolardi' soyialli'q qorg'aw ma'selelerin sheshedi;

-redakciyadag'i' miynet ha'm finans intizami'ni'n' jag'dayi'na juwap beredi;

-ma'mleketlik uyi'mlar, ka'rxanalar ha'm ma'kemeler, ja'miyetlik birlespeler menen wo'z-ara qatnasqlarda redakciyani'n' ati'nan ha'reket yetedi;

-gazetani'n' jumi'si' hakqi'nda sho'lkemlestiriwshiler aldi'nda ji'li'na bir ma'rte yesap berip turadi';

-woni'n' xi'zmet lawazi'mi'nan kelip shi'g'atug'i'n redakciya jumi'si'ni'n' basqa da ma'seleleri boyi'nsha belgilengen ta'rtipte sheshimler qabi'l yetedi.

2.3. Redakciyali'q kollegiya wo'zinin' ma'jilislerinde, al, ayri'qsha jag'daylarda redkollegiyani'n' ha'r bir ag'zasi'ni'n' pikirin soraw arqali' sheshimler qabi'l yetedi, woni'n' ma'jilisleri za'ru'rligine qaray, biraq ha'r bir toqsanda keminde bir ret wo'tkeriledi. Redkollegiyani'n' sheshimleri ma'jilistin' protokollari'nda ko'rsetiledi.

2.4. Redakciyali'q kollegiya:

-Ustavqa ha'm ha'reket bag'darlamasi'na wo'zgerisler ha'm qosi'mshalar kirgiziw haqqi'nda usi'ni'slar tayarlaydi';

-oqi'wshi'lardi'n' xatlari' ha'm mu'ra'ja'tlari', shtattan ti's avtorlardi'n' materiallari' menen islesiw ta'rtibin belgileydi;

-gazetani’ shi’g’ari’w, wog’an qosi’mshalar shi’g’ari’w,olardi’n’ ko’lemi boyi’nsha sho’lkemlestiriwshiler menen kelisilgen halda sheshimler qabi’l yetedi;

-redakciyali’q (redaktorli’q) fond ha’m xoshametlew qorlari’n du’ziw, wolardan paydalani’w jollari’n belgileydi,paydani’ bo’listirip, za’leldi wo’tew ta’rtibin ani’qlaydi’4

-gazetani’n’ jumi’si’n jetilistiriwdin’ basqa da ma’selelerin sheshedi.

2.5. Redkollegiyani’n’ sheshimi kollegiya ma’jilisine qatnasqanlardi’n’ basi’m ko’pshilik dawi’si’ menen qabi’l yetiledi.Eger woni’n’ ma’jilisinde redkollegiya ag’zalari’ni’n’ keminde u’shten yeki bo’legi qatnasqan jag’dayda ma’jilis sheshimi toli’q huqi’qli’ boli’p yesaplanadi’.

2.6. Redakciya xi’zmetkerleri:

-gazetalar Ustavi’n dodalawda ha’m qabi’llawda qatnasadi’;

-materiallardi’ toplaw, tallaw, tayarlaw ha’m redaktorlaw menen shug’i’llanadi’;

-jurnalistlik izertlewdi jurgiziw huqi’qi’na iye;

-redakcimya jumi’si’n jaqsi’law boyi’nsha usi’ni’slar kirgizedi;

-xi’zmetkerlerdi socialli’q qorg’aw ma’seleleri boyi’nsha sheshimler qabi’llawda qatnasadi’;

-gazetalar jumi’si’ndag’i’ ku’nnin’ talabi’ndag’i’ mashqalalar boyi’nsha redkollegiyali’q qarap shi’g’i’w ushi’n ma’seleler usi’ni’w huqi’qi’na iye;

-redakciyani’n’ barli’q tapsi’rmalari’n tez ha’m sapali’ wori’nlaydi’.

-ha’rekettegi ni’zamli’qlarda ko’zge tuti’lg’an barli’q jen’illik ha’m xoshametlewlerge huqi’qli’.

### III. Redakciya jumi’si’ni’n’ tiykarg’i’ bag’darlari’

3.1. Redakciya jumi’si’ni’n’ tiykarg’i’ bag’darlari’ to’mendegilerden ibarat:

-basi’li’mni’n’ maqsetine muwapi’q gazetani’ belgilengen ta’rtipte shi’g’ari’w, woni’n’ ha’reket bag’darlamasi’n wori’nlaw;

-gazetani’n’ joqari’ sapada shi’g’i’wi’n ta’miyinlew;

-ja'ma'a'tte ha'r bir xi'zmetkerlerdin' do'retiwshilik mu'mkinshiliklerin bari'nsha toli'q iske asi'ri'wg'a ja'rdem yetetug'i'n qolayli' jag'day du'ziw;

-miynet ha'm wo'ndirislik intizamdi' bekkemlew;

-xi'zmetkerlerdin' miynet ha'm turmi's jag'daylari'n jaqsi'law ha'm wolardi'n' ka'siplik sheberligin artti'ri'wg'a g'amqorli'q yetiw;

-redakciyani'n' shi'g'i'nlari'n azayti'w ha'm da'ramati'n ko'beytiw boyi'nsha ilajlar ko'riw;

-finans ha'm materialli'q qorlardi' mumsawdi'n' yesabi'n ha'm woni' qadag'alawdi' ju'rgiziw.

IV. Ekonomikali'q jumi's

4.1. redakciya wo'zinin' ekonomikali'q jumi'si'n ma'mleketlik ka'rxana si'pati'nda O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikalari'ni'n' Ni'zamlari'na muwapi'q tu'rde a'melge asi'radi'.

4.2. redakciya bank kreditlerinen paydalani'wg'a, ha'rekettegi ni'zamg'a muwapi'q bizin' respublikami'zdag'i', sonday-aq woni'n' ti'sqari'si'ndag'i' karxanalar, sho'lkemler, ayri'm puqaralar menen wo'z-ara birge islesiw boyi'nsha sha'rtnama du'ziwge haqi'li'.

4.3. Redakciyani'n' alg'an da'ramatlari'nan (o'nim sati'w yesabi'nan, reklama ha'm dag'azadan kelip tu'sken, jobadan ti's tu'sirimler, shi'g'i'nlardi' u'nemlewden, demewshilerdin' qarji'lari' yesabi'nan toplang'an qarji'ladi') ni'zamg'a muwapi'q paydalani'wg'a haqi'li' ha'm bul da'ramatlar basqa jaqqa ali'nbaydi'.

4.4. Redakciya kollegiyasi' ni'zamlarg'a muwapi'q xi'zmetkerlerge beriletug'i'n si'yli'qlardi'n', u'steme, qosi'msha to'lemlerdin' tu'rlerin, sonday-aq, qa'lem haqi' qori'ni'n' mug'dari'n qosa alg'anda miynetke haqi' to'lew sistemasi'n ja'ne ta'rtibin belgileydi.

4.5. Redakciya ta'repinen bir ji'lda paydalanbay qalg'an qarji'lar kelesi ji'lg'a woni'n' yesabi'nda qaldi'ri'ladi'.

4.6. Redakciya belgili bir maqsetke bag'darlang'an arnawli' qorlar du'ziwi ja'ne wolardi' wo'zinin' i'qti'yari'na paydalani'wi' mu'mkin.

4.7. Redakciya gazetani’n’ shi’g’i’nlari’n azayti’w maqsetinde wo’z mu’mkinshilikleri shen’berinde belgilengen ta’rtipte kommerciyali’q jumi’slar ali’p bari’wdi’, «G’alaba xabar qurallari’ haqqi’nda» g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ni’zami’ni’n’ 26-sitatyasi’na muwapi’q «Erkin Qaraqalpaqstan»-«Vesti Karakalpakstana» gazetasi’n usaqlap sati’w tarmag’i’ yaki sawda tarmag’i’na iye bolg’an shaxslar, sonday-aq, jeke ta’rtiptegi isbilermenler ta’repinen, ni’zam hu’jjetlerinde belgilengen ta’rtipte a’melge asi’radi’.

4.8. Redakciyani’n’ finans ha’m xojali’q jumi’si’n tekseriw ushi’n tiyisli ni’zamlarg’a muwapi’q auditor firmasi’nan paydalanadi’.

## V. Materialli’q-texnikali’q baza

5.1. redakciya yuridikali’q ta’rep si’pati’nda mu’lk iyesi huqi’qi’nan paydalanadi’, bul woni’n’ materialli’q-texnikali’q bazasi’n quraydi’.

5.2. Redakciyani’n’ menshigin to’mendegiler quraydi’:

-tiykarg’i’ qorlar ha’m aylani’s qarji’lari’;

-gazetani’ sati’wdan tu’sken da’ramatlar;

-qa’wenderlerdin’ qayi’rqomli’q qarji’lari’;

Ni’zam menen qadag’an yetilmeytug’i’n basqa da jumi’slardi’ iske asi’ri’wdan tusken da’ramatlar;

-socialli’q qamsi’zlandi’ri’w qorlari’;

-qa’lem haqi’ qori’.

5.3. redakciyag’a woni’n’ ha’reket yetiwi ushi’n za’rur bolg’an jaylar transport qurallari’, inventar, u’skeneler bekitiledi. Wolardan paydalang’ani’ ushi’n to’menlep duzilgen sha’rtnamalarg’a qaray belgilengen ta’rtipte amelge asi’ri’ladi’.

## VI. Gazetalardi’ saplasti’ri’w ha’m qayta sho’lkemlestiriw

6.1. Gazetalardi’ saplasti’ri’w ha’m qayta sho’lkemlestiriw woni’ sho’lkemlestiriwshi ta’replerdin’ ha’m redakciya arasi’nda du’zilgen sha’rtnamada na’zerde tuti’lg’an jag’dayda yamasa sudti’n’ sheshimi boyi’nsha iske asi’ri’ladi’.

6.3. Gazetalar qayta sho'lkemlestirilgen jag'dayda redakciyani'n' barli'q mu'lki woni'n' miyraxori'na wo'tedi.

## VII. Gazetalardi'n' ha'reket bag'darlamasi'

Qaraqalpaqstan Respublikasi' parlamentinin' ha'm hu'kimetinin' ra'smiy basi'li'mi' si'pati'nda gazetalar wo'zinin' ku'ndelikli jumi'si'nda to'mendegi tiykarg'i' maqsetlerdi ham wazi'ypalardi' go'zleydi:

-Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' ham ma'mleketlik ha'kimiyat uyi'mlari'na, respublika puqaralari'ni'n' ja'miyetlik pikirlerin u'yreniw ha'm ja'riyalaw, ni'zamlardi' dodalawg'a ja'rdem yetiw;

-ja'miyette puqarali'q ti'ni'shli'qti' ha'm kelisimdi saqlawg'a, wolardi'n' ma'deniyatlari'n wo'z-ara bayi'ti'w ha'm gu'lleniwi, xali'q bayramlari' ha'm da'stu'rlerinin' qayta tikleniwi tiykari'nda respublikada jasap ati'rg'an tu'rli milletlerdin' ha'm xali'qlardi'n' wa'killeri arasi'nda wo'z-ara tu'siniwshilikti ja'ne dosli'qti' saqlaw ha'm bekkemlew;

-puqaralardi'n', ja'miyetlik sho'lkemlerdin' ha'm ha'kimiyat uyi'mlari'ni'n' ku'shlerin, do'retiwshilik miynetlerin huqi'qi'y demokratiyali'q ma'mleket quri'wg'a bag'darlaw, bazar qatnasi'qlari'n qa'liplestiriw boyi'nsha wazi'ypalardi' sheshiwge, xali'qti'n' abadanshi'li'g'i'n artti'ri'wg'a ja'rdemlesiw;

-g'a'rezsiz ma'mleketlerdin' ham jer ju'zlik sherikliginin' di'qqati'n Aral ten'izinin' mashqalasi'na tarti'w, wolar ta'repinen Aral boyi'nda yekologiyali'q jag'daydi' jo'nlew ma'seleleri boyi'nsha bahali' intalardi' qollap-quwatlaw ha'm u'git-na'siyatlaw;

-milletine, socialli'q shi'g'i'si'na, ja'miyettegi jag'dayi'na, dinge isenimine ha'm ko'zqaraslari'ni'n' kanday yekenligine qaramastan respublikani'n' barli'q puqaralari'ni'n' ma'plerin qorg'aw;

-respublikani'n' turg'i'nlari'na g'a'rezsiz ma'mleketlerde ha'm si'rt yellerde boli'p ati'rg'an yen' a'hmiyetli waqi'yalar haqqi'nda turaqli' ma'limleme beriw;

-respublika puqaralari'nda tuwi'lg'an jerge bolg'an maqtani'sh ha'm sadi'qli'q sezimin, Qaraqalpaqstanda jasaytug'i'n basqa da xali'qlardi'n' da'sturlerine, tiline ha'm ma'deniyati'na su'yispenshilik sezimin ta'rbiyalaw.

Redakciya jumi'slari'n jobalasti'ri'wdi'n' tu'rleri boyi'nsha qa'nigelerdin' bir-birine si'baylas bolg'an bir qansha pikirlerin ko'riwimiz mu'mkin. Bul boyi'nsha rus ali'mi' S.Samoletov wo'zinin' woqi'w metodikali'q qollanbasi'nda: «Redakciya jumi'slari'n rejelestiriwdin' u'sh tiykarg'i' bag'dari'n ayti'w mu'mkin, - dep wolardi', perspekivali'q, wortasha asi'g'i's, woperativ.»[1]-dep bo'ledi. Al, ko'rnekli jurnalist Sh.Usnatdinov bolsa, «Jobalasti'ri'w ta'rtibi yeki tu'rli boladi'. Birinshisi xabarshi'lardi'n', arni'wli' ha'm wo'z xabarshi'lari'ni'n' jeke is jobasi'nan, bo'limlerdin' shtattan ti's avtorlarg'a berilgen tapsi'rmalari'nan uli'wma redakciyali'q joba, yag'ni'y to'mennen joqari' qarap, al, yekinshisi joqari'dan joqari'dan to'men qarap du'ziliwi mu'mkin. Bunday waqi'tta joqari'da atap wo'tilgen xi'zmetkerler redaktordi'n', redkollegiya ha'm redakciya bo'limleri basshi'lari'ni'n' tapsi'rmasi' boyi'nsha wo'z is jobalari'n du'zedi yamasa toli'qti'radi'.»[2] -dep atap wo'tedi wo'zinin' woqi'w qollanbasi'nda. Ali'm D.Bekbawliev bolsa, bul pikirlerdi ja'nede konkretlestirigen halda to'mendegishe ko'rsetedi: «Ko'pshilik jag'dayda respublikali'q, hu'kimetlik gazetalarda jobalasti'ri'wdi'n' tu'rleri to'mendegishe boladi'. Bo'limnin' ayli'q jobasi', uli'wma redakciyani'n' ha'ptelik jobasi', gazetani'n' jan'a sani'n jobalasti'ri'w. Bulardan basqa da, perspektivali'q, woperativlik, arnawli' sanlardi', arnawli' betlerdi, bas maqalalardi' jobalasti'ri'w ha'm sho'lkemlestiriw boyi'nsha jumi'slar ali'p bari'ladi'.»[3]

Qa'nige-ali'mlardi'n' bul pikirlerinen kelip shi'g'i'p redakciya jumi'slari'n jobalasti'ri'wdi'n' tu'rlerin to'mendegishe klassifikaciyalaw mu'mkin boladi'.

Gazeta specifikasi'nan kelip shi'g'i'p redakciya jumi'slari'n jobalasti'ri'wdi' u'sh tiykarg'i' tu'rge aji'rati'w mu'mkin:

1. Perspekivali'q

[1] Samoletov S. Kak delaetsya gazeta? – Sant-Peterburg: SPbGU. 1999. – S. 21
[2] Usnatdinov Sh. Jurnalistikag'a kirisiw. – – No'kis: Qaraqalpaqstan. 2009. – B. 127-128.
[3] Bekbawliev D. Gazeta qalay shi'g'adi'?! – No'kis: Bilim. 2011. – B. 42.

2. Wortasha asi’g’i’sli’

3. Operativ

Gazeta xabarshi’lari’ni’n’ jeke woy-pikirlerinen kelip shi’g’i’p:

1. Shaxsiy reje

2. Admistraciya tapsi’rmalari’ tiykari’nda du’zilgen reje

Gazetalardi’n’ tipologiyasi’nan kelip shi’qqan halda:

1. Bo’limnin’ ayli’q, kvartalli’q ha’m ji’lli’q jobasi’.

2. Uli’wma redakciyani’n’ ha’ptelik jobasi’

3. Gazetani’n’ jan’a sani’n jobalasti’ri’w

Tematikali’q ko’z-qarastan:

1. Arnawli’ san ha’m betlerdi rejelestiriw

2. Bas maqalalardi’ jobalasti’ri’w

Redakciyani’n’ bo’limleri wo’zinin’ atqaratug’i’n xi’zmet tu’rlerinen ha’m specifikasi’nan kelip shi’g’i’p ayli’q, kvartalli’q ha’m de ji’lli’q rejelerin islep shi’g’adi’. Bul rejeni bo’lim redaktori’ bo’limde islewshi xabarshi’lar menen woylasa woti’ri’p belgileydi ha’m woni’ redakciyani’n’ Bas redaktori’ ta’repinen tasti’yi’qlanadi’. Bo’limnin’ jobasi’nda maqalalardi’n’ temasi’ menen mazmuni’, avtori’, tayar bolatug’i’n waqti’, ko’lemi ha’m tag’i’ basqalar ko’rsetiriwi mu’mkin.

Ma’selen, «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’ redakciyasi’ni’n’ qurami’nda bes bo’lim boli’p, wolardi’n’ ha’r biri wo’zlerinin’ atqaratug’i’n xi’zmetinen kelip shi’g’i’p is rejelerin belgilegen. Mi’sal ushi’n gazetani’n’ «Ekonomika ha’m socialli’q ma’seleler» redakciyasi’ xi’zmetkerlerinin’ 2014-ji’l dawami’nda redakciyani’n’ ishki wazi’ypalari’nan kelip shi’qqan halda atqaratug’i’n jumi’slari’ boyi’nsha is rejesinde to’mendegi jumi’slar islenetug’i’n waqti’ ha’m juwapker shaxsti’n’ ismi ani’q belgilep ko’rsetilgen:

1. Sawda-sanaat palatasi’ Respublikali’q bas-qarmasi’ ta’repinen kishi biznes ha’m jeke isbilermenlik penen shug’i’llani’wshi’lardi’ huqi’qi’y jaqtan qorg’aw ha’m qollap-quwatlaw bag’dari’nda Prezidentimiz ha’m hu’kimetimiz ta’repinen qabi’l yetilip ati’rg’an ni’zamlar-di’n’ wori’nlani’wi’, invasticiya

qarji'lari' tiykari'nda wo'z jumi'slari'n ja'ne de rawaj-landi'ri'p ati'rg'an isbilermenler ha'm jeke ka'rxanalar turmi'si'nan materiallar tayarlap bari'w.

2. Kommerciyali'q banklerdin' tiyisli qa'nige-leri menen respublikami'zda kishi biznes ha'm jeke isbilermenlik subektleri wa'killerin qarji'landi'ri'w ha'm puqaralardi' tuti'ni'w tovarlari' ha'm basqa da kreditler menen ta'miyinlew bag'dari'ndag'i' is-ilajlar boyi'nsha materiallar tayarlaw.

3. «Qaraqalpaqstan avtomobil ha'm da'rya transporti' agentligi» «Qaraqalpaqtrans» ma'mleketlik akcionerlik birlespesi menen birgelikte respublikami'zdi'n' transport ta-rawi'nda a'melge asi'ri'pli'p ati'rg'an wo'zgerisler, jetiskenlikler ha'm mashqalali' ma'sele-ler haqqi'nda material tayarlaw.

4. Respublikali'q Sali'q basqarmasi', qala ha'm rayonli'q sali'q inspekciyalari' xi'zmetker-leri menen birgelikte sali'q ni'zamshi'li'-g'i'nda a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an wo'zgerisler, sali'q to'lewshilerge (puqaralar, kishi biznes ha'm jeke isbilermenlik subektleri wa'killeri) jarati'li'p berilip ati'rg'an jen'illikler ha'm tarawda ju'z berip ati'rg'an mashqalali' ma'seleler boyi'nsha materiallar tayarlaw.

5. «Ba'ntlik bag'darlamasi' ha'rekette» rubrika-si'nda qala ha'm rayonli'q Ba'ntlik woraylari'-nan, iri ha'm qospa ka'rxanalar turmi'si'nan materiallar tayarlaw.

6. Respublikami'zdi'n' ba'rshe qala ha'm rayonlari'nda ali'p bari'li'p ati'rg'an ma'deniy ha'm socialli'q wobektlerdin' quri'li's, rekonstrukciya jumi'slari'ni'n' bari'si' haqqi'nda su'wretli reportajlar tayarlap bi'ri'w.

7. «Toqi'mashi'li'q sanaati'» rubrikasi' tiykari'nda Respublikami'z ko'lemindegi toqi'mashi'li'q ka'rxanalari' turmi'si'nan materiallar tayarlaw.

8. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Baji'xana basqarmasi' menen birgelikte respublikami'z aymag'i'na si'patsi'z ha'm sertifikatsi'z wo'nim-lerdin', tuti'ni'w tovarlari'ni'n' ni'zamg'a qayshi' ra'wishte ali'p kiriliwinin' aldi'n ali'w ha'm basqa da bag'darlar boyi'nsha ali'p bari'li'p ati'rg'an jumi'slardi'n' bari'si' haqqi'nda materiallar tayarlap bari'w.

9. Qaralpaqstan Respublikasi’ Ishki isler ministrligi menen birgelikte xali’qti’n’ ti’ni’shli’g’i’n saqlaw, wo’rt qa’wipsizliginin’ aldi’n ali’w, jol ha’reketi qa’wipsizligin saqlaw h.t.b bag’darlarda ali’p bari’li’p ati’r-g’an jumi’slardi’ boyi’nsha materiallar tayarlaw.

10. Respublikami’zda quri’li’s materiallari’n islep shi’g’ari’wg’a qa’nigelesken wo’ndiris ka’rxanalari’ni’n’ bu’gingi ku’ndegi jumi’s bari’si’, wolardi’n’ zamanago’y texnologiyalar menen ta’miyinleniw jag’daylari’ haqqi’nda materiallar tayarlap bari’w.

11. Sawda-sanaat palatasi’ birgelikte si’rt yellerde ta’jiriybe artti’ri’p kelgen kishi biznes ha’m jeke isbilermenlik subektleri wa’killerinen intervyuler ali’wdi’ sho’lkemlertiriw.

12. Xali’qqa kommunalli’q xi’zmet ko’rsetiw tarmaqlari’ni’n’ (elektr, gaz, suw tarmaqlari’ ma’kemeleri) jumi’slari’ ha’m tarawda ali’p bari’li’p ati’rg’an reformalar boyi’nsha materiallar tayarlap bari’w.

13. Respublikami’z ko’leminde xali’qqa qamsi’z-landi’ri’w xi’zmetin ko’rsetip kiyati’rg’an kompaniyalari’ni’n’ jumi’slari’ boyi’nsha materiallar tayarlap bari’w.

14. Qala ha’m rayonli’q sanitariya ha’m yepidemiologiyali’q baqlaw woraylari’ qa’nigeleri menen birgelikte ja’miyetlik awqatlani’w wori’nlari’nda xi’zmet ko’rsettetug’i’n ha’m azi’q-awqat wo’nimlerin islep shi’g’ari’wg’a qa’nigelesken isbilermenlik subektlerinin’ jumi’slari’ boyi’nsha materiallar tayarlaw.

Bunnan ti’sqari’ redakciya xi’zmetkerleri respublikami’z ko’leminde ju’z berip ati’rg’an redakciyami’z wazi’ypalari’na baylani’sli’ woperativ materiallar ha’m informaciyalardi’ wo’z waqti’nda gazeta betlerinde jari’ti’p bari’wg’a juwapker yekenligi belgilep qoyi’lg’an. «Ekonomika ha’m socialli’q ma’seleler» redakciyasi’ni’n’ bul jobasi’ bo’lim basli’g’i’ ha’m gazetani’n’ Bas redaktori’ ta’repinen tasti’yqlang’an.

Solay yetip, redakciya bo’limleri ta’repinen islep shi’g’i’lg’an is rejeler arnawli’ xabarshi’lardi’n’ sol tema u’stinde islewine, teren’ izertlep analizlewine, haqi’yqatli’qti’ sheshiwine toli’q mu’mkinshilik beredi.

# 2. BAP. GAZETANI’N’ JAN’A SANI’ USHI’N TEMATIKA, RUBRIKA TAN’LAW HA’M REDAKCIYAG’A KELGEN XATLARDI’ JOBALASTI’RI’W

## 2.1. Globallasi’w da’wiri gazeta materiallari’n tematikali’q jaqtan rejelestiriwde milliy qa’diriyatlarg’a mu’na’sebet ma’selesi

Ma’limleme sistemasi’ni’n’ tez pa’t penen globallasi’p, informaciya dereklerinin’ ha’tden ziyat ken’eyip ati’rg’an bir da’wirde gazeta woqi’wshi’lari’n, a’sirese jaslardi’ milliy ruhta ta’rbiyalap bari’w u’lken a’hmiyetke iye. Sebebi, bu’gingi ku’nde «du’nyada kosmopolitizmdi puxarali’q ja’miyet turmi’s ta’rizinin’ jetekshi principi» dep qarawshi’ «siyasatshi’»larda az yemes. Bunday jag’dayda ha’r bir xali’qti’n’ milliyligin ha’m woni’n’ tiykarlari’n saqlap qali’wi’, wo’z qa’diriyatlari’n jeterli da’rejede biliwi, wolardi’ teren’ an’lap jetiwi menen ti’g’i’z baylani’sli’. G’a’rezsizlik idiologiyasi’n ha’m milliy ideyani’ ken’ ja’miyetshilikke tu’sindiriwde baspaso’zdin’ worni’ a’hmiyetli.

Sonlaqtanda, gazetani’n’ jan’a sani’ ushi’n materiallardi’ tematikali’q jaqtan jobalasti’ri’wda ha’m tan’lawda milliy qa’diriyat temasi’na ayri’qsha itibar qarati’w bu’ginnin’ aktual ma’selelerinen biri yesaplanadi’.

Bul ma’selede «Erkin Qaraqalpaqstan» ha’m «Vesti Karakalpakstana» gazetalari’ redakciyasi’ materiallardi’ jaylasti’ri’wda u’lken ta’jiriybege iye. «Erkin Qaraqalpaqstan» ha’m «Vesti Karakalpakstana» gazetalari’nda ja’riyalang’an derlik ha’r bir materialda ku’nnin’ jan’ali’qlari’ menen bir qatarda milliy ruhti’ teren’ seziw mu’mkin.

Gazetalardi’n’ g’a’rezsizlik ji’llari’ndag’i’ shi’qqan sanlari’n analiz yete woti’ri’p woni’n’ materiallardi’ jaylasti’ri’w ta’rtibinin’ to’mendegishe yekenligin ani’qladi’q:

1) Birinshi betke  ra’smiy materiallar, Respublika ko’lemindegi xabarlar, jan’ali’qlar

2) Ekinshi bette ja'miyetlik-siyasiy, ekonomikali'q, sanaat, awi'l-xojalag'i', quri'li's

3) U'shinshi betke socialli'q taraw materiallari', bilimlendiriw, medecina, ma'deniyat

4) To'rtinshi betke sport, reklama ha'm yumor-satirili'q materiallar.

Ma'selen, «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi'ni'n' birinshi betinde ja'riyalang'an materiallarg'a itibar bereyik: «O'zbekistan siyasiy partiyalari' saylaw juwmaqlari' boyi'nsha brifingler wo'tkerdi»[1], «Aral regioni'nda yekologiyali'q qa'wipsizliktin' aldi'n ali'w tiykarlari'»[2], «Ayri'qsha waziypalar, qatan' juwapkershilik»[3], «Xosh xabar» rubrikasi' menen «Taylandtan tabi's penen...»[4]. Ko'rip turg'ani'mi'zday, gazetani'n' birinshi betinde tiykari'nan ra'smiy materiallar menen informaciyali'q xabarlar wori'n alg'an.

«Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi'nda gazetani'n' jan'a sani'n shi'g'ari'wda miliy qa'diriyatlar ma'selelerine ayri'qsha itibar menen qarap kelmekte. Gazetani'n' derlik ha'r bir materiali' mazmuni'nda milliy ruwx, ata-babalari'mi'zdan miyras boli'p qalg'an da'stu'rlerdi xali'qqa tu'sindiriw ha'm ugit na'siyatlaw basli' wazi'pasi'na aylang'an.

«G'a'rezsizlikke yeriskennen keyin socialli'q turmi'sti'n' barli'q tarawlari'nda u'lken wo'zgerisler, jan'alani'w ha'm rawajlani'wlar ko'rine basladi'. Bul wo'zgerisler jurnalistikada, baspaso'z betlerinde de ken' tu'rde wo'z ko'rinisin tapti'. Wolardi'n' tematikali'q ha'm strukturali'q analizi g'alaba xabar qurallari'ni'n' milliy qa'diriyatlar ideyasi'n, ja'miyetshilik pikirin jan'asha qa'liplestiriwshi ja'miyetlik institutqa aylang'ani'n ko'rsetedi. Sebebi, Qaraqalpaqstan baspaso'zi ja'miyetlik qatlamlardi'n' socialli'q turmi'si'n sa'wlelendiriwshi ha'm wog'an belsene ta'sir yetiwshi tiykarg'i' qural sistemasi'na aylang'an yedi.

[1] Tojiev S. O'zbekstan siyasiy partiyalari' saylaw juwmaqlari' boyi'nsha brifingler o'tkerdi. // Erkin Qaraqalpaqstan. 2015. 2-aprel.
[2] Jumamuratov A. Aral regioni'nda ekologiyali'q qa'wipsizliktin' aldi'n ali'w tiykarlari'. // Erkin Qaraqalpaqstan. 2014. 6-noyabr.
[3] Ermatov F. Ayri'qsha waziypalar, qatan' juwapkershilik. // Erkin Qaraqalpaqstan. 2015. 2-aprel.
[4] Gulimbetov S. Taylandtan tabi's penen... // Erkin Qaraqalpaqstan. 2015. 2-aprel.

Ha'zirgi ku'nde Qaraqalpaqstan baspaso'zi milliy qa'diriyatlardi' ha'm usi' temadag'i' mashqalalardi' woperativ tu'rde sheber sa'wlelendiriwshi maydang'a aylandi'. G'a'rezsizlik da'wiri baspaso'zindegi tiykarg'i' wo'zgerislerden biri bul redakciyalar qurami'nda ruwxi'y-ag'arti'wshi'li'q bo'limlerinin' ashi'li'wi'. Milliy qa'diriyat tu'sinikleri respublikada shi'g'atug'i'n ha'r bir gazeta-jurnal betlerindegi maqalalarda wo'z worni'n tapti'.»[1]

Wo'z ma'deniy miyrasi'na, ata-babalari'mi'zdi'n' milliy da'stu'rlerine tayanbag'an, woni' qa'sterley bilmegen millet hesh qashan rawajlani'wg'a qaray qa'dem taslay almaydi'. Milliy wo'zlikti an'law, xali'qti' milliy ha'm uli'wmainsani'y qa'diriyatlarg'a hu'rmet sezimin woyati'w ha'm ta'rbiyalaw ruwxi'y ka'millikke yerisiw kepilligi boli'p tabi'ladi'. Bul O'zbekistanni'n' bu'gingi ja'miyetlik-ma'deniy siyasati' ushi'n joqari' da'rejedegi bag'darlari'n belgileydi. Bul bolsa, wo'z na'wbetinde, tariyxi'y ha'm a'debiy miyraslardi', wo'tmishte qa'lem tebiretken ja'miyetlik ha'm ma'deniy taraw wa'killeri haqqi'nda publicistlik materiallardi' gazeta betlerine jaylasti'ri'wdi' jobalasti'ri'w wazi'ypasi'n ku'n ta'rtibine qoyadi'.

Bul haqqi'nda Prezidentimiz I.A.Karimov «Biz g'a'rezsizlikke yeriskennen son' Imom Buxoriy, Imom Termiziy, Imom Moturidiy, Burhoniddin Marg'inoniy, Abdulxoliq G'ijduvoniy, Bahouddin Naqshband si'yaqli' a'ziz dani'shpanlari'mi'z, Muhammad Muso Xarazmiy, Ahmad Farg'oniy, Abu Rayhan Beruniy, Ibn Sino, Mahmud Zamaxshariy, Mi'rza Ulug'bek si'yaqli' ulamalari'mi'z, A'mir Temir, Jaloliddin Manguberdi kibi ulli' shaxslari'mi'z, Alisher Nawayi', Babur Mi'rzi' kibi klassik shayi'rlari'mi'z atlari'n, do'retiwshiligin ma'lim ma'nide qayta jaratti'q. Biraq bul ulli' babalari'mi'zdi'n' ja'ha'n ma'deniyati' ha'm civilizaciyasi'na qosqan ulli' u'lesin jaslari'mi'z biledime? A'lbette, biledi. Lekin, ashi'narli'si', bazi' jag'daylarda uli'wmali'q yamasa ju'zeki ta'rizde biledi…

[1] Qalekeev Q.J. G'a'rezsizlik da'wirindegi Qaraqalpaqstan baspaso'zinde ruwxi'y rawajlani'w ma'selelerinin' sa'wleleniwi.-No'kis: 2007. – B. 15.

Ma'na'wiy ta'rbiya tarawi'ndag'i' islerimizge jan'asha tu'rtki beriw ushi'n joqari'da atlari' ko'rsetilgen ulli' dani'shpanlardi'n' ha'r biri haqqi'nda ken' ja'miyetshilikke, birinshi na'wbette, jaslarg'a mo'lsherlengen arnawli' ruwxi'y-ag'arti'wshi'li'q xarakterindegi ko'rsetiwler, hu'jjetli filmler jarati'w, gazetalari'mi'zda arnawli' rubrikalar sho'lkemlestiriw maqsetke muwapi'q bolar yedi.»[1] - dep ayri'qsha atap ko'rsetken yedi.

Milliy g'a'rezsizlikti bekkemlew za'ru'rligi bir qatar ja'miyetlik, ruwxi'y-ag'arti'wshi'li'q ma'selelerge jan'asha jantasi'wdi', a'sirese, wo'tmishtin' da'wir talaplari'nan kelip shi'qqan halda qayta – obektiv bahalawg'a tuwra keledi. Bul processte perspektivali' rejelerdi ha'm bag'darlamalardi' belgiley ali'w gazetani'n' jan'a sani'n shi'g'ari'wdag'i' yen' a'hmiyetli tematikalardan biri boli'p yesaplanadi'.

Prezidentimiz I.A.Karimov Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' na'wbetten ti'sqari' sessiyasi'nda: «Qaraqalpaq xalqi' a'yyemgi ha'm bay tariyxqa iye. Woni'n' milliy ma'deniyati', ko'rkem wo'neri, klassikali'q a'debiyati', qa'diriyatlari', u'rp-a'det ha'm da'stu'rleri du'nyag'a belgili. G'a'rezsizlik sharapati' menen qaraqalpaq xalqi' ju'da' ko'p qa'diriyatlardi' qayta tiklew imkaniyati'na iye boldi'. A'dalat ha'm ten'lik, azatli'q ha'm yerk ushi'n gu'resken Ernazar Alako'z, Allayar Dosnazarov si'yaqli' xali'q qaharmanlari'ni'n' ma'rt, yerju'rek qaraqalpaq perzentlerinin' arzi'w-a'rmanlari' a'melge asti'. Milliy ma'deniyat ha'm ruwxi'yli'qti'n' ju'zege shi'g'i'wi'na, qaraqalpaq xalqi'ni'n' klassik shayi'rlari' Berdaq, A'jiniyaz babalar do'retiwshilik miyraslari'ni'n' toli'q tikleniwine, a'ziz yadnamalari'ni'n' uli'g'lani'li'wi'na jol ashi'p berdi»[2]-dep ayri'qsha atap ko'rsetti.

Du'nya ju'zi boyi'nsha informaciya globallasi'wi' mu'na'sebeti menen milliy ma'na'wiyat ha'm qa'diriyatlar ma'selesine itibar ha'r qashang'i'dan da ku'sheydi. Bu'gingi ku'nde ken' ja'miyetshilikti, a'sirese jaslardi' milliy da'stu'rlerimizge sadi'q yetip ta'rbiyalawdi' u'git-na'siyatlawshi' jurnalistlerdi

[1] Karimov I.A. Eng asosiy mezon – h'ayot h'aqiqatini aks ettirish. – Toshkent: O'zbekiston, 2009. – B. 16-19.
[2] Karimov I.A. Havfsizlik va barqaror taraqqiet yo'lida.T.6.-T.: O'zbekiston. 1998. -268-b.

jetilistiriw wazi’ypasi’ redakciyani’n’ uli’wmali’q rejesindegi a’hmiyetli tamatikag’a aylani’p barmaqta.

G’a’rezsizlikke yeriskennen son’ O’zbekistan baspaso’zinde bolg’ani’ si’yaqli’, Qaraqalpaqstan G’XQlari’nda da milliy qa’diriyatlar tematikasi’na ayri’qsha itibar qarati’ldi’. G’a’rezsizliktin’ da’slepki ji’llari’nda «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’nda milliy qaharmanlari’mi’z bolg’an shayi’rlar wobrazi’ni’n’, shi’g’armalari’ni’n’ jan’asha analizi a’melge asi’ri’la basladi’. Gazeta betlerinde jazi’wshi’-shayi’rlar, ali’mlar, publicist-jurnalistler T.Qayipbergenov, I.Yusupov, Q.Sultanov, A. Paxratdinov, K.Mambetov, Yu. Paxratdinov, S.Bahadirova ha’m boshqalar A’jinyaz ha’m Berdaq haqqi’ndag’i’ jan’a ilimiy-publicistikali’q maqalalari’ menen qatnasti’.

Bul ji’llari’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda A’jiniyaz ha’m Berdaqti’n’ tuwi’lg’an ku’nleri belgilendi. Usi’ yubiley mu’na’siybetleri menen baspaso’zde shayi’rlardi’n’ wo’miri ha’m do’retiwshiligi haqqi’nda bir qansha maqalalar ja’riyalandi’. A’sirese, A’jiniyaz ha’m Berdaq haqqi’nda jazi’lg’an Q.Sultanovti’n’ «A’jiniyaz - lirik shayi’r» («Erkin Qaraqalpaqstan», 1993, 14-fevral), I.Yusupovti’n’ «Xalqi’mi’zdi’n’ milliy maqtani’shi’ ha’m ruwxi’y ti’msali’» («Erkin Qaraqalpaqstan», 1997,19-avgust), Q.Bayniyazovti’n’ «A’jiniyaz shayi’rdi’n’ qa’biri Talli’q boyi’nan tabi’ldi’» («Erkin Qaraqalpaqstan», 1992, 1-avgust), K.Ma’mbetovti’n’ «Berdaq ha’m tuwi’sqan xali’qlar a’debiyati’» («Ustaz», 1998, 19-dekabr) atli’ maqalalari’n[1] atap wo’tiw wori’nli’. Bul publicistlik materiallarda A’jiniyaz ha’m Berdaqti’n’ wo’miri ha’m do’retiwshiligi, wolardi’n’ ruwxi’y-ag’arti’wshi’li’q bag’dari’ndag’i’ poeziyasi’ jan’asha ruwxta bahalang’anli’g’i’ seziledi. Ayi’ri’m avtorlardi’n’ ilimiy - publicistlik maqalalar ji’ynag’i’ kitap formasi’nda baspadan shi’g’ari’ldi’.[2]

---

[1] Sultanov Q. Ajiniyaz – lirik shayi’r. // Erkin Qaraqalpaqstan. 1993. 14 fevral; Yusupov I. Xalqi’mi’zdi’n’ milliy maqtani’shi’ h’a’m ruwh’i’y ti’msali’. // Erkin Qaraqalpaqstan. 1997. 19 avgust; Bayniyazov Q. Ajiniyaz shayi’rdi’n’ qa’biri “Talli’q” bwyi’nan tawi’ldi’. // Erkin Qaraqalpaqstan. 1992. 1 avgust; Mambetov K. Berdaq h’a’m tuwi’sqan xali’qlar a’debiyati’. // Ustaz. 1998. 19 dekabr; Paxratdinov A. Ajiniyaz poeziyasi’ h’a’m shi’g’i’s a’debiyati’. // Ustaz. 1999. 1 iyul; Berdaq shayi’r h’aqqi’nda h’aqi’yqatli’qlar // Erkin Qaraqalpaqstan. 1997. 13 may.

[2] Milliy a’debiyati’mi’z bayteregi (a’debiy-kritik maqalalar toplami’).-N.:”Qaraqalpaqstan”, 1998,-175 b.

Azatli’q ushi’n gu’reslerde millettin’ ruwxi’y jetekshileri bolg’an shayi’rlarda xali’q penen birgelikte ha’reket yetken. Ma’selen, Ku’nxoja A’jiniyaz, Berdaq ha’m basqalar xali’qti’n’ da’rtin ko’rkem formada sa’wlelendirdi, yel-jurt ruwxiyati’n qorg’awg’a ha’m ko’teriwge ha’reket yetti. Xali’qti’ watan su’yiwshilikke, yerkinlik ha’m azatli’qqa bag’darladi’. Bul haqqi’nda Prezidentimiz I. A. Karimov Qaraqalpaqstan Respublikasi saylawshi’lari’ wa’killeri menen ushi’rasi’wi’ndag’i’ shi’g’i’p so’ylewinde: «Qaraqalpaq xalqi’ bawri’ ken’, kewli da’rya, dani’shpan ha’m saqiy xali’q. Bul xalq Sultan Uvays, Ha’kim ata si’yaqli’ a’ziz ulamalardi’n’ u’gitlerinen na’r ali’p, ma’na’wiy ha’m ruwxi’y jetilisken. Usi’ muqaddes jer muhabbati’ Ku’nxoja, A’jiniyaz ha’m Berdaqti’ bu’lbilziban shayi’r qi’lg’an, Ernazar biy, Allayar Dosnazarov si’yaqli’ bahadirlerdi azatli’q ushi’n gu’reske sharlag’an»[1], degen yedi. Usi’ tariyxi’y tulg’alardi’n’ tiykarg’i’ maqseti wo’z xalqi’n ha’r qanday yeziwshilikten qog’aw ha’m ruwlardi’ birlestiriw, milliy madeniyat hamde ruwxi’y qa’diriyatlardi saqlap qali’w yedi. Wolar wo’zleri tan’lag’an jolda ma’rtlershe gu’resti ha’m xali’qti’n’ milliy qaharamanlari’na aylandi’.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ baspaso’zinde tariyxi’y tulg’alar, «milliy qaharamanlar» temasi’ ken’ ko’lemde jari’ti’li’wi’na tiykarg’i’ faktor bolg’an ha’diyse milliy g’a’rezsizlik boli’p yesaplanadi’.

G’a’rezsizlik da’wirinde Qaraqalpaqstan baspaso’zi gazeta-jurnallar redakciyalari’ milliy ruwxi’yatti’ qa’liplestiriwshi materiallardi’ is jobalari’na ko’plep kirgizgenligin ko’riwimiz mu’mkin. «Erkin Qaraqalpaqstan»-«Vesti Karakalpakstan» gazetasi’ redakciyasi’ni’n’ Ustavi’ ha’m Ha’reket bag’darlamasi’da «Qaraqalpaqstan Respublikasi’ parlamentinin’ ha’m hu’kimetinin’ ra’smiy basi’li’mi’ si’pati’nda gazetalar wo’zinin’ ku’ndelikli jumi’si’nda to’mendegi tiykarg’i’ maqsetlerdi ham wazi’ypalardi’ go’zleydi:

- respublika puqaralari’nda tuwi’lg’an jerge bolg’an maqtani’sh ha’m sadi’qli’q sezimin, Qaraqalpaqstanda jasaytug’i’n basqa da xali’qlardi’n’

[1] Karimov I.A. Ozod va obod vatan, erkin va farovon h’ayot – pirovard maqsadimiz. T.8. – Toshkent: O’zbekiston, 2000. – B. 110.

da’sturlerine, tiline ha’m ma’deniyati’na su’yispenshilik sezimin ta’rbiyalaw.» - dep rejesinde ayri’qsha ko’rsetilgen.

Gazeta redakciyalari’ni’n’ rejelerine ha’m ku’n ta’rtibine kirgizilgen milliylikti tiklew ha’m u’rip-a’det ha’m da’stu’rlerimizdi jari’ti’w ma’seleleri pu’tkil O’zbekistan Respublikasi baspaso’zinde bolg’ani’ si’yaqli’ Qaraqalpaqstan Respublikasi gazeta-jurnallari’nda ju’zege kelip, bekkemlenip ati’rg’an demokratiyali’q jag’day publicistlerimizdin’ ku’shine ku’sh qosi’p, wolardi’n’ milliy qa’diriyatlar ha’m xali’q ma’pleri joli’nda qa’lem terbeltiwge u’lken ma’det bermekte.

Bu’gingi gazeta sanlari’n jobolasti’ri’wda derlik ha’r bir materialg’a miliy qa’diriyat ha’m milliy qaharmanlari’mi’z, xali’q dani’shpantlari’ ha’m shayi’rlari’ni’n’ shi’g’armalari’n, woni’n’ ruwxi’yati’n sin’diriw ma’selesine ayri’qsha itibar qarati’lmaqta. Bul bag’dardag’i’ materiallar arnawli’ rubrikalar menen de berilip bpri’lmaqta. Ma’selen, «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’nda ja’riyalang’an klassik shayi’rlar haqqi’ndag’i’ maqalalardi’n’ ko’pshiligi «A’jiniyaz Qosi’bay uli’ni’n’ 175 ji’lli’g’i’ aldi’nan», «Berdaq shayi’rdi’n’ tuwi’lg’ani’na 170 ji’l» rubrikalari’ asti’nda berilgen. Bul ilimiy-publicistlik maqalalarda A’jiniyaz ha’m Berdaqti’n’ xali’qti’n’ ruwxi’y-ag’arti’wshi’li’q ha’m milliy ma’deniyati’n rawajlandi’ri’wdag’i’ roli, soni’n’ menen birge wolardi’n’ haqi’yqi’y ag’arti’wshi’ insan yekenligin ko’rsetip beriwge qarati’lg’an. A’lbette, bul bu’gingi glaballasi’w da’wirinde jaslar ta’rbiyasi’nda u’lken a’hmiyetke iye.

Juwmaqlap aytqanda, gazeta redakciyasi’ jumi’slari’n jobalasti’ri’wda gazetani’n’ jan’a sani’ ushi’n tematikali’q jaqtan rejesin islep shi’g’i’w ha’m wonda milliy qa’diriyatlar ma’selelerine ayri’qsha itibar qarati’w bu’gingi ku’ndegi yen’ a’hmiyetli ma’selelerden biri boli’p yesaplanadi’. Gazetani’n’ jan’a sani’ ushi’n tematikani’ rejelestiriwde «Erkin Qaraqalpaqstan» ha’m «Vesti Karakalpakstana» gazeta redakciyalari’ miliy qa’diriyatlar, milliy qaharamanlar wo’miri ha’m do’retiwshiligin u’yreniw temasi’n jobolasti’ri’w bir qansha qa’liplesip, wo’z ta’jiriybesi ha’m a’meliyati’ barg’an sayi’n jetilisip barmaqta. Solay bolsada milliy qa’diriyatlari’mi’zg’a bayli’ni’sli’ materiallarni gazetada

jari'ti'wdi' rejelestiriw menen bir qatarda veb-saydlari'nda da u'zliksiz sa'wlelendiriw ma'selesin jobolasti'ri'w da'wir talabi' yesaplanadi'. Sebebi, bu'gingi xabar globballasi'wi' da'wirinde a'sirese, jaslari'mi'zdi' miliy da'stu'rlerimizge sadi'qli'q ruwxi'nda ta'rbiyalawda Internet jurnalistikasi' da u'lken rol woynaydi'.

## 2.2. Ja'miyetlik-siyasiy gazetalardag'a rubrika tan'law wo'zgesheligi

Bu'gingi informacion texnologiyali'q rawajlani'wlar gazeta islerin jobalasti'ri'w bari'si'nda rubrikalarg'a jan'asha jantasi'wg'a tiykar jaratti'. Bunday janalani'wlar respublikali'q ja'miyetlik-siyasiy gazetalar yesaplang'an «Erkin Qaraqalpaqstan» ha'm «Vesti Karakalpakstana» gazetalari'nda da ju'zege kelmekte. Ha'zirgi ku'nde yelimizde ju'z berip ati'rg'an ja'miyetlik-siyasiy, ekonomikali'q, ma'deniyat, sport ham basqada tarawlardag'i' jan'ali'qlardi' woperativ turde berip baratug'i'n, gazetalar ishinde ken' auditoriyaga iye bolg'an respublikali'q basi'li'mlardan sanaladi'. «Erkin Qaraqalpaqstan» ha'm «Vesti Karakalpakstana» gazetalari'nda ko'plegen rubrikalar wori'n alg'an.

Rubrika haqqi'nda tusindirme so'zliklerde ha'm ayi'ri'm maqalalarda bir qansha tu'sinikler berilgenligin ko'remiz. A.M.Proxorovti'n' redaktorli'g'i'ndag'i' enciklopediyali'q so'zlikte «Rubrika – lati'nsha «rubrica» so'zinen ali'ng'an – wol qi'zi'l kraska menen jazi'lg'an ni'zamni'n' basi' atamasi' degen ma'nisti anlatadi'. 1) Gazeta-jurnal bo'liminin' bas atamasi'. 2) Bo'lim, grafa»-dep ko'rsetilse, I.Romanovskiydin' «MASS MEDIA. Terminler ha'm tu'sinikler so'zligi» atli' kitabi'nda «Rubrika (head, header, heading, headline) tek g'ana bir auditoriya ushi'n arnalg'an ha'm yefirge bir waqi't arali'g'i'nda shi'g'atug'i'n ko'rsetiwdin' belgili bir tematikali'q bag'dari'n rawajlandi'ri'wshi' filmler yamasa ko'rsetiwler birligi»[1] -degingen.

[1] Romanovskiy I. MASS MEDIA. Slovar terminov iponyatiy. – M.: Izd. Soyuza jurnalistov Rossii. 2004. – S. 315.

Ja’ne bir so’zlikte bolsa «Rubrika so’zinin’ ani’q awdarmasi’ – lati’nsha – «qi’zi’l»-degen ma’nini bildirip, russha «qi’zi’ldan baslap jaz» ibarasi’nan «bo’lim», «taraw» degen ma’nilerde de keledi. Al, gazetada bolsa «maqalani’n’ baslamasi’», «maqalani’n’ basi’» degen ma’nilerdi bildiredi»-dep atap ko’rsetiledi. Al professor F.A.Muminov bolsa, wo’zinin’ maqalasi’nda «Rubrika – ma’niles bolg’an tematikadag’i’ jurnalistlik materiallardi’n’ uli’wmali’q atamasi’»-degen pikirdi bildiredi.

Bul haqqi’nda D.Bekbawliev wo’zinin’ «Gazetada rubrika (Qaraqalpaqstan baspaso’zi materiallari’ mi’sali’nda)» atli’ maqalasi’nda: «Rubrika – so’zi asti’ si’zi’lg’an degen ma’ni an’lati’p, gazeta-jurnallarda belgili bir mazmundag’i’ publicistikali’q shi’g’armani’n’ bir atama asti’nda ja’mlestirilip beriliwin de bildiredi. Sonday-aq, rubrikalar ko’pshilik jag’daylarda bir qansha maqalalardi’n’ mazmuni’n ashi’p beriwge ha’reket jasaydi’ ha’mde auditoriya da birinshi gezekte gazetani’n’ rubrikalari’na ko’z juwi’rti’p, son’ maqalani’ woqi’wg’a kirisedi. Soni’n’ menen birge rubrikalar gazetada ja’riyalani’p ati’rg’an maqalani’n’ temasi’na ayqi’nli’q kirgizip, woni’n’ aldi’na qoyg’an maqset ha’m talaplari’n toli’qti’ri’p baradi’.

J.Wo’tegenovti’n’ avtorli’g’i’ndag’i’ «To’rtinshi ha’kimiyat so’zligi» atamasi’ndag’i’ kitipta «Rubrika - so’zi asti’ si’zi’lg’an degen mag’anani’ an’lati’p, gazeta-jurnallarda belgili bir mazmundag’i’ publicistikali’q shi’g’armani’n’ bir atama asti’nda beriliwin bildiredi. Rubrika ati’nan woqi’wshi’ ku’tetug’i’n na’rse da’rriw ko’zge taslanadi’»[1]-dep ko’rsetilgen.

Ko’rip turg’ani’mi’zday ali’mlari’mi’zdi’n’ rubrika haqqi’nda bildirgen pikirleri bir-birine ju’da’ jaqi’n boli’p, biri yekinshisin toli’qti’ri’p baradi’. Demek, rubrika degenimiz birdey mazmun ha’m tematikadag’i’ yeki yamasa wonnanda ko’p jurnalistlik materiallardi’n’ uli’wmali’q atamasi’ boli’p tabi’ladi’.

Ja’miyetlik-siyasiy gazetalarg’a rubrika tan’lawdi’ jobalasti’ri’wdi’ ko’rip shi’g’ami’z. «Erkin Qaraqalpaqstan» ha’m «Vesti Karakalpakstana», gazetalari’ ken’ ko’lemde shi’g’ari’latug’i’n ja’miyetlik-siyasiy respublikali’q basi’li’mlar

[1] Wo’tegenov J.K. To’rtinshi h’a’kimiyat so’zligi. – Nokis: KMU. 2004. – B. -34.

yesaplani'p, respublikali'q ko'lemdegi mashqalalardi', jan'ali'qlardi' sa'wlelendirip bari'wda tu'rli rubrikalardan ken' paydalani'w mu'mkinshiligine iye.

Gazetani'n' jan'a sani' ushi'n rubrikalardi' rejelestirgende woni' qoyi'li'wdi' worni'n'a qaray yeki tu'rge aji'rati'w mu'mkin.

Birinshisi, toli'q bir yamasa jarti' bet ushi'n arnalg'an rubrika. Bunday rubrika gazetani'n' bir betindegi yeki yamasa wonnanda kop bolg'an maqalag'a tiyisli boladi'. Wonda bir tematikag'a bag'i'shlang'an bir neshe jurnalistlik materiallar kalonkalar ja'rdeminde aji'rati'li'p beriledi.

Ekinshisi, maqalag'a arnalg'an rubrika. Bunday rubrika bir yaki bir neshe maqalag'a tiyisli boli'p, wol gazetani'n' kelesi sanlari'nda da takrar beriledi.

«Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi'nda to'mendegi rubrikalar berilip baradi': «2011-ji'l – Kishi biznes ha'm jeke isbilermenlik ji'li'», «Yadnama», «A'njuman», «Pa'rman ha'm woni'n' wori'nlani'wi'», «Reklama ha'm dag'azalar», «Bolajaq a'debiyatshi'lar qa'leminen», «Qatarlarda du'nya boylap», «Woqi'wshi' ma'sele ko'teredi», «A'lemde ga'p ko'p», «Seminar», «Bizin' zamanlasi'mi'z», «Poeziya», «Kitap jan'ali'g'i'», «Qarar ha'rekette», «Woqi'di'q pikir aytami'z», «Qi'sqa xabarlar», «Tan'law», «Bilimlendiriw», «Publicistika», «Internet - sport», «Sport», «Arami'zdag'i' adamlar», «Mu'na'sibet», «Ji'nayat ha'm jaza», «Wo'lmes qa'driyatlari'mi'z», «Tariyx ha'm ta'g'dirler», «Ekologiya ha'm biz» si'yaqli' bir neshe rubrikalar jari'ti'li'p bari'ladi'.

Bul rubrikalardi' beriliw waqti'na, a'hmiyetine, atqaratug'i'n xi'zmetine ha'm mazmun-ma'nisine karay to'mendegishe klassifikaciyalaw mu'mkin.

Birinshiden, gazetani'n' ha'r bir sani'n'da u'zliksiz berilip bari'latug'i'n turaqli' rublikalar. Ekinshi, ma'lim bir tarawdi' jari'ti'wg'a bag'i'shlang'an arnawli' rubrikalar. U'shinshi, ayri'm ja'miyetlik waqi'yag'a baylani'sli' beriletug'i'n mapazli' rubrikalar ha'm to'rtinshisi bul kammerciyali'q materillarg'a tiyisli rubrikalar boli'p tabi'ladi'.

Bul rubrikalardi' wo'z na'wbetinde bir neshe bo'limlerge ha'm tarawlarg'a bo'lip qarawi'mi'zg'a boladi'.

Birinshiden, turaqli' tu'rde berip bari'latug'i'n rubrikalar. «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi'nda turaqli' rubrikalar si'pati'nda to'mendegi rubrikalardi' aytaw mu'mkin: «Bilimlendiriw», «Medicina», «Ekologiya», «Sanaat», «Agrosanaat», «Sport», «Ku'nnin' temasi'», «Qa'nigenin' ken'esi», «Ulli' insanlar wo'mirinen», «Quri'li's», «Shi'pakerdin' ken'esi», «Tazali'q - densawli'qti'n' girewi», «Dem ali's beti», «Kim keldi?», «Ku'nnin' juwapkerli wazi'ypalari'», «A'lemde qi'zi'q ko'p», «Deputatlar minberi», «Talantli'lar arami'zda», «Kitap jan'ali'g'i'», «Deputatlar minberi", "Mu'na'sibet», «Bi'yi'l ba'rkamal a'wlad ji'li'» ha'm tag'i' basqalar.

Turaqli' rubrikalar asti'nda beriletug'i'n jurnalistlik materallar ha'r qi'yli' janrlarda wo'z ko'rinisin tabadi'. Ma'selen, «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi'ndag'i' bir g'ana «Agrosanaat» rubrikasi'n ali'p karaytug'i'n bolsaq, wonda maqala, intervyu, yesabat, xabar, korrespondenciya ha'm tag'i' basqada jurnalistika janrlari'ni'n' bar yekenligin ko'remiz.

Bul haqqi'nda ali'm D.Bekbauliev maqalasi'nda: «Turaqli' rubrikalar ji'l dawami'nda gazeta woqi'wshi'lari'ni'n' turaqli' si'rlasi' boli'p, gazeta materiallari'ni'n' yen' tiykari'n quraytug'i'n, jurnalistlik do'retiwshilik miynettin' na'tiyjesi si'pati'nda ko'zge taslanadi'. Gazeta materiallari'n analizley woti'ri'p ta'jiriybeli jurnalistlerdin' barli'q waqi'tta turaqli' rubrikalar asti'nda jumi's ali'p barg'an. «Erkin Qaraqalpaqstan», «Vesti Karakalpakstana», «Qoraqalpog'iston tongi» gazetalari' da aktual ma'selelerdi sa'wlelendiriwde usi' rubrikalardan ken' paydalang'an»[1]-dep aytadi'.

Ekinshiden, waqi'yag'a baylani'sli' beriletug'i'n yagni'y mapazli' rubrikalar. Mapazli' rubrikalar ji'ldi'n' ha'r bir ma'wsimine baylani'sli' atamalarda berilip bari'ladi'. Wolarg'a: «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi'nda bolsa, «Di'qqat, piyada», «Teknika remonti'», «Sharwa qi'slawi'ni'n' bari'si' qalay?», «Egis», «Qarako'lshilik», «Abadanlasti'ri'w ha'm ko'klemzarlasti'ri'wdi'n' bir ayli'g'i'», «XXI qi'sqi' wolipiada woyi'nlari'», «Mal qi'slati'w», «Ji'ldi' kim qalay juwmaqladi'», «U'ndewge is penen juwap»,

[1] Sonda.

«Tabi'slar ko'z aydi'n», «Universiada – 2010», «Son'g'i' qon'i'raw – 2010», «Paxta–2010», «Talaban–2010» si'yakli' rubrikalardi' ayti'u mu'mkin. Mapazli' rubrikalarg'a ma'mleketimiz siyasati'nda a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an reformalardi' sa'wlelendiriwde ken' itibar qarati'ladi'. Bul rubrikalar belgili bir sa'nelerge, ku'nnin' aktual ma'selelerinne a'hmiyetli waqi'yalarg'a baylani'sli' qollani'ladi'.

U'shinshiden, belgili bir tarawg'a baylani'sli' rubrikalar.

«Arnawli' rubrikalar da ilimpazlar tariyxshi'lar, a'debiyatshi'lar, jurnalistler, sonday-aq, belgili bir ka'sip iyeleri, qa'nigeler ta'repinen jazi'lg'an maqalalarg'a qoyi'li'p, avtor ta'repinen usi'ni's yetilgen ma'selenin' mazmuni'n' ashi'p beriwge qarati'ladi'. Arnawli' rubrikalar ha'r qi'yli' formalarda beriliwi mu'mkin. Ko'birek ilimiy maqalalarda, wocherk, informaciyali'q xarakterdegi maqalalarda, ma'selen, «Ko'rkem wo'nerge bag'i'shlang'an wo'mir», «Jaqsi'lardi'n' jarqi'n kelbeti», «18-may xali'q arali'q muzeyler ku'ni», «Bizin' zamanlasi'mi'z», «Tariyxi'y tulg'alar», «14-yanvar–Watan qorg'awshi'lar ku'ni», «Adam sawdasi' – qa'wipli illeti», «9-aprel ulli' sahi'pqi'rani' Amir Temur tuwi'lg'an ku'n», «Prezident stipendianti'», «Pal ha'rreshilik», «O'zbekistan xali'q shayi'ri' I. Yusupov – 80 jasta», «Jazi'wshi' T. Qayi'pbergenov – 80 jasta», «Akademik S. Kamalovti'n' 80 jasta ha'm tag'i' basqa formalarda derlik gazetani'n' ha'r bir sani'n'da berilip bari'lg'an arnawli' rubrikalar ko'pshilik jag'dayda birin-biri qaytalamaydi' ha'm tiykarg'i' mazmun sol jurnalist yaki qa'nige ta'repinen jazi'li'p ati'rg'an maqala qahramani'n'i'n' qa'rekterin ashi'p beriwge qarati'ladi'. «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi' informaciyali'q xarakterdegi maqalalarda da arnawli' rubrikalardan na'tiyjeli paydalani'p kelmekte. Mi'sali': «9-may Eske ali'w ha'm hu'rmetlew ku'ni», «1-iyun Xali'q arali'q balalardi' qorg'aw ku'ni», «18-may –Xali'qarali'q muzeyler ku'ni», "15-mart– Uli'wma xali'qli'q shembilik", "5-iyun – Du'nyaju'zlik qorshag'an wortali'qti' qorg'aw ku'ni" ha'm tag'i' da basqa usi' mazmundag'i' turaqli' rubrikalar asti'nda ma'mleketimiz turmi'si'nda a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an ulli'

jen'isler, jetiskenlikler haqqi'ndag'i' informaciyali'q bildiriwler berilip bari'lg'an»[1]

«Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi'nda «Du'nya xabarlari'» rubrikasi' qi'sqa kolonkada bir neshe xabarlardan, su'wretler menen bezetilip beriliwi woqi'wshi' itibari'n tartadi'. Bul mag'li'wmatlar internet materiallari' arqali' ali'ng'an. Rubrikani'n' worni', derlik ha'r sanda beriliwi woqi'wshi'ni' woqi'wg'a shaqi'radi'. Ja'ne de ha'zirde du'nya xabarlari' ha'mmeni qi'zi'qti'ri'wi' turg'an ga'p.

«Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi'nda «Qarar ha'm woni'n' wori'nlani'wi'» rubrikasi'nda Prezidentimiz ta'repinen qabi'l yetilgen pa'rman, qararlardi'n' wori'nlarda wori'nlani'wi' haqqi'nda ayti'lsa, «Qarar ha'rekette» rubrikasi'nda sol si'yaqli' qarar na'tiyjesi ha'm juwmaqlar beriledi. «Qi'sqa xabarlar» dep atalg'an rubrikada bolsa, respublikami'zda ju'z bergen xabarlarg'a qi'sqasha toqtali'p wo'tedi.

Ha'r ji'li' ji'l atamasi'na baylani'sli' rubrika sol atamag'a tiyisli, ha'r ayda wo'tkeriletug'i'n ayli'qlar shen'berinde ha'm juwmag'i'na baylani'sli' rubrikalar («Wo'rt qa'wipsizligi bir ayli'g'i'»), ha'r bir tarawg'a tiyisli («Bali'qshi'li'q», «Agrosanaat», «Qoy qi'slati'w», «Bilimlendiriw», h.t.b.), belgilenip wo'tiletug'i'n bayram ku'nlerine baylani'sli' («1-dekabr – Qaraqalpaq tiline ma'mleketlik til biyligi berilgen ku'n», «8-dekabr - O'zbekistan Respublikasi' Konstituciyasi' ku'ni» h.b.), rubrikalar ma'lim bir waqi't arali'g'i'nda berilip turi'ladi'.

Bunday rubrikalardi' beriliwden maqset bir tema yaki bag'dar asti'nda bir neshe maqalalar berilip, i'qshamlasti'ri'w, bag'darlaw wazi'ypasi'n da atqaradi'. Ko'pshilik rubrikalar ha'r sanda berilip barsa, gey bir rubrikalar ayi'na, belgili ku'nlerde beriledi. Ma'selen: «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi'nda «Kitap jan'ali'g'i'» atli' rubrika asti'nda jan'a kitap baspadan shi'qqan waqi'tta xabar beriwden ibarat boli'p, ha'r sanda berille bermeydi. Al «Ushi'rasi'w», «Seminar»,

[1] Bekbawliev D. Gazetada rubrika (Qaraqalpaqstan baspaso'zi materiallari' mi'sali'nda) // Berdaq ati'ndag'i' Qaraqalpaq ma'mleketlik universiteti Xabarshi'si'. 2011-ji'l.

«Sport» ha’m usi’ si’yaqli’ rubrikalar asti’nda bir neshe maqalalar ha’r sanda ja’riyalani’p turadi’.

«Poeziya», «Gazeta woqi’wshi’lari’ni’n’ do’retpelerinen» rubrikalari’ «Dem ali’s beti» nde ja’riyalani’p turadi’. Al «Sport», «Internet - sport» rubrikalari’nda yelimizdegi ha’m ja’ha’n sporti’ jan’ali’qlari’ qi’sqasha berilip bari’ladi’.

Gazetada reklamali’q xarakterdegi rubrikalarda ulken a’hmiyetke iye. Sebebi, bazar ekonomikasi’ da’wirinde gazeta redakciyalari’ yuridikali’q ta’rep bolg’anli’g’i’ ushi’n reklama ha’m kommerciyali’q kanallar arqali’da qarji’ tu’sirip, jaqsi’ payda ali’wga ha’reket yetpekte. Reklamadan tu’sken qarji’lar bu’gingi ku’nde g’alaba xabar qurallari’ redakciyalari’ni’n’ yen’ basli’ qarji’ tu’siriw tetigi boli’p qalmakta. Sonli’ktanda bugingi kunde gazeta betlerinda reklamali’q xarakterdegi rubrikalarda sani’ barg’an sayi’n arti’p barmakta.

Reklamali’q xarakterdegi rubrikalar wo’z dizayni’, fotosu’wretleri menen aji’rali’p turadi’. Bular «Xabarlandi’ri’wlar ha’m Reklama», «Dag’aza», «Qutli’qlawlar» h.b. Bularda derlik ha’r sanda gu’zetilip ayi’ri’m payi’tlari’ ko’lemli tu’s aladi’.

«Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’nda «Respublika Joqari’ Ken’esinde», «Joybar» si’yaqli’ rubrikalar bolsa, gezektegi ha’m gezeksiz sissiya, ma’jilislerden mag’li’wmat beredi. Ha’r qi’yli’ ayli’qlar shen’berinde wo’tkeriletug’i’n rubrikalarda ayli’q juwmag’i’ ha’m wo’tkeriletug’i’n ilajlar haqqi’nda mag’li’wmat beriledi.

«Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’nda «Ulli’lar wo’mirinen», «Yadnama», «Arami’zdag’i’ adamlar», rubrikalari’nda bul du’nyadan wo’tken ata-babalar, jerleslerimizden shi’qkan ulli’ tulg’alar, arami’zdag’i’ miynet aldi’ng’i’lari’ h.b. beriledi. Usi’ si’yaqli’ gazetada bir neshe rubrikalar ha’r sanda, ayi’na, belgili bir bayram ku’nlerinde shi’g’atug’i’n rubrikalar gazetani’n’ mazmunli’ shi’g’i’wi’na ha’m woqi’wshi’lar auditoriyasi’ni’n’ itibari’n qarati’wg’a mo’lsherlengen boladi’. Usi’lay bo’lip qarap, ha’r bir rubrikag’a qi’sqasha toqtap wo’temiz.

«Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi'nni'n' **d**erlik ha'r sanda berilip baratug'i'n rubrikalarg'a a'hmiyeti joqari' bolg'an «A'njuman», «Seminar», «2011-ji'l – Kishi biznes ha'm jeke isbilermenlik ji'li'», «Qarar (pa'rman) ha'm woni'n' wori'nlani'wi'», «Ko'shpeli ma'jilis», «Sport», «Xatlar, Xabarlar», «Qi'sqa xabarlar» ha'm basqa rubrikalar gazeta sa'ni boli'p xi'zmet yetip kelmekte. Bul rubrikalar asti'nda bir yamasa birneshe maqalalar bir temag'a bag'darlang'an halda beriliwin gu'zetiwimiz mu'mkin. Ma'selen: «Qarar ha'm woni'n' wori'nlani'wi'» rubrikasi'nda «Elektron shi'jlan ko'beymekte»[1] - atli' maqala berilip, wonda yelimizde aqsha aylani'si'n jetilistiriw, xali'qti' plastik kartochkalardan paydalang'an halda to'lemler qabi'l yetiw, qolayli' sharayatlar jarati'w bari'si'nda prezidentimiz qarari'ni'n' wori'nlani'wi' «Aloqabank» ashi'q akcionerlik kommerciyali'q bankinin' yesabati' haqqi'nda ayti'ladi'.

Solay balsada, «Erkin Qaraqalpaqstan» ha'm «Vesti Karakalpakstana» gazetalari'ndag'i' bazi' rubrikalardi' jan'alap bari'w, ha'r tarawg'a arnalg'an rubrikalar sani'n' ko'beytiw ha'm wolardi' bir-birinen aji'rati'p turi'wshi' kolonkalardi'n ko'rkemlik dizaynin ja'ne de ku'sheytiw maqsetke muwapi'q dep yesaplaymi'z. Sonday-aq, gazetalarda milliy ruwxti' ko'teriwshi, milliy ha'm uli'wmainsani'y qadriyatlardi' yen jaydi'ri'wg'a xi'zmet yetiwshi rubrikalar menen toli'qti'ri'w, auditoriyani' wo'zine tartati'g'i'n rubrikalar ashi'w, wolar u'stinde tan'lawlar wo'tkiziw gazeta rubrikalari'ni'n' na'tiyjeligin artti'radi'.

Juwmaqap aytqanda, «Erkin Qaraqalpaqstan» ha'm «Vesti Karakalpakstana» gazetalari'ni'n' jan'a sani' ushi'n rubrikalardi' rejelestirgende yelimizde ju'z berip ati'rg'an ja'miyetlik-siyasiy, ekonomikali'q, ma'deniyat, sport ha'm basqada tarawlardag'i' jan'ali'qlardi' woperativ tu'rde jetkerip beriwge u'les qosatug'i'n rubrikalardi' tan'lawg'a ha'reket yetip ati'rg'anli'g'i' seziledi.

---

[1] «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi', 2010-ji'l, 4-dekabr.

## 2.3. Redakciya islerin rejelestiriwde gazetag'a kelgen xatlardi'n' a'hmiyeti

Bu'gingi redakciya islerin rejelestiriwde gazetag'a kelgen xatlar u'lken a'hmiyetke iye. Xatlar redakciya menen gazeta woqi'wshi'lari'n bir-birine baylani'sti'ri'wshi' yen' ken' taralg'an qurallardan biri boli'p yesaplanadi'. Redakciyag'a kelgen xatlardi' to'mendegishe tiykarg'i' u'sh bag'darda qollani'wi' mu'mkin:

1. Gazeta materiallari'nda xatlardan qi'sqa yamasa toli'q paydalani'w. Bunda redakciyag'a kelgen xatlar jurnalist do'retiwshiliginde ja'miyetshilik pikiri si'pati'nda sa'wlelenedi. Sonday-aq, ayi'ri'm jag'daylarda waqi'yali'qti' sa'wlelendiriwshi, jurnalistlik tekseriw wo'tkeriwge u'ndewshi fakt si'pati'nda da paydalani'w mu'mkin. Buni' biz respublikami'zdi'n' jetekshi gazetasi' yesaplang'an «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi'nda «Bir xatti'n' izinen»[1] rubrikasi' asti'nda beriletug'i'n maqalalar tiykari'nda ko'riwimiz mu'mkin. Ma'selen, «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi'ni'n' 2015-ji'l, 13-yanvardag'i' №6 (19624) sani', «Bir xatti'n' izi menen» rubrikasi'ndag'i' gazetani'n' wo'z xabarshi'si' A'.Worazovti'n' «Tiyisli ilaj ko'riwdi talap yetedi» atli' maqalasi' ja'riyalang'an. Maqalada: «1982-ji'li' «Qarateren'» ko'linin' tasi'wi' na'tiyjesinde wo'zinin' tuwi'li'p wo'sken ma'kani'n taslap ko'shiwge ma'jbu'r bolg'an «Qumqaptal» awi'li'ni'n' turg'i'nlari' bu'gingi ku'nge kelip ja'ne bir ta'biyg'i'y apatshi'li'q yesaplang'an termit qurti'nan ja'bir ko'rmekte. Bul mashqala boyi'nsha jaqi'nda yelat xalqi'ni'n' mu'ra'jati'na bola bizler usi' aymaqta boli'p, ju'zege kelgen jag'day menen jaqi'nnan tani'sti'q.

- Bir jag'i' diyqanshi'li'q, bir ta'repi sharwashi'li'qqa qolay bolg'anli'qtan usi' jerge qoni's basqan yedik, - deydi awi'l jasi'u'lkenlerinin' biri Axmet Bekniyazov. – 2000-ji'ldan termit degen payda boldi'. Wol u'ylerimizdin' to'besine basti'rg'an ag'ashtan baslap, tap pol taxtaylari'mi'zg'a deyin ishinen kemirip jep,

[1] «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi', 2014-ji'l, 23-yanvar.

adamlardi' baspana si'z qaldi'rmaqta. Jaz aylari'nda jaydi'n' to'besi ishke qulap tu'spewi ushi'n, ha'r qi'yli' preparatlardi' sati'p ali'p, u'ydin' ishin da'rilep shi'g'ami'z. Lekin qi's aylari'nda ku'ta' qi'yi'n. Jazda sebetug'i'n da'rilerdi ja'ne sebeyik desek, bala-shag'ami'zdi' za'ha'rlep alami'z ba dep qorqami'z. Qoni'sti' jan'artayi'q degen ma'niste turaq jay quri'w ushi'n jer sorap rayon ha'kimi ha'm basqa da tiyisli ma'keme-sho'lkem basshi'lari'na mu'ra'jat yettik. Ma'sele yele toli'q sheshilmey ati'r. Endi, bul awi'lda segiz xojali'q g'ana qaldi'q.

- Termit woshaqti'n' mori'si'na uya sali'p pitep taslapti'. Woti'n jag'ayi'n desem, mori'mi'z tartpay qi'ynali'p ati'rmi'z, - deydi usi'nday ja'birkeshlerdin' biri Ibadulla Arzi'mbetov.

Bunday awi'r jag'daylardi' awi'ldi'n' ha'r bir u'yinen ushi'ratasi'z. Derlik barli'q u'yler to'be ha'm pol taxtaylari'n ali'p taslag'an. Termitler ji'lli' jerge wo'sh qusaydi'. Wot jag'atug'i'n woshaqlardi'n' do'gereklerin bul zi'yankeslerdin' uyalari' basi'p ketipti.

Ta'biyg'i'y apatshi'li'qtan ja'bir ko'rip ati'rg'an bul awi'l turg'i'nari'na rayon ha'kimligi ta'repinen qanday ja'rdemler berilip ati'rg'anli'g'i'n biliw maqsetinde rayon ha'kiminin' birinshi wori'nbasari' To'lepbergen Nurmanov penen ushi'rasi'p, woni'n' pikirleri menen qi'zi'qsi'ndi'q.

- Termit zi'yankesine qarsi' buri'ni'raqta Qi'zi'lqumda profilaktika ilajlari' ali'p bari'latug'i'n yedi, - deydi T.Nurmanov. – Lekin, ha'zirgi ushi'rasi'p ati'rg'an ekonomikali'q mashqalalarg'a baylani'sli' bunday ilajlar tiyisli uyi'mlar ta'repinen a'melge asi'ri'lmay ati'r. Sonli'qtan bolsa kerek, son'g'i' won ji'ldi'n' ishinde rayoni'mi'zdi'n' Qi'zi'lqum ha'm wog'an shegaralas jaylasqan aymaqlari'nda termit qurti' ha'wij ali'p, bir qatar yelatli' punklerdin' turaq jaylari'n qa'wip asti'nda qaldi'rmaqta. Bul ma'sele boyi'nsha

«Qarateren'» awi'l pwkalara ji'yi'ni'ndag'i' «Qumqaptal» yelati' turg'i'nlari' turaq jay quri'li'si' ushi'n rayon ha'kiminen jer sorap mu'ra'jat yetken yedi. Usi' mu'ra'jat tiykari'nda rayonli'q arxitektura ha'm quri'li's bo'limi ha'm jer resurslari' ma'meketlik kadastr bo'limi xi'zmetkerleri awi'l xalqi' menen ushi'rasi'w wo'tkerdi. Puqaralar ta'repinen soralg'an jer maydanlari' bari'p ko'rilip, bul boyi'nsha to'mendegiler ani'qlandi'.

Bul jer maydani' awi'l jojali'q kartasi'ni'n' 602, 604, 605, 606, 607, 608, 609, 610, 611 konturlari'nda jaylasqan boli'p, uli'wma iyelegen ko'emi 29,27 gektar yegislik jerden ibarat ha'm woni'n' topi'raq qunarli'li'g'i' 52,6 ball bonitet penen bahalang'an. O'zbekistan Respublikasi' jer kodeksinin' 26-27-statyalari'nda bunday jerlerdi quri'li's ushi'n aji'rati'p beriw qadag'an yetilgen. Sol sebepli joqari'dag'i' jer maydanari' turaq jay quri'li'si' ushi'n puqaralarg'a aji'rati'p berilmedi. Bul haqqi'nda awi'l xalqi'na tu'sinik berilip, wolarg'a yelatli' punktler ishindegi bos turg'an jer wori'nlari' turaq jay quri'li'si' ushi'n usi'ni's yetildi. Biraq, awi'l turg'i'nlari' ko'rsetigen jer wori'nlari'n qa'lemey wo'zleri sorap turg'an jer maydanlari'n aji'rati'p beriwdi soradi'.

Haqi'yqati'nda da, O'zbekistan Respublikasi'ni'n' jer kodeksine muwapi'q bunday yegislik jerler puqaralarg'a turaq jay quri'li'si' ushi'n aji'rati'p berilmeydi. Sapari'mi'z bari'si'nda bizler awi'l turg'i'nlari'na bul haqqi'nda ja'ne bir ma'rtebe tu'sinik beriwge ha'reket yettik ha'm rayon ha'kimligi qanigeeri menen birlikte turaq jay quri'li'si' ushi'n aji'rati'lg'an jer wori'nlari'n ko'rsettik. Wolar arasi'nan Ibadulla, Nag'metulla ha'm Hikmetulla Arzi'mbetovlar wo'zlerinin' bul usi'ni'sqa razi' yekenligin bildirip, ko'rsetken ja'rdemi ushi'n gazeta redakciyasi'na minnetdarshi'li'q sezimlerin bildirdi.

Shi'ni'nda da, son'g'i' ji'llari' respublikami'zdi'n' qumli' aymaqlari'nda bunday qa'wipli jag'daylar ushi'rasi'p, puqaralari'mi'z a'dewir materialli'q ha'm ruwxi'y zyang'a kalmaqta. Respublikami'zdi'n' tiyisli sho'lkem basshi'lari' wori'nlardag'i' termit woshaqlari'n saplasti'ri'w ilajlari'n ku'sheytiw ha'm wolardi'n' aldi'n ali'w boyi'nsha aldag'i' waqi'tlari' arnawli' is-ilajlar islep shi'g'i'p xalqi'mi'zg'a ja'rdem qollari'n sozadi' dep isenemiz»[1]

2. Xatlarg'a sholi'w jasaw. «Xatlarg'a sholi'w» ha'm basqada rubrikalar menen beriletug'i'n redakciyag'a kelgen materiallar sholi'wi'. Bu'gingi ku'nde «Xatlarg'a sholi'w» di' derlik ba'rshe basi'li'mlarda ushi'rati'w mu'mkin. Bunda tiykari'nan redakciyag'a kelgen xatlar analizi yag'ni'y, avtorlardi'n' tilek-usi'ni'slari', pikirleri ha'm tag'i' basqalar beriledi. Buni'n' yekinshi ko'rinisi redakciyag'a kelgen xatlarg'a juwaplarda da ko'zge taslanadi'. Ma'selen, bul bag'darda «Xalq so'zi» gazetasi'ndag'i' «Yuzma-yuz» («Ju'zbe-ju'z») rubrikasi'nda beriletug'i'n xatlarg'a juwaplar ba'rshe gazeta redakciyalari' ushi'n u'lgi bola aladi'. Bunda gazeta woqi'wshi'si' wo'zin qi'zi'qti'rg'an ma'sele boyi'nsha redakciyag'a xat jollaydi'. Redakciya xatti' u'yrenip shi'g'i'p wog'an qa'nigenin' juwap beriwin sho'lkemlestiredi. Na'tiyjede puqara ha'm qa'nige baylani'si'n wornatadi'.

3. Gazeta redakciyasi' islerin rejelestiriwde paydalani'w. Bul yen' a'hmiyetli bag'dari' boli'p tabi'ladi'. Sebebi, bunda redakciyag'a kelgen xatlar tiykari'nda redakciya islerin jobalasti'ri'wda nelerge itibar beriw kerekligi, qanday rubrikalardi' beriw lazi'mli'g'i', auditoriya redakciya ja'ma'a'tinen qanday tematikani', dizayi'ndi' ha'm nelerdi ku'tetug'i'nli'g'i'n u'yrenedi ha'm solar tiykari'nda redakciya islerin rejelestiredi.

Xatti'n' tiykarg'i' qa'siyeti gazeta woqi'wshi'si'ni'n' qandayda bir qi'zi'qti'rg'an temag'a waqi'ya yaki ha'diysege aktiv mu'na'sebeti boli'p tabi'ladi'. Ayri'm waqi'tlari' gazetada jariyalang'an maqalalarg'a gazeta woqi'wshi'lari'ni'n' mu'na'sebeti, pikirleride beriliwi mu'mkin. Bul tiptegi

[1] Worazov A'. Tiyisli ilaj ko'riwdi talap etedi.//Erkin Qaraqalpaqstan. 2015. 13-yanvar

materiallar «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’nda «Woqi’di’q, pkir aytami’z» rubrikasi’ menen jiye berilip bari’ladi’. Ma’selen, «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’ 2015-ji’l, 14-apreldegi №45 (19663) sani’ «Woqi’di’q, pkir aytami’z» rubrikasi’ndag’i’ S.Nazarbekovti’n’ «Bazarlarda ta’rtip wornati’w – zaman talabi’» atamasi’ndag’i’ maqalasi’ sol tiptegi materialg’a kiritiw mu’mkin. Maqalada: «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’ni’n’ 2014-ji’l 25-dekabrdegi sani’nda ja’riyalang’an «Kisinin’ haqi’si’nan qorqpag’annan qorq» atli’ maqala bu’gingi ku’nde adamlardi’ tolg’andi’ratug’i’n a’hmiyetli ma’sele dep bilemen. Sol sebepten de woqi’p pikir ayti’p ati’rg’anlar sani’ ko’beymekte. Men de wo’zimnin’ azi’-kem pikirimdi bildirmekshimen. Biz ha’zir ilim ha’m texnikani’n’ ju’da’ rawajlang’an da’wirinde jasap ati’rmi’z. Ku’ndelikli jumi’slari’mi’zda paydalani’w ushi’n zamanago’y yesap-sanaq, baylani’s yaki turmi’s qa’jetleri texnikasi’ ha’m u’skeneler deysiz be, qullasi’, ne qa’lesen’iz barli’g’i’ bar. Xi’zmet sapari’ menen shi’g’i’s ha’m Evropa, wo’zimiz benen buri’ng’i’ awqamlas yellerde bolg’ani’mi’zda bazar ha’m du’kanlari’n ko’riw nesip yetken. Bazarlardag’i’ ta’rtip-intizamdi’, tazali’qti’ saqlaw, kisi haqi’si’na ko’z alartpawday yen’ juwapkerli jumi’slarg’a birden-bir qol ko’mekshisi yamasa sol wazi’ypalardi’ atqari’wshi’ – bul zamanago’y sawda ha’m baylani’s u’skeneleri. Sati’wshi’lar tek bazar ha’kimshiligine tiyisli yelektron ta’rezilerde sawda isleydi. Bul ta’reziler ma’mleketlik si’naw sertifikati’na iye ha’m solar ta’repinen plombalang’an boli’p, barli’g’i’ bir kompyuterlik worayli’q bazag’a jalg’ang’an. Eger qanday da bir sati’wshi’ ta’rezige wo’z ma’pi ushi’n wo’zgerisler kirgizbekshi boli’p ha’reket jasag’an jag’dayda, worayli’q baza avtomat ra’wishte usi’ ta’rezini tarmaqtan wo’shirip taslaydi’. Bazar ishindegi sati’wshi’lar jaylasqan ha’r bir qatardi’n’ basi’nda ha’m aqi’ri’nda qadag’alawshi’ ta’reziler wornati’lg’an. Qari’ydarlar sati’p alg’an zati’ni’n’ salmag’i’na gu’manlang’an

jag'dayda usi' ta'rezilerde qayta wo'lshep tekserip ko'riw mu'mkinshiligine iye. Sawda qatarlari' ha'r ta'repleme videokameralar arqali' turaqli' qadag'alani'p bari'ladi'. Sati'wshi'lardi'n' ko'kirek aldi'nda beydjik (vizitkalar) ilingen boli'p, bul sati'wshi'ni'n' ati'-jo'ni, qaysi' ka'rxana yaki ja'miyetke tiyisliligi yamasa jeke isbilermen yekeni ani'q ko'rsetiledi. Kishi du'kanlarda bolsa, ko'zge ko'rinetug'i'n jerde barli'q mag'li'wmatlar jazi'lg'an taxtayshalar ildiriledi. Bul taxtayshada du'kan kimge derek, sali'qtag'i' jeke yesabi', qullasi', toli'q mag'li'wmatlar boli'wi' kerek. Sati'wshi'lardi'n' jumi's waqti'ndag'i' kiyimleri de birgelki, yag'ni'y, tasti'yi'qlang'an forma boli'wi' tiyis. Bunday qag'i'ydalar sa'n ushi'n yemes, sapa ushi'n qollani'ladi'. Ha'r sapari' gazeta betlerinde yamasa radio ha'm televideniede bazardag'i' biybastaqli'qlar ayti'lg'an menen na'tiyjeler bolmay ati'r. Joqari'da ko'rsetilgen qag'i'ydalardi'n' barli'g'i' bir jerde woylap tabi'li'p, bir jerde yengizilgen na'rseer yemes, bir-birewden ko'rip-bilip ta'jiriybe artti'ri'lg'an ha'm ha'r ma'mleket wo'zinin' sharayati'na qarap qosi'mshalar yamasa wo'zgerisler menen yengizilgen. Bundag'i' bas maqset – qari'ydardi'n' haqi'si'n jegizbew, ta'rtip-intizamdi', tazali'qti' saqlaw, belgilengen qag'i'ydalar boyi'nsha jumi's ali'p bari'w.

Bizin' bazarlari'mi'zda usi' qag'i'ydalardi', a'sbap ha'm u'skenelerdi qollansa boladi'. Buni'n' ushi'n bazar ha'kimshiligine bati'li'q, al qala basshi'lari' wori'nlani'wi'n qadag'alaw kerek dep woylayman. Bazar sawdasi'ndag'i' ta'rtip buzi'wlar, kemis wo'lshep beriwler, tag'i' basqa da kemshiliker tek gazeta betlerinde jazi'li'p, radio-televideniede ayti'li'p na'tiyjesiz qala bermewi kerek. Buni'n' ushi'n joqari'da ayti'lg'anday, zamanago'y texnika ha'm u'skenelerden paydalani'w ha'm yengiziw boyi'nsha a'meliy da'l jumi's ali'p bari'li'wi' tiyis. Qala basshi'lari' menen birlikte bul

jumi’sti’ tikkeley sali’q inspekciyasi’, tuti’ni’wshi’lardi’n’ huqi’qi’n qorg’aw ja’miyeti de qadag’alawi’ kerek. Sonda ken’ ja’miyetshilikke de, ma’mleketke de ko’p paydasi’ tiyer yedi»[1]- dep wo’z mu’na’sebetin bildiredi. Xat uli’wmalasqan halda ja’miyetshilik pikirinin’ sa’wlesi, wol xali’q turmi’si’nda bolatug’i’n ishki ja’miyetlik processti tiklew imkani’n beredi.

Redakciyag’a kelgen xatlar mazmuni’ jag’i’nan turmi’stag’i’ ha’diyseler haqqi’nda xabar beredi. Usi’ fakt ra’smiy bolmag’an halda jurnalist qoli’nda toplang’an barli’q materiallar ha’m da’lillerdin’ sa’wleleniwine ja’rdem beredi. Ekinshiden, xatlar boli’p wo’tken ha’diyselerge xali’q ta’repinen berilip ati’rg’an bahani’ wo’zinde saqlag’an boladi’. U’shinshiden, xatlar ko’binese g’alaba temani’ bayan yetiw ha’m auditoriya pikirlerin sa’wlelendirgen boladi’. Bul bag’dardag’i’ xatlar ko’binese ««Erkin Qaraqalpaqstan»g’a juwap beredi» rubrikasi’ menen gazetani’n’ «Xatlar ha’m reportajlar» redakciyasi’ ta’repinen jazi’lg’an «Ma’sele unamli’ sheshiledi» atamasi’nda berilip bari’ladi’. Ma’selen, «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’ 2015-ji’l, 7-fevraldag’i’ №18 (19636) sani’nda ««Erkin Qaraqalpaqstan»g’a juwap beredi» rubrikasi’ menen gazetani’n’ «Xatlar ha’m reportajlar» redakciyasi’ ta’repinen jazi’lg’an «Ma’sele unamli’ sheshiledi» atli’ maqalasi’nda: «Jasi’rarli’g’i’ joq, son’g’i’ ji’llari’ respublikami’zdi’n’ Qi’zi’lqum sahrasi’ menen shegaralasqan ayi’ri’m yelatli’ punktleri termit zi’yankeslerinen ja’bir shekpekte. Bul ma’sele boyi’nsha puqaralar g’alaba xabar qurallari’na jiyi-jiyi mu’ra’jat yetip, ka’sipleslerimiz ta’repinen wolarg’a ni’zam tiykari’nda ja’rdem beriw boyi’nsha bir qatar a’meliy isler ali’p bari’lmaqta.

Jaqi’nda gazetani’n’ wo’z xabarshi’si’ A’.Worazov redakciyag’a Taxtako’pir rayoni’ «Qumqaptal» awi’li’ turg’i’nlari’ni’n’ usi’ mazmundag’i’ mu’ra’jati’ tiykari’nda wol jerdegi hal-jag’daydi’

[1] Nazarbekov S. Bazarlarda ta’rtip ornati’w – zaman talabi’. // Erkin Qaraqalpaqstan. 2015. 14-aprel

jaqi'nnan u'yrenip shi'g'i'p, «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi'ni'n' 2015-ji'l 13-yanvar №6 sani'nda «Tiyisli ilaj ko'riwdi talap yetedi» atamasi'ndag'i' maqalasi'n ja'riyalag'an yedi. Maqalada so'z yetilgen awi'l xalqi'ni'n' bu'gingi turmi'si' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinde ha'r ta'repleme talqi'lani'p, ja'birkeshlerge ni'zam tiykari'nda ja'rdem beriw boyi'nsha tiyisi sho'lkemlerge tapsi'rmalar berildi.

Jaqi'nda Qaraqalpaqstan Respubikasi' Jer resurslari' ha'm ma'mleketlik kadastr basqarmasi' basli'g'i' U.Ja'lelovtan redakciyami'zg'a to'mendegishe juwap keldi:

- Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' 2015-ji'l 14-yanvardag'i' tapsi'rmasi'na muwapi'q, «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi'ni'n' 2015-ji'l 13-yanvar №6 sani'nda «Tiyisli ilaj ko'riwdi talap yetedi» maqalasi'nda so'z yetilgen ma'seleler qa'nigelerimiz ta'repinen u'yrenip shi'g'i'ldi' ha'm aymaqtag'i' turaq jaylari' termit qurti' sebepli zi'yanlag'an puqaralarg'a turaq jay quri'li'si' ushi'n yegislik yemes, awi'l xojali'g'i'nda paydalani'lmaytug'i'n basqa jerlerden uchastka tan'law usi'ni's yetildi. Ha'zirgi ku'ni arza iyelerine turaq jay quri'li'si' ushi'n aymaqtag'i' 565, 568, 569, 570, 571-sanli' konturlardan jer maydanlari' tan'lani'p, topografiyali'q su'wretke ali'w jumi'slari' juwmaqlandi' ha'm «Qishloq qurilish loyiha» joybarlaw ka'rxanasi'nan kelisim ali'w ushi'n hu'jjetler toplami' islenbekte»[1]

Redakciyag'a kelgen xatlar yeki bag'dardag'i' mag'li'wmatlardi' wo'z ishine aladi':

1. Faktlerdin' ku'ndelikli turmi's ha'diyselerinin' sa'wleleniwi ha'm usi' faktler haqqi'ndag'i' jeke pikirler. Xatlardag'i' mag'li'wmatlardi'n' haqi'yqi'yli'g'i'n asi'ri'w ushi'n usi' hu'jjetlerdi ilimiy usi'lda analizlew qollani'ladi'.

[1] «Erkin Qaraqalpaqstan». 2015-ji'l. 7-fevral

2. Xatlardi' mazmun ha'm formali'q jaqtan u'yreniw.

Xatlardi' analizlewde jetekshi usi'llardan biri kontent-analiz usi'li' boli'p tabi'ladi'. Mug'darli'q analiz ta'rtibin ha'm woni' tu'rlishe bayanlaw usi'llari'n islep shi'g'i'p, jurnalist yaki izertlewshi usi' sistema arqali' ha'r bir xatti' ko'zden wo'tkizedi. Solay yetip, jurnalist uli'wmali'q na'tiyjelerge iye boladi' ha'm mazmun jag'i'nan za'ru'r bolg'an ha'r bir xatti' aji'rati'p ali'wg'a yerisedi. Xatlardi' uli'wmalasti'ri'w na'tiyjesinde ali'ng'an sociologiyali'q qa'lipte, wolardi'n' mug'darli'q, si'patli'q ko'rsetkishleri ha'm sistemali' wo'z-ara baylani'slari'n an'sat ko'riwge yerisiw mu'mkin.[1]

«Erkin Qaraqalpaqstan» ha'm «Vesti Karakalpakstana» gazetalari' redakciyalari'na kelgen xatlardi' u'yreniw na'tiyjesinde xatlardi' yeki tiykarg'i' tu'rde analiz yetiw maqsetke muwapi'q boladi' degen pikirge keldik. Birinshi tu'r analizinde xat avtorlari'ni'n' ja'miyetlik-demografiyali'q xarakterine baylani'sli' mag'li'wmatlardi' u'yreniw. Wonda avtorlardi'n' jasi', jasaytug'i'n worni', ji'ni'si', mag'li'wmati', ka'sibi, lawazi'mi' ha'm t.b. Ekinshi tu'rde xatlardi'n' mazmuni'nan yag'ni'y tematikali'q jaqtan klassifikaciyalaw. Bunda xat temasi', su'wretlenip ati'rg'an waqi'yani'n' bahasi' ha'm avtorli'q tu'sinigi, redakciyag'a kelgeninin' sebebi, ta'kirar jazi'lg'an xatlar, waqi'tti'n' belgilengen ma'lim bo'liminde xat mazmuni'ni'n' wo'zgeriw dinamikasi' u'yreniledi.

Xatlardi'n' tu'rli tiplerge bo'liniwi wolardi'n' za'ru'r tipologiyasi'na ali'p keledi. Wolardi' to'mendegishe u'sh bag'darda ko'rsetiw mu'mkin:

- maqset boyi'nsha
- avtorlar boyi'nsha
- problemalar boyi'nsha

Ma'selen, «Redakciyada xatlar menen islesiw» kitabi'nda xatlar avtorlari'ni'n' maqseti boyi'nsha to'mendegiler ayti'lg'an: «Redakciyag'a qatnas jasawdi'n' to'mendegi maqsetlerin sa'wlelendiredi:

1. Wo'zin-o'zi ko'rsetiwge, ja'miyetshiliktin' ta'n ali'wi'na, unamli' maqsetlerge umti'li'w.

---

[1] Muminov F.A. Sociologiya va jurnalist faoliyati. – T: Universitet. 1994. – B. 50.

2. Redakciya ha'm ja'miyetshilik itibari'n jan'a ha'm a'hmiyetli da'lillerge qarati'w.

3. Qi'zi'qti'ri'p ati'rg'an problema boyi'nsha wo'z pikir ha'm usi'ni'slari'n ayti'w, bunda wo'z pikirin bayanlaw, wori'nlaw sheshimin tabi'wg'a usi'ni's.

4. Redakciya ja'rdeminde tu'rli sho'lkemlerdin' jumi'slari'na ta'sir yetiw, yag'ni'y ma'mleket ha'm ja'miyetshilik islerin basqari'wda qatnasi'w.

5. Wo'zinin' pikirlerin ayti'wg'a umti'li'w

6. Redakciya jumi'slari'na, gazeta, televidenie ha'm radioda berilgen materiallarg'a wo'z mu'na'sebetin bildiriw ha'm usi' arqali' redakciya xi'zmetine ta'sir yetiw.

7. Redakciyadan, woni'n' xi'zmetkerlerinen informaciyalar ali'wg'a umti'li'w.

8. Jurnalistler menen bekkem baylani's wornati'w, wo'z ruwxi'y jag'dayi'n jen'illestiriw».[1]

Bug'an qosi'msha retinde «Erkin Qaraqalpaqstan», «Vesti Karakalpakstana» gazetalari', Qaraqalpaqstan teleradiokompaniyasi' redakciyalari'na kelgen xatlar tiykari'nda xatlardi'n' jollani'wi'ni'n' ja'ne yeki maqsettin ko'riwimiz mu'mkin. Birinshiden, joqari' lawazi'mli' shaxslar, sho'lkemler qanaatlanarsi'z islerine ari'z yetip redakciyag'a qatnas jasawi', yekinshiden, radio ha'm televidenie bag'darlamasi'na wo'zleri qa'legen qosi'qlar, su'wretler ha'm filmler kirgiziw haqqi'ndag'i' wo'tinishleri.

Juwmaqlap aytqanda, redakciyag'a kelgen xatlar ja'miyetshilik pikirinin' aynasi' boli'p yesaplanadi'. Sonli'qtan da, redakciyag'a kelgen xatlar gazeta islerin rejelestiriwde, rubrika tan'lawda, gazeta imijin ha'm dizaynin jarati'wda u'lken a'hmiyetke iye.

---

[1] Rabota s pismami v redakcii./Pod red.S.M.Gurevicha.-M.: Vi'sshaya shkola.-1991.-133-b.

# 3.BAP. REDAKCIYA XI’ZMETINDE BIZNES-REJENI JOBALASTI’RI’W

## 3.1. Redakciyani’n’ biznes is rejesi. Biznes rejelestiriwdin’ maqseti ha’m tu’rleri

Redakciyani’n’ ekonomikali’q jaqtan rawajlani’wi’nda, payda alatug’i’n xi’zmetin ta’miyinlewge qarati’lg’an bag’darlamasi’ biznes reje dep ataladi’.

Rejelestiriw-gazeta redakciyani’n’ na’tiyjeli basqari’w metodlari’ni’n’ biri boli’p tabi’ladi’. Biznes-is reje bul wo’nimnin’ islep shi’g’i’wdag’i’ maqsetin ha’m woni’n’ procesin ani’qlasti’ri’p ha’m bazar ekonomikasi’na a’melge asi’ri’wi’n mekeme basli’qlari’ni’n’ finans jag’dayi’n wonnan da’ramat ko’riw boli’p tabi’ladi’. Biznes is rejesiz zamanago’y gazeta bazar ekonomikasi’nda, informacion bazarda wo’mir su’re almaydi’.

Redakciyada biznes is reje woni’n’ finans rejelestiriwdin’ yen’ a’hmiyetli bo’limi yesaplanadi’. Biznes is rejeni tayarlawda redakciyani’n’ finans menedjeri juwapker boladi’, al woni’ ko’rip shi’g’i’wda bas menedjer ha’m bas redaktor juwapker. Biznes is rejede redakciyani’n’ uli’wma shi’g’i’ni’ ha’m da’ramati’n ani’qlaydi’. Biznes is reje ani’q ko’rsetilgen, qati’p qalg’an struktura arqali’ belgilenedi.

Baspa g’alaba xabar qurallari’ redakciyasi’ni’n’, madiakompaniyani’n’ biznes-rejesi degende ja’ma’a’t xi’zmetinin’ maqset ha’m yen’ a’hmiyetli bag’darlari’n, wolardi’n’ aldi’nda turg’an wazi’ypalari’n wori’nlawdi’n’ forma ha’m usi’llari’n, rejelestirilip ati’rg’an na’tiyjelerdi ta’miyinlew sha’rtlerin belgileytug’i’n jumi’s hu’jjeti tu’siniledi. Wol redakciya xi’zmetinin’ ha’mme ta’replerin qamti’ydi’. Woni’n’ belgili na’tiyjeligine yerisiw qurali’ yesaplanadi’. Sol sebepli wol redakciya menejmentinin’ ja’ma’a’t ekonomikasi’n basqari’w processinin’ yen’ a’hmiyetli qa’siyetlerinen biri yesaplanadi’.

Biznes-reje redakciya yaki kompaniya byudjeti menen u’zliksiz baylani’sqan. Byudjet wolardi’n’ basshi’lari’na qol asti’nda ne na’rseler bar yekenligi, gazetani’n’ jan’a sani’n shi’g’ari’w ushi’n qanday qurallardi’ sari’plawi’

ha’m usi’ qurallardi’n’  derekleri qanday yekenligi haqqi’nda ko’rinis beredi. Biznes-reje usi’ qurallardi’ qalay isletiw kerekligin redakciya ja’ma’a’tinin’ jumi’s bari’si’nda wolardi’n’ kelip tu’siwin qalay ta’miyinlew kerekligin ko’rsetedi. Wol ja’ma’a’t basshi’lari’na wolardi’n’  xi’zmetinin’ mo’ljellengen maqsetlerge yerisiwdin’ real sha’rt-sharayatlari’n ashi’p beredi.

Biznes-reje tu’rleri biznes-rejenin’ maqseti, wazi’ypasi’ menen belgilenedi. Birinshi ha’m yen’ a’hmiyetli tu’ri-gazeta yaki basqa G’XQn rawajlandi’ri’w rejelestiriletug’i’n usi’ ji’l yaki bir neshe ji’l dawami’nda redakciya xi’zmetin belgileytug’i’n biznes-reje. Bunday biznes-reje na’wbettegi finans ji’li’ baslani’wi’ aldi’nan finans menejeri ha’m ja’ma’a’ttin’ basqa basshi’lari’ ta’repinen islep shi’g’i’ladi’ ha’m de redakciyani’n’ ekonomikali’q xi’zmeti jo’nelis ha’m maqsetlerin belgilep, wolarg’a a’mel qi’li’natug’i’n tiykarg’i’ hu’jjetke aylanadi’. Biznes-rejenin’ basqa tu’ri-prezentaciya hu’jjeti  si’pati’ndag’i’ biznes-reje yesaplanadi’. Eger redakciya yaki kompaniyani’n’ maqseti qari’z yamasa pul granti’ ali’w bolsa, grantlar beretug’i’n sho’lkemge jiberiletug’i’n buyi’rtpani’n’ yen’  a’hmiyetli bo’legi yesaplanatug’i’n biznes-reje du’ziledi.

Bunday biznes-rejenin’ qa’siyetlerin ,a’lbette usi’ birlespenin’ talaplari’ da belgileydi. Biraq wo’z tiykari’na ko’re redakciyani’n’ a’piwayi’ biznes-rejesine parq qi’lmaydi’. Tiykari’nan woni’ duziwden maqset kredit ali’w bolsa, wol kompaniyani’n’ a’piwayi’ biznes-rejesinin’ qi’sqasha mazmuni’nan ibarat.Biznes-rejeden G’XQ basli’qlari’ ta’repinen islep shi’g’i’lg’an qanday da bir rejeni a’melge asi’ri’w ushi’n investiciya ali’w qa’lewi bolg’anda da paydalani’ladi’. Bul jag’dayda woni’n’ tiykarg’i’ bo’limi tovar-investor inam yetken qarji’larg’a tiykarlang’an gazeta, jurnal shi’g’arg’an bazardi’n’ marketing na’tiyjelerinen ibarat boladi’.Usi’ ta’repten biznes rejenin’  yeki turi tiykarg’i’ wazi’ypani’ atqaradi’: Ishki funkciya ha’m si’rqi’ qarji’landi’ri’wdi’ tarti’w ushi’n inam yetilgen hujjet yesaplanadi’.

Ha’r qanday biznes reje duzilip ati’rg’an ilajlardi’n’ maqseti ha’m wortag’a qoyi’lg’an  maqsetlerge yerisiw jollari’n ko’rsetiw kerek.A’dette yeki ji’ldan bes ji’lg’a shekm muddetke duziledi.Xali’q arali’q arali’q biznez a’meliyati’ni’n’

ko'rsetiwine qarag'anda biznes-rejesiz joybarda ma'pdar shaxslar: bank,investor sheriklerinin' qatnasi'na umit yetiwi mumkin yemes.

A'dette, jaqsi' islengen gazeta biznes-rejesi to'mendegilerge iye boladi':

-Titul qag'azi';

-tusindirme;

-Rezyume;

-Biznes tusinigi;

-Biznes iyesi yamasa qa'wenderler haqqi'nda mag'li'wmat;

-Marketing rejesi ;

-Sho'lkemlestiriwshi reje

-Islep shi'g'ari'w rejesi;

-Qarji' rejesi;

Biznes reje duzilgende qa'tege tek g'ana qag'azda jol qoyi'ladi', real jag'dayda woni'n' aldi'n ali'w mumkin.

Redakciya biznes-rejesin islep shi'g'i'wda **b**iznes-reje «Joybardi'n' a'melge asi'ri'wdi'n' maqsetke muwapi'qli'g'i' menen belgilenedi. Investiciyalardi'n' yeonomikali'q na'tiyjeligi» temasi'ndag'i' Erkin do'retiwshilik tu'ri desekte boladi'. Redakciya biznes-rejesin islep shi'g'i'w to'mendegi izbe-izlikte a'melge asi'ri'ladi'.

Karxanag'a beriletug'i'n barli'q sorawlar ko'rip shi'g'i'ladi';

To'mendegi sorawlardi'n' ha'mmesine juwap beriw ushi'n qanday qosi'msha mag'li'wmatlardi' ji'ynau kerekligi ani'qlanadi';

Ha'mme kerekli mag'lawmatlar ji'ynaladi';

Tiyisli yesap-kitaplar islenedi;

Turli jollar sali'sti'ri'ladi';

Sorawlardi'n' ha' r birine qarar qabi'l qi'li'nadi';

Biznes-rejenin' tikarg'i' bo'limlerin islep shi'g'i'w waqti'nda to'mendegi ma'selelerge itibar beriw usi'ni's yetiledi.

Rezyume bo'limnin' maqseti-bolajaq investorlarg'a joybardi'n' ma'nisine tez kirip bari'w, woni' bahalaw imkaniyati'n beriw.Rezyume turlishe tuste

boli'wi' ha'm qi'sqasha ko'rinistegi yesap-kitaplardi' wo'z ishine ali'wi' kerek.Esap-kitaplar ta'biyiy juwmaq na'tiyjelerin ko'rsetiwi ha'm investor ushi'n isenimli boli'wi' kerek.Rezyume ko'lemi yeki betten aspawi' kerek.

Rezyumenin' mazmuni':

-jan'a gazetani' sho'lkemlestiriw yaki tayar gazetani'n' koncepciyasi'n wo'zgerttiriw maqsetleri;

-rejelestirilip ati'rg'an baspani'n' ba'sekilesli bspalardan parqi';

-jan'a baspani'n' ren'ba'ren' boli'wi'na neler yeseeine yerisiledi;

-gazetani'n' shamalani'p ati'rg'an nusqasi', waqi'tli'li'g'i' ha'm ko'lemi, tu'sim, qa'rejetler, jalpi' payda, rentabellik haqqi'ndag'i' mag'li'wmatlar;

-sho'lkemlestiriwshilerdin' u'lesi ha'm kreditke mu'ta'jlik;

-kreditlerdi qaytari'w mu'ddetleri ha'm kestesi.

Bisnes bag'dari' gazeta yaki jurnal ko'rinesinde to'mendegiler ko'rsetiledi:

-paydalani'w derekleri,yag'ni'y woqi'wshi' ushi'n paydali'li'g'i';

-birinshi ha'm mu'ta'jlik bolg'anda, basqa betlerdin' ko'rgizbeli ko'rinisi;

-qa'rjetler ha'm baha prognozi';

-redakciya ta'repinen jazi'li'wshi'larg'a ko'rsetiletug'i'n servis yai qosi'msha xi'zmetlerdi sho'lkemlestiriw.

Sati'w bazari' a'sirese, inveticiyalarg'a mo'lsherlengen bolsa, rejenin' yen' a'hmiyetli bolimlerinin' biri.A'yne waqi'tta wol yen' quramali' bo'lim, sebebi bazardi' teren'nen izertlewdi talap yetedi,bull G'XQ bazari' haqqi'ndag'i' informaciyani'n' sheklengenligi sebepli ha'r qashan da an'sat bola bermeydi.

Bo'limde to'mendegilerdi ko'rsetiw kerek:

-bazar segmenti, woni'n' jag'dayi',ko'lemi;

-gazeta qari'ydarlari' qatlami';

-bazar konyunkturasi'.

4.Ba'seki.

Bul bo'lim sati'w bazari' bo'limin dawam yettiredi,biraq tek bazar qatnasi'g'i'n yemes,ba'lkim, wog'an kirip bari'wdi' da ko'rsetedi. Bo'limde statistikali'q ha'm de analitikali'q izertlewlerdi ko'rsetiwmaqsetke muwapi'q.

-tirajlar ha'm ja'miyetlik ta'sir boyi'nsha yen' iri ba'sekileslerdin' dizimi;

-olardi' sati'wlar wo'lemi, daramatlar;

-olarda sizin' wo'nimin'izge uqsag'an jan'a wo'nimlerdi islep shi'g'ari'wdi' yengiziwdin' bar-joqli'g'i'n ko'rsetiw;

-ba'sekilesler gazetasi'ni'n' si'pati' ha'm dizayni'na tu'sinik beriw;

- ba'sekileslerdin' baha siyasati'n ko'rsetiw;

Marketing strategiyasi' bo'limde to'mendegilerdi wo'z ishine alg'an marketing rejesi usi'ni'li'wi' kerek:

-tarqari'w si'zi'lmalari' ha'm ko'lemleri;

-Wo'z wo'nimine baha belgilew;

-reklama sati'wdi' xoshametlew usi'llari';

-paydalani'wshi'lardi'n' shag'i'mlari' boyi'nsha ha'reketlerdi sho'lkemlestiriw;

-o'z baspasi' haqqi'nda ja'miyetshilik pikirin ju'zege keltiriw.

Islep shi'g'ari'w rejesinin' bas wazi'ypasi' siz baspalardi'n' za'ru'r mug'dari'n za'ru'r mu'ddetlerde tayarlaw mu'mkinshiligine iye yekenligin'izdi yesap-kitaplar menen tasti'yi'qlaw.A'meliy wazi'ypa sati'wlardan payda ali'udi' baslaytug'i'n da'wirge shekem gazeta tayarlaw ushi'n baslang'i'sh kapitaldi'n' jeterlgin ko'rsetiwge taqaladi'.Bunda payda islep shi'g'ari'wdi' dawam yettiriw ushi'n jeterli boli'wi' kerek. To'mendegiler ko'rsetiledi:

-islep shi'g'ari'w qanday (o'ziniki ijarag'a ali'ng'an) islep shi'g'ari'w kuwatlari'nda ju'ritiliwi;

-tovar ha'm xi'zmetlerdi jetkerip beriwshiler;jetkerip beriw sha'rtleri;

-o'nim si'pati'n baqlap bari'w dizimi;

-reje basqi'shlari' boyi'nsha shamali'q shi'g'i'mlar.

Sho'lkemlestiriw rejesi redakciyani'n' barli'q islerin basqari'wdi' sho'lkemlestiriwdin' to'mendegi sistemasi' ko'rsetiledi:

– xi'zmetkerler, wolardi'n' bilim da'rejesi, jumi'slardi' sho'lkemlestiriw, redakciya ha'm bo'limlerdi basqari'w qa'bileti;

– sho'lkemlestiriw sistemasi'n qa'liplestiriw ha'm woni' ta'miyinlew;

– redakciya bo’limindegi jumi’slardi’n’ mazmuni’;

– qa’nigelerge bilimin jetilistiriw talaplari’ ha’m wolarg’a yerisiw jollari’;

– qa’nigelerdi ja’mlew derekleri ha’m usi’llari’;

– miynetke haqi’ to’lew fondi’ ha’m haqi’ to’lew tu’rleri.

Yuridikali’q reje to’mendegilerdi wo’z ishine aladi’:

– sho’lkemlestiriw formalari’, redakciyani’n’ huquqi’y tiykarlari’;

– redakciya xi’zmetin ta’rtipke salatug’i’n tiykarg’i’ hu’jjetler[1].

Gazeta redakciyalari’nda puxta islengen biznes reje a’melde redakciyani’n’ ekonomikali’q xi’zmetinin’ modeli yesaplanadi’. Ha’zirgi ekonomikali’q bazar qatnasi’g’i’ sha’rayati’nda barli’q redakciyalar mediabiznes penen shug’i’llani’wi’ za’ru’r ha’m sog’an ma’jbu’r boladi’.

«Mediabiznes»- bul jurnalistika tarawi’na sin’isip ati’rg’an jan’a atamalar qatari’na kiredi. Bo’lek ali’p qarag’anda «media» ha’m «biznes» angilishan tilinde a’dewir waqi’ttan beri bar bolg’ani’ menen yekewinin’ qosi’li’p jazi’lg’andag’i’ ha’zirgi mazmuni’ xabar qurallari’ ekonomikali’q bazar qatnasi’g’i’ talaplari’ tiykari’nda isley baslag’anli’g’i’ jan’asha tu’s aldi’.

«Media» so’zi ha’m bir qatar Evropa xali’qlari’ni’n’ leksikasi’nda «mass media», massmedia yamasa media boli’p paydali’nadi’. Bul kominikatciya qurallari’, yag’niy gazetalar, radio, televedine degendi bildirip, xali’q massasi’na qarati’lg’an ma’limleme da’regi degendi an’latqan. Soni’n’ ala bug’an qabelli televedine, gazeta-jurnallar, kitaplar diskalardi’ da qosatug’i’n boldi’. Demek, bul ken’ xali’q massasi’na qarati’lg’an informaciyali’q qural yeken.

Al, «biznes» bolsa, angilishan tilinde bisness so’zinen ali’ng’an boli’p, bayli’q artti’ri’wdi’n’ da’regi bolg’an isbilermenlik penen shug’i’llanatug’i’n g’ayratker, talapker degende jaqi’n keledi. XXI a’sirge kelip, massali’q media ha’m biznes haqqi’nda tu’rli ilimiy tioriyali’q ja’ne a’meliy ta’jiriybeden toplag’an kitaplar, monogirafiyalar payda boldi’. Woni’n’ bazari’ da ku’n sayi’n toli’si’p ati’r.

[1] Bosma ommaviy axborot vositalarida media-biznesni yuritish asoslari. – Toshkent: «NORMA» MChJ. 2008. – B. 145.

Bu’gingi ku’ni derlik barli’q redakciyalar isbilermenlik penen shug’i’llani’w ushi’n mu’likshilik tu’rine aylani’p, xojali’q ju’ritiwdin’ O’zbekistan Respublikasi’ Ni’zamlari’nda belgilengen forumlari’ni’n’ birine jerkilikli ha’kimyatlardan dizimnen wo’tip mediabiznesti baslaydi’. Buni’n’ ushi’n wolar, yen’ aldi’ menen redakciya mu’lkinin’ iyesi kim, qarji’lar qalay jumsaladi’? –degen ma’selelerdi sheship ali’p, wo’z Ustavi’na kirgizedi.

Redakciyalar ushi’n ayri’qsha ko’zde tuti’latug’i’n na’rse, xojali’q ju’ritiwdin’ formasi’n tan’lag’anda, bas maqsetti payda, bayli’q toplawg’a qarati’wi’ kerek. Yeger wolay islense, wonda gazeta yamasa g’alaba xabar qurallari’ redakciyalari’ni’n’ qay-qaysi’si’ da tiykari’nan reklama menen shug’i’llani’p ketip, wo’zinin’ «massmedia», yag’niy xali’q massasi’na informaciya, u’git-na’siyat, ta’lim-ta’rbiya ha’m jan’ali’q jetkeriwshilik wazi’ypasi’n kem-kem qi’si’p shi’g’ari’p, payda quwi’p ketedi. Sonli’qtan da, woni’n’ Ustavi’ ha’m jumi’s rejesinde ani’q ko’rsetilgen boli’p, tapqan payda redakciyani’ni’n’ materialli’q-texnikali’q vazasi’n bekkemlew, jurnalistlerdin’ turmi’s da’rejesin jaqsi’law, wolardi’n’ bilimli ha’m do’retiwshilik sheberligin jetilistiriw, redakciyani’n’ xali’q arali’q arenag’a shi’g’i’wi’ ushi’n mu’mkinshilikler jarati’w usag’an persektivali’ u’lken maqsetlerge qarati’li’wi’ kerek.

«Menejement»- (fransuzsha so’z boli’p, xojali’q jumi’slari’ menen shug’i’llani’w)–na’tiyjeli wo’ndirislik xizmetin tayarlaw, usi’llari’ ha’m dereklerinin’ ji’yi’ndi’g’i’, degendi an’latadi’. Bazar qatnasi’qlari’ rawajlang’an ma’mleketlerge menejementtin’ tarmaqlari’ san-sanaqsi’z. Woni’ u’yrenip, shi’g’ari’p ati’rg’an, wog’an woqi’tatug’i’n bilimlendiriw woraylari’ du’nya ju’zi boylap yen jayg’an. Bul joldi’ tanlag’an ma’mleketlerdin’ ko’pshiligi ekonomikali’q jaqtan tez rawajlani’p ketti. Xali’qti’n’ bir bo’legi ha’dden ti’s bayi’p, worta da’rmiyan baylardi’n’ sani’ ko’beyip barmaqta.

G’alaba xabar redakciyasi’ da ja’ma’a’tti basqari’wdi’n’ usi’nday forma ha’m usi’llari’na wo’tti. Ja’ma’a’tti basqari’wshi’ menejer (russha menedjer)ler komandasi’ payda boldi’. Demek, redakciya ja’ma’a’tti yekige, yag’niy

do’retiwshilik ha’m ekonomikali’q boli’p bo’line basladi’. Birinshi bo’limge jurnalistler, a’debiy xizmetkerler menen xabarshi’lar, gazetani’n’ basi’li’p shi’g’i’wi’na juwapker texnikali’q xizmetkerler kirsew, yekinshi ekonomika, isbilermenlik ha’m reklama bo’limlerinen ibarat boladi’. Bul bo’limlerdin’ wazi’ypalari’ ani’q bo’listirilgen boli’p, ha’r birinin’ wo’z basshi’lari’ bar. Do’retiwshilik bo’limine bas redaktor, al ekonomikali’q bo’limge bas menejer basshi’li’q yetedi.

Jurnalistler bas redaktor basshi’li’g’i’nda gazetani’ shi’g’ari’w ushi’n za’ru’rli do’retiwshilik jumi’si’ menen, al texnikali’q redakciya sekretariat basshi’li’g’i’nda gazeta shi’g’ari’wg’a baylani’sli’ barli’q wazi’ypalardi’ atqaradi’. Redakciyani’n’ ekonomikali’q bo’limlerdegiler bas menejer basshi’li’g’i’nda materialli’q vaza du’ziw ha’m woni’ bekkemlew menen shug’i’llanadi’.

Redakciyada menejement duri’s jolg’a qoyi’li’p, wo’zinin’ rawaji’n tapsa g’ana gazeta redakciyasi’ ekonomikali’q yerkinlikke shi’g’adi’, sonda g’ana wo’miri uzaq boladi’. Mediabazar ba’sekisine shi’dam berip, wo’z awdiotoriyasi’n barg’an sayi’n ken’eytip baradi’. Gazetani’n’ qi’zi’qli’ ha’m sapali’ shi’g’i’wi’na mu’mkinshilik tutadi’. Ja’ma’a’ttin’ barli’q ag’zalari’ a’ste-a’ste menejement si’rlari’n wo’zlestirip baradi’ ha’m az qarji’ jumsap, jaqsi’ wo’nim shi’g’ari’wg’a tali’pi’nadi’, u’nemlikke u’yrenedi.

Solay yetip, redakciya islerin jobalasti’ri’wda redakciyali’q biznes is rejesi gazetani’n’ bazar ekonomikasi’nda jasap ketiwine tiykar boladi’. Biznes rejelestiriwdin’ tiykarg’i’ maqseti redakciyani’n’ finansli’q jag’dayi’n jaqsi’lawg’a ha’m soni’n’ tiykari’nda gazetani’n’ u’zliksiz shi’g’i’p turi’wi’na xi’zmet yetedi.

## 3.2. Redakciya jumi'slari'n jobalasti'ri'wda mediabiznes tiykarlari'

XXI a'sirge kelip, g'alaba xabar qurallari'ni'n' rawajlang'an joqari' texnologiya tiykari'ni'da, jer ju'zlik globallasi'w processi jurnalistikani', tiykari'nan, informaciyali'q ken'sizlikti birinshi iyelew ha'm media bazarg'a shi'g'ari'p sati'latug'i'n wo'nimge aylandi'ri'p ati'rg'an bir da'wirde redakciyalarg'a wo'z jumi'slari'n aldi'n ala jobalasti'ri'w kerek pe, degen sorawlar payda bolmaqta.

Televidenie ha'm radio g'ana yemes, gazeta redakciyalari'ni'n' jumi'slari'da du'nyada boli'p ati'rg'an ku'ndelikli wo'zgerislerge qarap ku'n sayi'n wo'zgeredi, usi'ndayda ani'q bir jobani' bulji'tpay wori'nlawi' qi'yi'n ha'm za'ru'rligi de joq, deydi wolar.

Xali'q xojali'g'i'ni'n' qa'legen tarawi' menen ja'miyetlik sho'lkemlerde, a'zel-a'zelden:

-jobalasti'ri'w – bul belgilengen wo'ndirislik ta'rtip qanday da bir perspektivali' jumi'sti', iske asi'ri'li'wi' kerek ilajdi', jaqi'n keleshekkke mo'lsherlengen da'stu'rdi izbe-iz wori'nlap bari'wdi'n' joybari', waqti', mu'ddeti ha'm maqseti;

-unamli' wo'ndirislik-ekonomikali'q korsetkishlerge yerisiw jollari'ni'n' jalpi' harakteristikasi';

-ha'zirge ilimiy-texnikali'q revolyuciya da'wrinde materialli'q – texnikali'q bazani' jetilistirip, wo'ndirislik talaplarg'a sa'ykeslendiriw;

-xi'zmetkerlerdin' socialli'q jag'dayi' ha'm qa'niygeligin artti'ri'w;

-xi'zmetkerlerdi materialli'q –moralli'q xoshametlew jollari'n jetistirip wolardi'n' wo'mirdeni belsendiligin artti'ri'p bari'w ha'm kadi'rlardi' wori'nli' worni'na qoyi'w usag'an bir neshe wazi'ypalar ji'yi'nti'g'i'nan ibarat.

Baspaso'z de xali'q xojali'g'i'nda ja'miyetlik basqari'wdi'n' bir bo'legi si'pati'nda rawajlani'p kiyati'r.Ha'zirgi waki'tqa kelip, du'nya ju'zinde yen jayg'an ko'p tarmaqli' gazeta ha'm ha'ptеliklikler, jurnallar redakciyalari'

payda boldi’. Ma’selen, Rossiyadan shi’g’atug’i’n «Argumenti’ i fakti’» ha’ptelik gazetasi’ni’n’ 2008-ji’lg’i’ tiraji’ 2 million 921 mi’n’ 170 danag’a jetken bolsa, woni’n’ 142 mi’n’ danasi’ Rossiyadan ti’sqari’ si’r yellerge tarqaydi’. Bul ha’ptelikti du’nyani’n’ ko’p g’ana yellerinde ushrati’wg’a boladi’. Gazeta sani’ ha’m ko’p tarqali’wi’ boyi’nsha jer ju’zlik Ginnesstin’ rekortlar (1955-ji’ldi’n’ avgusti’nan berli Angliyada, ha’zir du’nyani’n’ 35 tilinde shi’g’i’p turg’an yen’ ataqli’ ha’m ko’p tirajli’) kitabi’na kirdi. Al, AQSh ta shi’g’atug’i’n «Nyu York tayms», «Vashinton post», franciyada «Mond», Germaniyada «Frankfurter algemayne caytung» gazetalari’ da du’nyag’a millionlap tiraj benen tarqaytug’i’n gazetalar. Wolardi’n’ xali’q arali’q tarmag’i’ ku’shli rawlani’p, melia magnatqa aylang’an. Wolarda bir neshe mi’n’lag’an adamlar miynet yetedi. Demek, usi’nsha ko’p tarmaqli’q ja’ma’a’ti basqari’p, wolardi’ bir ideyag’a bag’darlap, redakciyani’n’ za’ru’r bolsa ku’ni-tu’ni islewi, sonshama ko’lemdegi gazeta betlerin tolti’ri’p, teleradioni’n’ sutkalap dawam yetetug’i’n ko’rsetiwleri menen yesittiriwlerin u’ziliske tu’sirmew ushi’n qatan’ ta’rtip, ani’q joba kerek bolatug’i’nli’g’i’ wo’z-o’zinen ko’rinip turg’ani’na isenip payda yettik.

Elde ju’rip ati’rg’an rawajlani’w ha’m jan’alani’w bari’si’, ja’miyetlik wo’mirdegi qarama-qarsi’li’qlar, du’nya wo’zgerisleri g’alaba xabar qurallari’nda woperativ tu’rde sa’wlelenedi. Wol ushi’n ha’r bir redakciyani’n’ barli’q buwi’nlari’nda wo’z-ara baylani’sli’ u’ziliksiz jumi’s boli’wi’ kerek. Sonda g’ana redakciyalarda (uli’wma ja’maa’tlik miynettin’ barli’q ko’rinislerinde) stixiyali’, yag’ni’y dus kelgen jumi’s penen shug’i’llani’p, yendi qanday jumi’s shi’g’ar yeken dep ku’tip woti’ri’wlar bolmaydi’. Ha’r bir jurnalist tosattan payda bolg’an woperativ tapsi’rmani’ wori’nlap bolg’annan keyin, wo’zi jobalasti’rg’an, redakciyani’n’ uli’wma jobasi’na kirgen wazi’ypa menen shug’i’llanadi’.

Redakciyali’q joba (plan) konkret bag’darlamag’a tiykarlang’an belgili mu’ddetke du’ziledi. Woni’n’ woqi’wshi’lar auditoriyasi’ ani’q boladi’. Gazetani’n’ ideyali’q bag’dari’na qaray qa’liplesedi. Ku’ndelikli turmi’sta ju’z

bergen wo’zgerislerge qaray biyimlestiriledi, wo’zgertiledi, tematikali’q jaqtan toli’qti’ri’ladi’.

Jobalasti’ri’wdi’n’ aldi’n ala belgili bolatug’i’n bir neshe derekleri bar. Ma’selen, ra’smiy derekler haqqi’nda toqtaytug’i’n bolsaq, bul joqari’ ma’mleketlik worganlardan xabar agentligi ha’m basqa da jollar menen keletug’i’n direktivali’q hu’jjetler . wolardi’n’ ishinde barli’q g’alaba xabar qurallari’nda beriletug’i’n, al ayi’ri’m basi’li’mlar ushi’n ma’jbu’riy materiallar, yag’ni’y sezd, konfererciya joqarg’i’ ha’m to’mengi palatalar, saylaw wokruglerinin’ yesabati’ menen bildiriwleri, jan’a ni’zamlar, pa’rmanlar menen qararlar, ma’mleketler arali’q qatnasi’qlarg’a baylani’sli’ xabarlar, xali’qti’n’ ken’ massasi’na jetip bari’wi’ tiyis ni’zamli’q aktler menen rejeler (sali’q, baji’xana, si’rt yellerge shi’g’i’w, byudjetke baylani’sli’ ma’limlemeler) usag’an ko’p g’ana ra’smiy materiallar boladi’.

Bunday dereklerdin’ yekinshi bir tu’ri, bul stixiyali’, ra’smiy yemes materiallar ag’i’mi’ boli’p yesaplanadi’. Wol redakciya pochtasi’ arqali’ keletug’i’n jergilikli xali’q turmi’si’na baylani’sli’ xatlar, turaqli’ avtorlardi’n’ siyasiy, ilimiy, a’debiy maqalalari’ menen birge, redakciya xi’zmetkerleri, wori’nlardag’i’ wo’z xabarshi’lari’ni’n’ bu’gingi ku’n temasi’nda sho’lkemlestirilgen materiallari’ boli’wi’ mu’mkin.

Jobalasti’ri’w ta’rtibi yeki ta’repli boladi’. Birinshisi xabarshi’lardi’n’, arnawli’ ha’m wo’z xabarshi’lari’ni’n’ jeke is jobasi’nan, bo’limlerdin’ shtattan ti’s avtorlarg’a bergen tapsi’rmalari’nan uli’wma redakciyali’q joba, yag’ni’y to’mennen joqari’ qarap, al, yekinshisi joqari’dan to’menge qarap du’ziliw mu’mkin. Bunday waqi’tta joqari’da atap wo’tilgen xi’zmetkerler redaktordi’n’, redkollegiya ha’m redakciya bo’limleri basshi’lari’ni’n’ tapsi’rmasi’ boyi’nsha wo’z is jobalari’n du’zedi yamasa toli’qti’radi’.

Qanday bolg’anda da, ha’r bir redakciya Jan’a ji’l, Nawri’z ha’m G’a’resizlik bayramlari’na, Watan qorg’awshi’lari’, Yeslew ha’m qa’dirlew, Xali’q arali’q balalar, Ekologiya, Na’shebentlikke qarsi’, Teatr ku’nleri menen bilimlendiriw, Den sawli’qti’ saqlaw, G’alaba xabar xizmetkerleri ku’nlerine

usag'an milliy ha'm jer ju'zlik ka'siplik bayram ku'nlerine arnap gazeta sani'n, ko'rsetiw ha'm yesittiriwlerdi ji'l dawami'na jobalasti'radi'. Sol ku'nlerge arnalg'an gazetani' yag'niy da'stu'rlerdi ayri'qsha do'retiwshilik izleniwshilik penen qi'zi'qli' yetip beriwge aldi'n ala tayarli'qlar ko'riledi. Bunday sanlarda regionlardan ha'm xali'q xojali'g'i'ni'n' jetekshi tarawlari'nan ten' salmaqli'qti' saqlap, wolardag'i' ayri'qsha ko'zge tu'sken wobekt ha'm qaharmanlar geografiyasi'n ten'lestiriwge kewil bo'linedi.

Bazar ekonomikasi'na i'layi'qli' tu'rde gazetani' islep shi'g'i'w ushi'n redakciyani'n' tiykari'n sali'wshi' ha'm basshi'si' mediabiznes penen shug'i'llani'wi' za'ru'r. Mediabiznessiz redakciyani'n' bar boli'wi'n ekonomikali'q, finansli'q ha'm texnikali'q bazasi'n ha'm gazetani'n' basi'p shi'g'ari'wi'n ta'miynley almaydi'. Biz bilemiz ka'rxanada is ali'p bari'wi'mi'z ushi'n yuridikali'q shaxsqa iye boli'wi'mi'z kerek.

Huqi'qi'y sho'lkemlesiw yeki tu'rge bo'linedi. Birinshi tu'rge, redakciyani' du'ziwshiler aladi', yegerde woni'n' basli' maqseti xi'zmet waqti'nda da'ramatti' tarti'p ali'w boli'p yesaplansa, bul jag'dayda redakciya ma'mleketlik yaki bolmasa municipalistlik mekemede yesapqa ali'ni'w yen' basli' maqseti da'ramatti' wo'ndirip ali'w bolsa, wonda woni' yuridikali'q shaxsti' ja'miyette sheklengen juwapkershilik yamasa bolmasa qosi'msha juwapkershilikke tarti'li'w arqali' tu'rinde dizimge ali'nadi'. Bul formalardi'n' ha'r qaysi'si' wo'zine ta'n ayri'qshali'g'i'na, islep shi'g'ari'wda kirgen da'ramati', wo'zinin' jeke huqi'qi'y balansi'na iye boli'wi', banklerde wo'zlerinin' scheti'n ashi'w kerek, wo'zinin' mo'rine iye boli'wi' kerek, basi'p shi'g'ari'w ha'm wo'nimnin' bilgeri, ha'm de gazetani'n' wo'zine ta'n ati' boli'wi' kerek.

Mi'sali', redakciya - avtonomiyali' kommerciyali'q yemes sho'lkem duziwshilerdin' kelisimi arqali' to'lengen mu'lkler-eldin' administraciyasi', qalalar, grantlar ha'm de basqada sho'lkemlerdin' ha'm adamlardi'n' ja'rdemi arqali' belgilenedi. Woni'n' yen' basli' maqseti – tuti'ni'wshi'lardi'n' uli'wma talabi'n qanaatlandi'ri'w boli'p tabi'ladi'.

Sho'lkemnin' basqa ayi'rmashi'li'g'i' xojali'q ha'reketinin' gazeta redakciyasi'nda, saylag'ano'zinin' yuridikali'q shaxs formasi'ni'n' registraciyasi' – akcionerlik ja'miyet boli'p yesaplanadi'. Bul huqi'qi'y sho'lkemnin' yuridikali'q shaxs formasi'ni'n' registraciyasi'n ko'plegen iri redakciyalar saylaydi', xojali'q ha'reketinin' yen' basli' maqseti bolsa da'ramatti' wo'ndiriw boli'p tabi'ladi'.

Bunday redakciyani'n' finansli'q bazasi' ustavli'q fond, du'ziwshilerdin' ha'm iyelewshilerdin' redakciyani'n' mu'lkine aqshalay qarji' aji'rati'w ji'yi'ndi'si' belgilengen mug'darda bo'linedi, qi'mbat bahali' qag'azlar menen belgilenedi – yag'ni'y akciya. Ashi'q akcionerlik ja'miyet redakciyasi' yerkin tu'rde akciya islep shi'g'i'wg'a haqli', qi'mbat bahali' qag'azlar bazari'nda sati'wg'a ha'm wolarg'a jazi'li'yag'a haqi'li', basqa akcionerlerdin' ruxsati'si'z wo'zinin' kapitali'n rawajlandi'radi'. Ekinshi variant – jabi'q akcionerlik ja'miyet (JAJ) Wol akciyani' islep shi'g'i'wda ha'm sati'wg'a yerkin tu'rde huqi'qi'na iye yemes. Wol tek g'ana sheklengen mug'darda anciya islep shi'g'i'w mu'mkin, gazeta tuti'ni'wshi'lar arasi'nda tarqati'ladi' ha'm de woni'n' mug'dari' yeliwden aspawi' kerek.

Redakciyali'q mendjmenttin' talaplari'n yesapqa almay woti'ri'p mediabiznes penen shug'i'llani'w mu'mkin yemes. Ekonomikali'q faktor uli'wma redakciyali'q menedjmentke ko'rsetedi. Woni'n' maqsetin, bag'dari'n ha'm xarakterin ani'laydi'. Redakciyali'q menedjmenttin' yekinshi maqseti redakciyadag'i' xi'zmetkerlerde ekonomikali'q woydi' payda yetiw, wolardi'n' iskerligi redakciyag'a ham gazetani'n' ekonomikali'q bazasi'na ta'sir yetedi.

Redakciya basli'qlari' ha'zirgi waqi'tta xi'zmetkerlerdi basqari'wda bir neshe ekonomikali'q principlerge tiykarlanadi'. Wolardan birewi belgilengen waqi'tta basi'p shi'g'ari'wdan payda keliwi. Tek g'ana payda gazetani'n' bar boli'wi'n ta'miynlep turadi'.

Ekinshi princip basi'p shi'g'ari'wda qarama-qarsi'li'qti' tamiynlew boli'p tabi'ladi'. Da'ramat, tek g'ana basqa islep shi'g'ari'yashi'lar menen shuqi'r konkurentlik tarti'sta bolg'an waqi'tta gana boli'wi' mu'mkin.

U'shinshi princip – ekonomikali'q jetiskenlik redakciya menedjerleri wo'zlerinin' maqsetin jetilisiw ushi'n az karejet, ku'sh ha'm yenergiyani' jumsaydi'.

Redakciyali'q kollektivti yeki bo'lekke bo'lemiz - do'retiwshilik ha'm ekonomikali'q. Birinshi redakciyani'n' do'retiwshilik strukturag'a, bul jerde jurnalistler – basqari'wshi'lar ha'm korrespondentler, ha'm de texnikali'q bolimler xi'zmet yetedi. Al, redakciyani'n' yekinshi bo'limi ekonomikali'q, kommeriyali'q struktura boli'p yesaplanadi'. Ha'r qaysi'si'ni'n' wo'zine ta'n wazi'ypalari', ha'r qaysi'si' basqari'wshi'lari'na iye. Ha'r qaysi'si' wo'z aldi'na qoyi'lg'an wazi'ypalardi' bir-birinen g'a'rezsiz tu'rde atqaradi', ha'm sol waqi'tta bir-biri menen ti'g'i'z baylani'sta boladi'.

Menedjmenttin' wo'ndirislik ayi'rmashi'li'g'i' degende processtin' tayarlani'wi' ha'm baspadan shi'g'i'wi'n yesapqa ali'nadi': qatnasi'yashi'lardi'n' worni'n ha'm rolin, procestin' sha'rtlerin, shi'g'i'n menen baylani'si'n, materiallardi', ku'shti ha'm qarji'ni' u'nemleya mu'mkinshiligi boli'p tabi'ladi'.

Shi'ni'nda da yen' basli' maqset do'retiwshilik iskerlerdin' payda boli'wi' – jurnalistler, wolardi'n' kolemin, kurami'n ha'm strukturasi'n woni'n' ko'lemi jumi'si'n organizaciyasi'n ani'qlaydi'. Bul wo'z gezeginde bir talay ku'shti ha'm ja'ne de kop shi'g'i'ndi' talap yetedi. Wolardi'n' ko'lemi jurnalistlik miynetinin bag'dardag'i' jag'dayg'a baylani'sli', gazetani'n' imidjine, redakciya xi'zmetkerlerinin' miynet haqi'si'nan g'a'rezli boladi'.

Redakciyali'q menedjment redakciyag'a kadrlar ji'ynaw kiredi. Gazetani'n' bas redaktori' taza xi'zmetkerdi iske ali'w yaki almawdi' belgileydi. Bunday redakciya jumi'sshi'lari'n qolayli' da'rejede jaylasti'ri'w - wo'ndirislik menendjmenttin' yen' basli' maqseti.

Kerekli materiallar ushi'n belgili mug'darda shi'g'i'n shi'g'adi', ku'ndelikli redakciyadag'i' xi'zmetkerler ushi'n kerek bolg'an – qag'azlar, fotoapparatlar, kserokopiyalar ha'm basqa da texnikalar ju'da' za'ru'r boladi'. Aylanbali' fondqa – materiallar zapasi', mi'sali', qag'azlar, tayar. Biraq yele a'melge aspag'an wo'nim boli'p yesaplanadi'. Aylanbali' usi'l redakciya xi'zmetkerlerinin'

ayli'g'i'n ha'm uli'wmaaqsha aji'rati'li'wi' woni'n' islep, ha'reket yetip turi'yai' ushi'n a'hmiyetli boladi'. Redakciyani'n' ustavli'q fondi' – baslang'i'sh kapitaldi' ta'miynleydi – aqshalay qarji'lar, redakciyada is baslaw ha'm gazeta basi'p shi'g'ari'wda jetkilikli boli'w ushi'n ta'miynleydi. Redakciyali'q menedjmenttin' finansli'q siyasati'ni'n' maqseti kiristin' shi'g'i'nnan arti'qmashi'li'g'i'n ta'miynlew, da'ramat ali'w ha'm finansli'q jetispewshilikke jol qoymaw. Bunday jag'dayda tek g'ana u'zliksiz tu'rde redakciyani'n' finans transport penen ta'miynlew ushi'n sarplanadi'. Aylanbali' kapitalg'a wo'nim ushi'n za'ru'r bolg'an aqshalay qarji'lar kiredi. Wol redakciya gazeta sati'li'p bolg'annan son' aqsha tu'rinde qayti'p keledi. Aylanbali' kapitali' ja'ne de materiallar ali'w, gazetani' islep shi'g'i'w ushi'n yelektroenergiya, redakciya xi'zmetkerlerine ayli'q to'lew ha'm basqa da shi'g'i'nlar ushi'n kollani'ladi'. Finans bazasi'ni'n' basi'p shi'gari'yai' redakciyani'n' ustavli'q fondi' ta'miynleydi. Ustavli'q fondi'ni'n' qurami'na tiykargi' ha'm aylanbali' fond kiredi. Aylanbali' fondqa – materiallar zapasi', mi'sali', qag'azlar, yele a'melge aspag'an wo'nim boli'p yesaplanadi'. Aylanbali' usi'l redakciya xi'zmetkerlerinin' ayli'g'i'n ha'm uli'wma aqsha qarji' aji'rati'li'p woni'n' islep turi'w ushi'n a'hmiyetli boladi'. Redakciyani'n' ustavli'q fondi' baslang'i'sh kapitaldi' ta'miynleydi – aqshalay qarji'lar redakciyada is baslaw ha'm gazeta basi'p shi'g'ari'wdi' jetkilikli boli'w ushi'n ta'miynleydi. Redakciyali'q menedjerlerdin' finansli'q siyasatti'n' maqseti kiristin' shi'g'i'nnan arti'qmashi'li'g'i'n ta'miynlew, da'ramat ali'w boli'p yesaplanadi'.

Bunday jag'dayda tek g'ana u'zliksiz tu'rde redakciyani'n' finans jag'dayi'n tekserip turg'an jag'dayda jetisiwge boladi'.

Gazetali'q qag'azdi' tipografiyada to'lew jen'ilirek keshedi, wol jerde tiraj basi'p shi'g'ari'ladi', a'dette tipografiya redakciyag'a qag'azdi' 6stine azg'ana pul qoyi'p satadi'. Tipografiyali'q jumi'sqa da bir qansha aqshalay qarji' jumsaladi'. Woni'n' ko'lemi bir neshe faktorlar menen belgilenedi. Tipografiyani' saylawda ha'm baspani'n' tu'ri kiredi. Wo'zinin' tipografiyasi'na iye bolg'an redakciya jaqsi'raq jag'dayda boladi'. Lekin woni' quri'w ushi'n ko'p qa'rejet sari'planadi'.

Qarama-qarsi' jag'dayda bolsa redakciya menedjerleri basi'p shi'g'ari'w bazari'na shi'g'i'p tipografiya izlewge ma'jbu'r boladi'.

Shi'g'i'nni'n' ko'lemi tipografiyada basi'p shi'g'ari'lg'an gazetag'ada baylani'sli'. En' arzan joqari' da'rejeli pechat boli'p tabi'ladi'. Biraq bazi'da to'men da'rejede poligrafiyali'q jag'dayda ko'rsetedi.

Redakciyada basi'p shi'g'ari'w ushi'n az da bolsa mag'li'wmat boli'wi' kerek, yag'ni'y gazetani'n' nomerlerin tayarlaw ushi'n za'ru'rli. Bul sonday informaciya redakciya jurnalistleri woni' ta'miynley almaydi', biraq wol gazeta woqi'wshi'lari'na ju'da' za'ru'r. Redakciya wo'z mekemesine iye bolg'annan son', wol ma'mleket aldi'nda sali'q to'lew ma'jbu'riy boli'p tabi'ladi'. Gazetani' tayarlawda ha'm basi'p shi'g'ari'w menen baylani'sli'. Pul balansi' du'zilgen boli'wi' kerek. Ma'sele sonnan ibarat redakciyani'n' finansli'q menedjmenti woni'n' paydasi' shi'g'i'nnan ko're basi'm boli'wi'na yerisiwi da'ramat ko'riw, basi'p shi'g'ari'wdi'n' da'rejesin ko'teriw, bazar sawdasi'nda woni' bekkemlew boli'p tabi'ladi'. Bul tek uli'wma redakciyani' basqari'p ha'm wonnan bilgen jag'dayda g'ana yerisiwge boladi'.

Gazeta tiraji'ni'n' a'melge asi'wi'nan tu'sken da'ramat uzaq waqi't dawami'nda saqlani'wi' ba'rshe redakciya gazetalari' ushi'n a'hmiyetli boli'p yesaplanadi'. Woni'n' bazar ekonomikasi'na kirgennen son' ma'nisi birden to'men tu'sip ketti, gazeta yendi pul ushi'n bar bola almaydi', redakciya woni' tek tiraj arqali' a'melge asi'ra aladi'. Biraq ha'zirgi waqi'tta bul kiris statyada redakciyani'n' byudjetin quraw ushi'n bir qansha roldi atqaradi'.

Redakciya gazetasi'ni'n' tirajli'q politikasi'na mi'nalar kiredi, gazetani'n' yen' qolayli' tiraji'n ani'qlaw, usi' tirajdi'n' strukturasi', ha'm de gazetani'n' yen' qolayli' bahadag'i' nomeri. En' qolayli' gazetani'n' tiraji' degenimizde redakciyani'n' yen' ko'p da'ramatti' kelip tu'siwinin' a'melge asi'ri'li'wi' boli'p tabi'ladi'. Woni'n' ani'qlani'wi' ushi'n yen' minimal tirajdi' yesaplaydi', uli'wma gazetani'n' tayarlani'wi' ha'm basi'p shi'g'ari'li'wi' ushi'n kerek bolg'an qa'rejetti ko'rsetip beredi. Redakciya tiraji'ni'n' politikasi'nda gazeta tiraji'ni'n' strukturasi' bir qansha ma'niske iye. Gazeta redakciyasi' yeki bo'limnen ibarat

jazi'li'w tiraji' ha'm usaqlap sati'w tiraji'. Redakciyani'n' basi'p shi'g'ari'wda, sheklengen specializaciyalang'an auditoriya ushi'n woqi'wshi'lardi'n' qi'zi'g'i'wshi'li'g'i' ha'm professiyasi', wolar tek g'ana jazi'li'w tiraji'na kiredi. Kerisinshe, keshki gazeta redakciyasi' ha'm ja'nede mag'li'wmat beriwshi, kewil ko'teretug'i'n baspadan shi'g'ari'wshi'lar usaqlap sati'w tiraji' yesaplanadi'. Menedjer gazeta ushi'n wolayli' bahani' belgilew kerek. Redakciyani'n' – nomerdi baspadan shi'g'ari'w ushi'n ketken shi'g'i'ndi', qag'azlardi'n' bahasi'n ha'm tipografiya jumi'slari' kiredi.

Redakciyali'q menedjmenttin' tiykarlari'nan biri ha'm jetiskenlikke yerisiwi marketing boli'p tabi'ladi'. Birinshi gezekte ha'm yen' a'hmiyetli ma'sele marketologti'n' aldi'na qoyi'lg'an maqset gazetani'n' izbe-iz baspadan shi'g'ari'li'wi'. Marketologti' byulletenler, jurnallar da qi'zi'qti'radi', sebebi wol ja'ne qosi'msha da'ramat ali'p keledi. Marketingtin' ja'ne bir maqseti - qarama-qarsi' basi'p shi'g'ari'wlardi' wolardi'n' jetiskenligin ha'm kemshiligin u'yrenip shi'g'i'w boli'p tabi'ladi'. Marketingden gazetani'n' alg'a ilgerilewi g'a'rezli boladi'. Marketingta alg'ya ilgerilew ha'm brendlik basi'p shi'g'ari'wdi' qollani'w boli'p yesaplanadi'. Brend (inglis tilinen ali'ng'an BRAND-tamg'a, ni'shan) degendi bildiredi. Bul redakciyani'n' menshik mu'lki boli'p, ni'zam jag'dayi'n tani'sti'ri'p turadi'. Wo'nimnin' brendi qa'legen wo'nim si'yaqli' sati'ladi' ha'm sati'p ali'nadi'.

Keyingi ekonomikali'q ha'reketinin' wo'siwi gazeta redakciyasi'nda tez pa't penen rawajlani'p ha'm tez pa't penen qi'sqari'p ati'r. Immanentlik qollani'li'w woni'n' bir bag'dardag'i' boli'p, ta'biyat penen baylani'sli', gazetani'n' si'pati' ha'm xarakteristikasi' woni'n' massali'q informaciya wo'nimi si'pati'nda quraydi' dep ayti'wg'a boladi'. Qa'legen kommerciyali'q mekemede wo'nimdi sati'p ali'wshi'lar mag'li'wmatlar toplami'nan uwayi'm shegedi. Bunday procesti wo'tkiziw ushi'n ko'p ku'shti, waqi'tti' ha'm shi'g'i'ndi' talap yetedi. Biraq redakciyada bunday mag'li'wmatlar yerkin ha'm mut tu'rinde, ji'ynalg'an kvitanciya arqali' jazi'li'wshi' tuti'ni'wshi'lardi'n' ismi, sha'ripi berilgen boli'p,

bul process jen’il kesh yedi. Bul mag’li’wmatlar tek g’ana redakciyani’n’ jeke mu’lki boli’p yesaplanadi’.

Juwmaqlap aytqanda, redakciya jumi’slari’n jobalasti’ri’wda gazetani’n’ finansli’q bazasi’n bekkemlew ha’m woni’n’ reklamali’q, tirajli’q siyasati’n jaqsi’lawda mediabiznes tiykarlari’ u’lken rol woynaydi’. Bul bag’darda yag’ni’y redakciyani’n’ biznes rejesin na’tiyjeli a’melge asi’ri’wda bas redaktor ha’m basqa da menendjerlerdin’ xi’zmeti joqari’ yekenligin ko’remiz.

# JUWMAQ

Gazeta basi'li'mlari'ni'n' auditoriyag'a sapali', tarti'mli' ha'm i'qsham hali'nda jetip bari'wi'nda redakciya jumi'slari'n jobalasti'ri'w u'lken a'hmiyetke iye. Redakciya jumi'slari'n rejelestiriwde Bas redaktordan baslap, ba'rshe xi'zmetkerlerge u'lken juwapkershilik ju'kleydi. A'sirese, redakciya jumi'lari'n jobalasti'ri'wda ha'm sho'lkemlestiriwde sekretariatti'n' atqaratug'i'n xi'zmeti ayri'qsha. Sebebi, gazetani' shi'g'ari'w procesi tikkeley sekretariatti'n' xi'zmeti menen baylani'sli' a'melge asi'ri'ladi'. Sonli'qtanda, sekretariatti' gazeta redakciyasi'ni'n' «ju'regi», wondag'i' jumi's processlerin iske tu'siriwshi «matori'» dep ati'wi'mi'z mu'mkin.

Redakciyani'n' bo'limlerinde tayarlani'p, bo'lim basli'g'i', wori'nbasi'ri', yamasa bas redaktor ta'repinen redaktorlani'p, gazetag'a jariyalawg'a tayar bolg'an materiallar sekretariatqa kelip tu'sedi. Sekretariata ha'r bir material menen tani'si'p shi'g'i'ladi' ha'm woni' gazetani'n' qaysi' sani'na, qaysi' betine, qanday dizayn menen beriw kerekligi jobalasti'ri'ladi'. Usi' materiallar tiykari'nda kelesi gazeta betleri maketlestiriledi ha'm gazetani'n' jan'a sani' jobalasti'ri'ladi'.

Sekretariatti'n' strukturasi' ha'm woni'n' qurami' ha'r gazeta redakciyasi'nda ha'r tu'rli du'ziliske iye boli'wi' mu'mkin. Bunday du'ziliske iye boli'wi'ni'n' tiykarg'i' sebepleri yen' da'slep, gazetani'n' yekonmikali'q bazasi'na, shi'g'i'w jiyligine, tiraji'na baylani'sli' boladi'. Eger «Erkin Qaraqalpaqstan» ha'm «Vesti Karakalpakstana» gazetalari' masali'nda ali'p qaraytug'i'n bolsaq, bul gazeta redakciyasi'nda sekretariatqa u'lken juwapkershilik ju'kletilgen. «Erkin Qaraqalpaqstan» ha'm «Vesti Karakalpakstana» gazetalari' sekretariati'ni'n' qurami'na, juwapli' xatker, woni'n' wori'nbasarlari', kompyuter woperatorlari', dizayner, korrektorlar, gazeta shi'g'ari'wshi' (vi'puskashiy), rayonlar boyi'nsha u'sh wo'z xabarshi'lar atap aytqanda, Shomanay, Qanli'ko'l, Moynaq, Qon'i'rat rayonlari' boyi'nsha wo'z xabarshi'si' (Wo'.Wo'tewliev), Ellikqala, Beruniy, To'rtkil rayonlari' boyi'nsha wo'z xabarshi'si' (Q.Reymov), A'miwda'rya, Xojeli, Taxiyatash rayonlari' boyi'nsha wo'z xabarshi'si' (2015-ji'ldi'n' fevral ayi'na shekem A'.Worazov), sonday-aq, fotoxabarshi' ha'm xojali'q

xi’zmetkerleri kiredi. Demek, sekretariat gazetani’n’ auditoriyasi’ni’n’ ko’leminen, nusqa sani’ni’n’ tiraji’nan, yen’ a’hmiyetlisi gazetani’n’ ekonomikali’q halati’nan kelip shi’g’adi’. Respublikami’zdi’n’ jetekshi gazetasi’ sekretariati’nda da wo’z xabarshi’lardi’ rayonlarg’a bo’listiriwde jetispewshilik ko’zge taslanadi’. Ma’selen, A’miwda’rya, Xojeli, Taxiyatash rayonlari’ boyi’nsha wo’z xabarshi’si’ni’n’ bolmawi’n gazetani’n’ ekonomikali’q jag’dayi’nan kelip shi’qqan dep tu’siniw mu’mkin.

Informacion texnologiyalari’ni’n’ tez pa’t penen rawajlani’p barati’rg’an bu’gingi ku’nde gazeta redakciyalari’ jumi’slari’n aldi’nnan rejelestirip qoyi’w, jobasi’n du’zip shi’g’i’w gazeta sani’n shi’g’ari’wg’a tayar turi’wg’a xi’zmet yetedi. Redakciya jumi’slari’n jobalasti’ri’wdi’n’ tiykari’nda tezlik penen bu’gingi ku’nnin’ talabi’na beyimlesiw, aldi’nnan pikirlew, tu’siniw, principialli’li’q ha’m redakciya islerin ta’rtiplestiriw jatadi’.

Redakciya jumi’slari’n jobalasti’ri’w – bul tiykari’nan belgilengen wo’ndirislik ta’rtip, gazetani’n’ aldi’na qoyg’an perspektivali’ jumi’sti’, isleniwi kerek bolg’an ilajlardi’, jaqi’n keleshekke mo’lsherlengen bag’darlamalardi’ izbe-izlikte, basqi’shpa-basqi’sh wori’nlap bari’wdi’n’ joybari’. Wonda isleniwi ku’tilip turg’an jumi’slardi’n’ rejesi, woni’n’ waqti’, wori’nlani’w mu’ddeti, maqseti ha’m basqada ko’rsekishler wori’n ali’wi’ mu’mkin.

Redakciyani’n’ bo’limleri wo’zinin’ atqaratug’i’n xi’zmet tu’rlerinen ha’m specifikasi’nan kelip shi’g’i’p ayli’q, kvartalli’q ha’m de ji’lli’q rejelerin islep shi’g’adi’. Bul rejeni bo’lim redaktori’ bo’limde islewshi xabarshi’lar menen woylasa woti’ri’p belgileydi ha’m woni’ redakciyani’n’ Bas redaktori’ ta’repinen tasti’yi’qlanadi’. Bo’limnin’ jobasi’nda maqalalardi’n’ temasi’ menen mazmuni’, avtori’, tayar bolatug’i’n waqti’, ko’lemi ha’m tag’i’ basqalar ko’rsetiriwi mu’mkin.

Ma’limleme sistemasi’ni’n’ tez pa’t penen globallasi’p, informaciya dereklerinin’ ha’tden ziyat ken’eyip ati’rg’an bir da’wirde gazeta woqi’wshi’lari’n, a’sirese jaslardi’ milliy ruhta ta’rbiyalap bari’w u’lken a’hmiyetke iye. Sebebi, bu’gingi ku’nde «du’nyada kosmopolitizmdi puxarali’q ja’miyet turmi’s ta’rizinin’

jetekshi principi» dep qarawshi’ «siyasachi’»larda az yemes. Bunday jag’dayda ha’r bir xali’qti’n’ milliyligin ha’m woni’n’ tiykarlari’n saqlap qali’wi’, wo’z qa’diriyatlari’n jeterli da’rejede biliwi, wolardi’ teren’ an’lap jetiwi menen ti’g’i’z baylani’sli’. G’a’rezsizlik idiologiyasi’n ha’m milliy ideyani’ ken’ ja’miyechilikke tu’sindiriwde baspaso’zdin’ worni’ a’hmiyetli.

Sonlaqtanda, gazetani’n’ jan’a sani’ ushi’n materiallardi’ tematikali’q jaqtan jobalasti’ri’wda ha’m tan’lawda milliy qa’diriyat temasi’na ayri’qsha itibar qarati’w bu’ginnin’ aktual ma’selelerinen biri yesaplanadi’.

Bul ma’selede «Erkin Qaraqalpaqstan» ha’m «Vesti Karakalpakstana» gazetalari’ redakciyasi’ materiallardi’ jaylasti’ri’wda u’lken ta’jiriybege iye. «Erkin Qaraqalpaqstan» ha’m «Vesti Karakalpakstana» gazetalari’nda ja’riyalang’an derlik ha’r bir materialda ku’nnin’ jan’ali’qlari’ menen bir qatarda milliy ruhti’ teren’ seziw mu’mkin.

Bu’gingi informacion texnologiyali’q rawajlani’wlar gazeta islerin jobalasti’ri’w bari’si’nda rubrikalarg’a jan’asha jantasi’wg’a tiykar jaratti’. Bunday janalani’wlar respublikali’q ja’miyetlik-siyasiy gazetalar yesaplang’an «Erkin Qaraqalpaqstan» ha’m «Vesti Karakalpakstana» gazetalari’nda da ju’zege kelmekte. Ha’zirgi ku’nde yelimizde ju’z berip ati’rg’an ja’miyetlik-siyasiy, ekonomikali’q, ma’deniyat, sport ham basqada tarawlardag’i’ jan’ali’qlardi’ woperativ turde berip baratug’i’n, gazetalar ishinde ken’ auditoriyaga iye bolg’an respublikali’q basi’li’mlardan sanaladi’. «Erkin Qaraqalpaqstan» ha’m «Vesti Karakalpakstana» gazetalari’nda ko’plegen rubrikalar wori’n alg’an.

Bu’gingi redakciya islerin rejelestiriwde gazetag’a kelgen xatlar u’lken a’hmiyetke iye. Xatlar redakciya menen gazeta woqi’wshi’lari’n bir-birine baylani’sti’ri’wshi’ yen’ ken’ taralg’an qurallardan biri boli’p yesaplanadi’. Gazeta redakciyasi’ islerin rejelestiriwde paydalani’w. Bul yen’ a’hmiyetli bag’dari’ boli’p tabi’ladi’. Sebebi, bunda redakciyag’a kelgen xatlar tiykari’nda redakciya islerin jobalasti’ri’wda nelerge itibar beriw kerekligi, qanday rubrikalardi’ beriw lazi’mli’g’i’, auditoriya redakciya ja’ma’a’tinen qanday tematikani’, dizayi’ndi’

ha’m nelerdi ku’tetug’i’nli’g’i’n u’yrenedi ha’m solar tiykari’nda redakciya islerin rejelestiredi.

Redakciyada biznes is reje woni’n’ finans rejelestiriwdin’ yen’ a’hmiyetli bo’limi yesaplanadi’. Biznes is rejeni tayarlawda redakciyani’n’ finans menedjeri juwapker boladi’, al woni’ ko’rip shi’g’i’wda bas menedjer ha’m bas redaktor juwapker. Biznes is rejede redakciyani’n’ uli’wma shi’g’i’ni’ ha’m da’ramati’n ani’qlaydi’. Biznes is reje ani’q ko’rsetilgen, qati’p qalg’an struktura arqali’ belgilenedi.

Biznes-reje redakciya yaki kompaniya byudjeti menen u’zliksiz baylani’sqan. Byudjet wolardi’n’ basshi’lari’na qol asti’nda ne na’rseler bar yekenligi, gazetani’n’ jan’a sani’n shi’g’ari’w ushi’n qanday qurallardi’ sari’plawi’ ha’m usi’ qurallardi’n’ derekleri qanday yekenligi haqqi’nda ko’rinis beredi. Biznes-reje usi’ qurallardi’ qalay isletiw kerekligin redakciya ja’ma’a’tinin’ jumi’s bari’si’nda wolardi’n’ kelip tu’siwin qalay ta’miyinlew kerekligin ko’rsetedi. Wol ja’ma’a’t basshi’lari’na wolardi’n’ xi’zmetinin’ mo’ljellengen maqsetlerge yerisiwdin’ real sha’rt-sharayatlari’n ashi’p beredi.

Redakciyali’q joba (plan) konkret bag’darlamag’a tiykarlang’an belgili mu’ddetke du’ziledi. Woni’n’ woqi’wshi’lar auditoriyasi’ ani’q boladi’. Gazetani’n’ ideyali’q bag’dari’na qaray qa’liplesedi. Ku’ndelikli turmi’sta ju’z bergen wo’zgerislerge qaray biyimlestiriledi, wo’zgertiledi, tematikali’q jaqtan toli’qti’ri’ladi’.

Jobalasti’ri’w ta’rtibi yeki ta’repli boladi’. Birinshisi xabarshi’lardi’n’, arnawli’ ha’m wo’z xabarshi’lari’ni’n’ jeke is jobasi’nan, bo’limlerdin’ shtattan ti’s avtorlarg’a bergen tapsi’rmalari’nan uli’wma redakciyali’q joba, yag’ni’y to’mennen joqari’ qarap, al, yekinshisi joqari’dan to’menge qarap du’ziliw mu’mkin. Bunday waqi’tta joqari’da atap wo’tilgen xi’zmetkerler redaktordi’n’, redkollegiya ha’m redakciya bo’limleri basshi’lari’ni’n’ tapsi’rmasi’ boyi’nsha wo’z is jobalari’n du’zedi yamasa toli’qti’radi’.

PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR DIZIMI

## I. Normativ-huqi’qi’y hu’jjetler:

1. O’zbekiston Respublikasining Konstituciyasi. – T.: O’zbekiston. 2001. – 115 b.
2. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Konstituciyasi’. – N.: Qaraqalpaqstan. 1993. – 112 b.
3. To’rtinchi hokimiyat: O’zbekiston Respublikasining qonunlari, qarorlari va boshqa hujjatlari to’plami. – T.: Mehnat. 2003. –186 b.

## II. O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti I.A.Karimovti’n’ shi’g’armalari’:

1. Karimov I.A. Ozod va obod vatan, yerkin va farovon hayot – pirovard maqsadimiz. T.8. – Toshkent: O’zbekiston, 2000. –528 b
2. Karimov I.A. Joqari’ ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh. – T.: Manaviyat. 2002. – 174 b
3. Karimov I.A. Milliy istiqlol mafkurasi – xali’q yetiqodi va kelajakka ishonichidir. – Toshkent: O’zbekiston. 1998. –384 b.
4. Karimov I.A. Bizning bosh maqsadimiz-jamiatni demokratiyalashtirish va yangilash, mamlakatni modernizaciya va isloh yetishdir.-T.:O’zbekiston. 2005.
5. Karimov I.A. Havfsizlik va barqaror taraqqiyot yo’lida.T.6.-T.: O’zbekiston. 1998.
6. Karimov I.A. Eng asosiy mezon – hayot haqiqatini aks yettirish. – Toshkent: O’zbekiston, 2009.
7. Karimov I.A. Elimizdi modernizaciyalaw ha’m ku’shli puharali’q ja’miyet quri’w – yen’ a’hmiyetli maqsetimiz // «Erkin Qaraqalpaqstan». 30-yanvar. 2010-ji’l.
8. O’zbekiston Respublikasi Prezidenti Islom Karimovning O’zbekiston Respublikasi Oliy Majlisi Qonunchilik palatasi va Senatining 2010 yil 12

noyabrdagi qo'shma majlisidagi "Mamlakatimizda demokratik islohotlarni yanada chuqurlashtirish va fuqarolik jamiyatini rivojlantirish koncepciyasi" mavzusidagi maruzasini o'rganish bo'yicha / O'quv-uslubiy majmua. – Toshkent: 2010.

## III. Tiykarg'i' a'debiyatlar

1. Muminov A. Jurnalistika ijtimoiy institut si'pati'nda.-T.: O'zbUMIT 2001.
2. Muminov F.A. Qosimova N., Toshpolatova N., Shofayzieva N., Muratova N., Ermatov A. Bosma wommaviy axborot vositalari tahririyatlari uchun qo'llanma. – T.: 2008. – 146 bet
3. Muminov F.A. Sociologiya va jurnalist faoliyati. – T: Universitet. 1994. – 78 b.
4. Usnatdinov Sh. Jurnalistikag'a kirisiw. – – No'kis: Qaraqalpaqstan. 2009. – 184 bet.
5. Gurevich S.M. Gazeta: Vchera, segodnya, zavtra. Uchebnoe posobie dlya vuzov / S.M.Gurevich. – M.: Aspekt Press, 2004. – 288 str.
6. Rabota s pismami v redakcii./Pod red.S.M.Gurevicha.-M.: Vi'sshaya shkola.-1991.-133 b.
7. Samoletov S. Kak delaetsya gazeta? – Sant-Peterburg: SPbGU. 1999. – 44 str.
8. Bekbawliev D. Men redakciyadan – N No'kis: Qaraqalpaqstan. 1993. – 33 bet.
9. Bekbawliev D. Gazeta qalay shi'g'adi'?! – No'kis: Bilim. 2011. – 92 bet.
10. Bosma wommaviy axborot vositalarida media-biznesni yuritish asoslari. – Toshkent: «NORMA» MChJ. 2008. – 264 b.
11. Ernazarov Q. Reportyorlik faoliyatining nazariyasi va amaliyoti.-T.: O'z.MU 2002. – 156. b
12. Xudoyqulov M. Jurnalistika va publicistika.-T.: Universitet. 1999. – 130 b.
13. Jamoa. Hozirgi zamon jurnalistikasi. – Toshkent: «Aloqachi». 2008.
14. Rashidova D. Muratova N. Internet jurnalistika.-T.: 2007.

## IV. Qosi'msha a'debiyatlar

1. Muminov F.A. Texnika sredstv massovoy informacii i propagandi'. – T.: TashGU. 1986. – 45 b
2. Romanovskiy I. MASS MEDIA. Slovar terminov iponyatiy. – M.: Izd. Soyuza jurnalistov Rossii. 2004. – 480 s.
3. Qalekeev Q.J. G'a'rezsizlik da'wirindegi Qaraqalpaqstan baspaso'zinde ruwxi'y rawajlani'w ma'selelerinin' sa'wleleniwi.-No'kis: 2007. – 84 b.
4. Milliy a'debiyati'mi'z bayteregi (a'debiy-kritik maqalalar toplami').- N.:"Qaraqalpaqstan", 1998. – 120 b.
5. O'tegenov J.K. To'rtinshi ha'kimiyat so'zligi. – Nokis: KMU. 2004. – 75 b.
6. Xojamuratov P., Xalmuratov A., Tyugay G. Ruwxi'yli'q sag'asi'. – N.: Bilim. 2014. – 17 b.

## V. Ilimiy jurnallardag'i' maqalalar:

Bekbawliev D. Gazetada rubrika (Qaraqalpaqstan baspaso'zi materiallari' mi'sali'nda) // Berdaq ati'ndag'i' Qaraqalpaq ma'mleketlik universiteti Xabarshi'si'. 2011-ji'l.

## VI. Baspaso'z materiallari':

1. Tojiev S. O'zbekistan siyasiy partiyalari' saylaw juwmaqlari' boyi'nsha brifingler wo'tkerdi. // Erkin Qaraqalpaqstan. 2015. 2-aprel.
2. Jumamuratov A. Aral regioni'nda yekologiyali'q qa'wipsizliktin' aldi'n ali'w tiykarlari'. // Erkin Qaraqalpaqstan. 2014. 6-noyabr.
3. Ermatov F. Ayri'qsha waziypalar, qatan' juwapkershilik. // Erkin Qaraqalpaqstan. 2015. 2-aprel.
4. Gulimbetov S. Taylandtan tabi's penen... // Erkin Qaraqalpaqstan. 2015. 2-aprel.

5. Sultanov Q. Ajiniyaz – lirik shayi'r. // Erkin Qaraqalpaqstan. 1993. 14 fevral;

6. Yusupov I. Xalqi'mi'zdi'n' milliy maqtani'shi' ha'm ruwhi'y ti'msali'. // Erkin Qaraqalpaqstan. 1997. 19 avgust;

7. Bayniyazov Q. Ajiniyaz shayi'rdi'n' qa'biri "Talli'q" bwyi'nan tawi'ldi'. // Erkin Qaraqalpaqstan. 1992. 1 avgust;

8. Mambetov K. Berdaq ha'm tuwi'sqan xali'qlar a'debiyati'. // Ustaz. 1998. 19 dekabr;

9. Paxratdinov A. Ajiniyaz poeziyasi' ha'm shi'g'i's a'debiyati'. // Ustaz. 1999. 1 iyul;

10. Berdaq shayi'r haqqi'nda haqi'yqatli'qlar // Erkin Qaraqalpaqstan. 1997. 13 may.

11. Worazov A'. Tiyisli ilaj ko'riwdi talap yetedi . // Erkin Qaraqalpaqstan. 2015. 13-yanvar

12. Nazarbekov S. Bazarlarda ta'rtip wornati'w – zaman talabi'. // Erkin Qaraqalpaqstan. 2015. 14-aprel

13. «Erkin Qaraqalpaqstan». 2015-ji'l. 7-fevral

## VII. Internet saytlari'

1. http//www.erkinkarakalpak.uz («Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi')